

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
Оксана ХЕТАГУРОВА

Редакция
Ответственный секретарь – Асланбек КАСАЕВ
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2019

МАХ ДУГ

11
2019

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Бæрнон секретарь – КАСАТЫ Аслæнбег
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2019

НОМЫРЫ ИС:

СЫХАДЖЫ ХОРЗÆХ

Муталип БЕППАЕВ. *Æмдзæвгæтæ, эссе* 6
Хасан ШАВАЕВ. *Радзырд* 11
Мадинæ ХАКУАШЕВА. *Радзырд* 19
Зубер ТХАГАЗИТОВ. *Æмдзæвгæтæ* 27
Магомед КУДАЕВ. *Новеллæ* 31
Амина ГАЗАЕВА. *Æмдзæвгæтæ* 41
Владимир МОКАЕВ. *Æмдзæвгæтæ* 45
Светлана МОТТАЕВА. *Æмдзæвгæтæ* 48

НÆ ЮБИЛЯРТÆ

СКЪОДТАТЫ ЭЛЬБРУС: 60 АЗЫ 51
СКЪОДТАТЫ Эльбрус. *Æмдзæвгæтæ* 53

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Нæмыг туджы куы фыхтис… *Уацæ* 64

ПРОЗÆ

ТЛАТТАТЫ Бексолтан. *Радзырдтæ* 73

ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ

СÆЛБИТЫ Дианæ. *Этюдтæ* 83

КЪОСТА – 160 АЗЫ

ДЖУСОЙТЫ Клавæ. Къостайы фæндыры зæлтæ Нафийы сфæлдыстады. *Уацæ* 91

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

Театр «Нартæ». Бæрæгбон хохы 97

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

БРЫТЪИАТЫ Анжелæ. Сывæллæтты литературæ æмæ хъомылады фарстатæ. *Уацæ* 113

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

МАЛИТЫ Хасан. *Радзырдтæ* 125

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 142

СЫХАДЖЫ ХОРЗÆХ

Журнал «Мах дуг» дардæр дæр æххæст кæны нæ сыхаг республикæты фысджытимæ хæлардзинады бастдзинæдтæ. Журналкæсджыты цæстуарзонæй зонгæ кæны фысджыты уацмыстимæ.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ ´рмæст мах кæй не стæм ахæм фæрныг фысымтæ: Цæгат Кавказы республикæты литературон журналтæ дæр ирон поэттæ æмæ прозаикты сфæлдыстадимæ рагæй зонгæ кæнынц сæ кæсджыты.

Тынг арфæйаг хъуыддаг у уый, иттæг хорз æмæ ахадгæ: дзæгъæлы нæ загъдæуыд кæддæрты, зæгъгæ, национ литературæты æмгуыстад амоны алы адæмты хæларæй цард дæр.

Æмæ нæ ныфс ис, фидæн бон дæр уыцы архайд кæй нæ фæсыкк уыдзæн, æнтыстджынæй йæ кæй хæццæ кæндзыстæм фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

Ацы хатт уæ размæ хæссæм балхъайраг æмæ кæсгон фысджыты дзаджджын литературон хуын. Стыр фыдæбон бакодтой нæ тæлмацгæнджытæ дæр. Бузныг сæ стæм, æмæ ма сын æнтысæд ног сфæлдыстадон уæлахизтæ.

«Мах дуг»-ы редакци

МУТАЛИП БЕППАЕВ

Муталип Беппаев райгуырд 13 январы 1949 азы. У Кæсæг-Балхъары республикæйы курдиатджындæр поэттæй иу. Афтæ дзы загъытой Кайсын Кулиев æмæ Лев Ошанин. Поэзиуарзджытæ йын сæ зæрдыл бадардтой йæ чингуытæ балхъайраг æмæ уырыссаг æвзæгтыл «Проснувшиеся скалы», «Бушующий океан», «Эльбрус – белокрылая птица» æмæ æндæртæ.

Йæ уацмыстæ мыхуыры рацыдысты кæсгон, испайнаг, немыцаг, туркаг, украинаг æмæ æндæр æвзæгтыл.

Ныртæккæ у Кæсæг-Балхъары Фысджыты цæдисы сæрдар.

МЫСÆН БОН

Мæ мад!
Цæй стыр донвæдтæ
Фынæй кæнынц
Дæуæн дæ цæсгомыл...
Уыдон
Тагъд райхъал уаиккой,
Мæ фыды ном
Куы фехъусиккой,
Æрмæстдæр уæд.
Уый нал ссыд хæстæй.

ÆВЗÆР АДÆЙМАГÆН

Æз тæригъæд кæнын,
Тæригъæд кæнын уыцы зæрдæйæн,
Кæцы хъарм кæны
Дæуæн дæ æлгъаг буар.
Æз тынг тæригъæд кæнын
Уыцы зæрдæйæн...

МÆ САБИДУДЖЫ БÆЛÆСТÆ

Сындæг,
Тынг сындæг,
Цъиуты балау
Сæхи арвмæ ивазынц
Бæлæстæ,
Мæ сабидуджы бæлæстæ.

ДЫ ÆМÆ ÆЗ

Ды æмæ æз
Цæй æмæ сызмæнтæм
Бон æмæ æхсæвы хуызтæ.
Æмæ сæ баназæм
Сæнау...
Цæй æмæ сызмæнтæм
Бон æмæ æхсæвы хуызтæ
Нæ былтæй
Æз æмæ Ды
Æмæ сæ баназæм
Сæнау...

ИУНÆГÆЙ

Æз
Бадын рудзынджы цур,
Æдде та – æхсæв.
Мæ хъуыдытæ
Уынджы машинæты
Фæсте сурынц,
Хъуамæ сыл æрцауындзæг уой...
Фæлæ цæуылдæр
Сæхи скъуырынц,
Ахауынц...
Мæ цæрæнуаты къултыл
Амæлынц,
Фæсте сæ чи æрбаййафы,
Уыцы

Æгъатыр машинæты
Цæлхыты бын...

КÆСЫН ЦÆСГÆМТТЫ

Библиотекæты
Бирæ чингуытæ ис...
Æз тезгъо кæнын уынгты
Æмæ кæсын
Цæсгæмтты...

ÆЗ ÆУУÆНДЫН

Æз æууæндын,
Мæн фæнды æууæндын
Æмæ æууæндын ныхасыл...
Мæн нæ фæнды æууæндын
Цæстытыл,
Мæнæ мæхи цæстытыл.

ÆЗ ТÆХЫН ÆМÆ ТÆХЫН

Цы бон райдыдтон
Æмдзæвгæтæ фыссын,
Уыцы бон мæхи
Къæдзæхы сæрæй
Фехстон...
Уæдæй нырмæ тæхын
Æмæ тæхын.
Зæххы уæлцъар банкъарын мын
Не 'нтысы, не 'нтысы...
Тæхын нырма,
Тæхын...

Уырыссаг æвзагæй ДАУЫРАТЫ Дамиры тæлмац

МАДÆЛОН ÆВЗАГ – АДÆМЫ УД

Рагзамантай абонмæ 'рхæццæ сты, кæсæг æмæ балхъар сæ курдиатæй хъулон хайджын цы фольклорон уацмыстæ фæкодтой, уыдон. Уый дын аргъæуттæ æмæ таурæгътæ, æмбисæндтæ æмæ кадджытæ, зарджытæ æмæ хъарджытæ. Ныхас дзы цæуы, æцæгæй чи цард, ахæм зæххон хъæбатыртыл, иннæмæй та – уæларвон цæрджытæ æмæ мифологон хъайтартыл – зæдтæ æмæ дауджытыл; табу кодтой зæхх, арт, дон, арв, цуаны бардуæгтæн.

Адæмон сфæлдыстады æппæты ахъаззагдæр сты, Цæгат Кавказæн иумæйаг исбон чи у, уыцы Нарты кадджытæ. Райдианты нарт уыдысты æрвон адæм, фæлæ куыдфæстæмæ зæхмæ 'рцыдысты, цæмæй дзы æлдариуæггæнæг хæрам æмæ фыдæх скуынæг кæной, сухты цагъд фæкæной зыдыка æмæ тугхор, æнæууæнк æмæ æгъатыр цæрæгойты-удгоймæгты – эмегентæ æмæ иуцæстон уæйгуыты, цæмæй адæмы сæрхъуызой бæгъатыртæн та сæ кад æмæ намыс дæрдтыл айхъуысын кæной. Уый – зæрингуырд Дебетæн, зондамонæг Ерюзмегæн, хъæбатыр Сосрукойæн, Каразауæн, Алауганæн, Ачейæн æмæ æндæртæн.

Комкоммæ Кæсæг-Балхъары аивадон литературæйæн йæ бындурæвæрджытæ уыдысты Бекмурза Пачев æмæ Кязим Мечиев. Адоны схонæн ис нæ классикты литературон фыдæлтæ. Дарддæр литературæмæ стыр æвæрæн бахастой Али Шогенцуковы, Саид Шахмурзаевы, Алим Кешоковы, Кайсын Кулиевы, Бетал Куашевы, Керим Отаровы, Зубер Тхагазитовы, Тазилия Зумакуловайы уацмыстæ.

Æмбисонды хорз загъта йæ заманы Кайсын Кулиев: *«Хæсты быдыры æфсæддон лæг йæ мæлæт куы ссары, уæд уый йæхи уды сæраппонд уæлдæр нæ февæры, фæлæ йæ иунæг цард нывондæн æрхæссы йæ райгуырæн зæххы хæрзæбоны тыххæй.*

Мадæлон æвзаг дæр уæдæ цæрæццаг кæйдæрты пайдайæн нæу, фæлæ уый у æппæтадæмон цæстыгагуы, æппæт нацийы хæзнаты хæзна. Уымæн æмæ æвзаджы мидæг бабиноныг сты нæ зонд, нæ гени, нæ царды фæлтæрд, нæ истори, нæ уарзт æмæ маст, нæ лæгдзинад – æмткæй, адæмæн сæ уд.

Æнхъæл куыд дæн, афтæмæй мæ ничи багæды кæндзæн, ахæм хъуыды куы зæгъон, уæд: нырма æгæр раджы у нæ мадæлон æвзæгтæ

се 'нусон фæндагыл фæндараст кæнынæн. Хъæудзысты ма нæ æмæ ма нын бирæ дугты стыр ахъазгæнæг уыдзысты.

Алкæмæн дæр нæ йæ мадæлон æвзаг у йæ райгуырæн зæхх æмæ йæ ныййарæг мады хъæлæс. Æгæрон зынаргъ æмæ нын адджын у, уый нын басгуыхт нæ зарæг æмæ аргъау, нæ фыдæлты уæзæг æмæ артдзæст!»

Нæ республикæйы адæмон поэт Алим Кешоков та йæ иу æмдзæвгæйы афтæ зæгъы:

Дæуæй истон мæ хъарутæ, о, мадæлон æвзаг,
Куы-иу банкъардтон,нал мын кæнынц фаг.
Мæ хъуыдытæм ызгъордта рухс уæрдонвæндаг,
Мæхи æнкъардтон Фарны хæрзтæй дзаг.

Рæстæджы ахаст нæ уый домы, цæмæй мах абоны бон уæм ноджы æнгомдæр баст зондæй дæр æмæ удæй дæр, нæ дунембарынадæй, цæмæй æнтыстджынæй ныхкъуырд дæттæм алы фыдæхтауджытæн, кæрæдзиуыл нæ чи ардауы æмæ нæ цин хъыг кæмæн у, нæ хъыг та – бæрæгбон, уыдонæн.

Æнусты дæргъы ир, кæсæг æмæ балхъар хæлар æмæ 'мварс сыхæгтæй цардысты, сæ кæрæдзимæ 'фсымæрты цæстæй кастысты, сæ иу иннæмæн аргъуыц кодта, алы рæстæгмæйы лыстæг хабæрттæ ницæмæ даргæйæ.

Раст ма уый дæр хуымæтæджы афтæ нæ рауад, Къоста æмæ Кязим 1859 азы – кæй райгуырдысты, уый. Нæ егъау бæстæ сын зæрдиагæй бæрæг кæны сæ райгуырды 160 азты юбилейтæ…

Ахъаззаг хъуыддаг уыди, журнал «Литературная Кабардино-Балкария» æрæджы ирон фысджыты уацмыстæ кæй ныммыхуыр кодта, уый. Мæнæ ныр та кæсгон æмæ балхъайраг авторты æмдзæвгæтæ æмæ радзырдта дунетыл уæрæхзылд ирон æвзагмæ тæлмацæй рухс федтой журнал «Мах дуг»-ы фæрстыл. Иннæ æхсызгон хабар дæр бирæ нæ бафæстиат уыдзæн – кæсгон журнал «Ошхамахо» æмæ балхъайраг «Минги-Тау» мыхуырмæ цæттæ кæнынц нæ уарзон æмсис хæлæртты поэтикон æмæ прозаикон уацмыстæ. Æмæ, буц уазджытыл куыд фидауы, афтæ аив хъæлæстæй сдзурдзысты кæсгон æмæ асыйаг æвзæгтыл.

Уырыссаг æвзагæй ГУСАЛТЫ Барисы тæлмац

ХАСАН ШАВАЕВ

Балхъайраг прозаик Хасан Шаваев райгуырд 1937 азы Кæсæг-Балхъары Эльбрусы районы Кæнделены хъæуы. У, балхъайраг поэттæй йæ сабидуг æмæ æрыгон бонтæ хасты чи арвыста, уыдоны минæвæрттæй.

Хасаны фыццаг сфæлдыстадон фæлварæн – скъолайы чиныгдоны кусæг Мариям Шекеровайыл киргизаг æвзагыл фыст очерк. Мыхуыры фæзынд 1953 азы Джалал-Абады облæстон газет «Сталинчи жол»-ы («Сталинон фæндаг»).

Балхъайраг адæм, сæ райгуырæн бæстæмæ куы сыздæхтысты, уæд Хасан Шаваев кусын райдыдта газет «Коммунизмге жол» («Коммунизммæ фæндаг»-ы), уыцы иу рæстæг ахуыр кодта Азербайджаны паддзахадон университеты журналистикæйы факультеты.

40 азмæ хæстæг бакуыста балхъайраг газеты культурæйы хайады сæргълæууæгæй. Абон у литературон журнал «Минги-Тау»-ы прозæйы хайады редактор.

Хасан у къорд чиныджы автор. Йæ радзырдтæ, уацаутæ æмæ романтæ чиныгкæсæджы зæрдæмæ æнæмæнг фæндаг ссарынц. У Кæсæг-Балхъары республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг, Уæрæсейы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг. Фæстаг азты Хасанæн мыхуыры рацыд романтæ «Мадæлты хъæлæс», «Уæллаг ком» æмæ «Акбайы зæйц». Æвдисы, сæ адæмы сын сæ фыдæлты уæзæгæй куыд сыстын кодтой æмæ сæ æцæгæлон бæстæтæм куыд ахастой, уыцы бонты цаутæ.

САУ ÆНДÆРГ

Цæмæй, æхсæрдæс азы дæр кæуыл нæма сæххæст, уыцы къæсхуыртæ чызг Лиуазæйы æрцахсой, уый тыххæй, сæ уæлæ æфсæддон уæлæдарс, афтæмæй æрбацыдысты дыууæ нæлгоймаджы. Се 'хсæвæнгæс талынг цæсгæмттæ, тызмæг æмæ уæндон цæстæнгас адæймаджы уагътой цавæрдæр æнахуыр тас. Мидæмæ бахызтысты æнæхойгæйæ. Тыхтæ æмæ ма амæлттæй цы самандур хæдзары дуары

згæ ричъитæ хæцыдысты, уыдон уыцы дæргъвæтин хъинц ныккодтой. Чысыл мыдадзын цырагъы æвзаг бадыз-дыз кода æмæ, хæддзу уазджытимæ цы дымгæ фæмидæг хæдзары, уый уазал уылæнæй ахуыссыд. Талынг уатæй райхъуыст лæгтæй иуы тызмæг ныхас. Фæлæ дыккаг, æвæццæгæн, йæ цинмæ гæсгæ уыд хистæр æмæ йæ къух фыццаджы уæхскыл авæрдта: уымæй йын æмбарын кодта, ныхас кæнын афтæ тызмæгæй нæ хъæуы, зæгъгæ. Лиуазæ рæвдзгомау дуары цурмæ бауад, бæрзы цъары æхсныф систа æмæ йæ йæ цыргъ кæронæй фæцавта пецы. Уысмы фæстæ райхъуыст писиамæст цырагъы лæмæгъ къæр-къæр, æмæ дзы чызг, кæронмæ чи нæма ахуыссыд, уыцы мыдадзын цырагъ тынгдæр ссыгъта. Цырагъы рухс фаг уыд, цæмæй разыной гæвзыкк хæдзары къуымтæ.

Лиуазæ хъавгæ уазджыты цæсгæмттæм бакаст: зонгæ йын нæ уыдысты, æмæ сабыргай йæ мидбылты бахудт.

– Рахизут. Уазæг – Хуыцауы уазæг. Мæнæ ам æрбадут, – загъта чызг æмæ йæ къухæй ацамыдта зæронд фæйнæджытæй конд тъахтинмæ. Фæлæ æрбацæуджытæ сæ бынатæй дæр не фезмæлыдысты. Лиуазæйы зæрдæ катайы бацыд… Йæ дзыгъуыр цæсгом йæ мады хъæбысы анорста. Чызджы сæр йæхимæ æрбалвасгæйæ, йæ тарст цæй мидæг ис, уый не 'мбаргæйæ, Забитхан каст се 'нахуыр уазджытæм. Æмæ йæ кæд тынг фæндыд, уæддæр йæ бон нæ баци дыууæ нæлгоймагæн сæ тар хуызтæй дарддæр сæ цæсгæмттæ раиртасын.

– Ацы хæдзары сымахæй уæлдай ничи ис? – афарста æрбацæуджытæй иу. – Зæгъæм, ахæм ныллæг, дæнгæл нæлгоймаг хæмпæл рихитимæ?

– Нæ-нæ… Мæ мад æмæ мæн йеддæмæ ам ничи цæры, – дзуапп радта Лиуазæ. Забитханы йæ чызджы ныхæстæ гуырысхойы бафтыдтой. Уæззау улæфт ныккодта, цыма ныртæккæ райхъал, уыйау, стæй йæ былыл дæндагæй ныххæцыд.

– Сбадут уæ хорзæхæй, – загъта сылгоймаг. – Уæлартыл мын æхсæвæр æвæрд ис. Мæ тутт сæр, раздæр куыд нæ ахъуыды кодтон, цæмæй уын исты ахæрын кæнон, ууыл. Æвæццæгæн, фæндагыл сæххормаг уыдаиккат… Нартхоры ссадæй мамалыгæ афонмæ ацæттæ. – Забитхан пецмæ бацыд, сау алайæдзаг аджы хъæдын сæр фелвæста æмæ цингæнгæ загъта: «Цæттæ у!»

Фæлæ йæм уазджытæ се 'ргом нæ раздæхтой. Раст æй цыма хъусгæ дæр нæ фæкодтой.

– Дæ фыд та кæм ис? – афарста, æрбацæуджытæй чызгмæ хистæр чи фæкаст, уый.

– Фæмард хæсты. Фронты.

Лæгтæ кæрæдзимæ бакастысты. Иуæн дзы йæ цæсгомыл фæзынд цавæрдæр æнахуыр мидбылхудт.

– Цавæр хæсты кой кæныс? – мидбыл худгæйæ та йæ афарста.

– О, о! Мæ фыд хæсты фæмард! – мынæг хъæлæсыуагæй загъта Лиуазæ.

Æфсæддон ныр бынтон хъæрæй ныххудт. Фæлæ йæ хистæр æмбалы цæстæнгас куы ацахста, уæд йæ сæр æфсæрмыгомау æруагъта.

– Бахатыр кæнут, нæ йæ æмбарын, цы дзы ис ам худæгæй? – афарста Забитхан. – Мæ чызг уын раст зæгъы, йæ фыд æцæгæй дæр хæсты фæмард. Æндæр нæм дзы ницы хабар сыхъуыст. Кæд сымах исты зонут бæлвырд, мыййаг, уæд, уæ хорзæхæй, зæгъут нын æй.

– Бахатыр кæн, нæ хо. Куыд уынын, афтæмæй ардæм рæдыдæй æрбафтыдыстæм, – загъта хистæр æфсæддон. – Мах хъæуы Аскерби Норттаевы чызг Лиуазæ.

– Уый æз куы дæн! – цингæнгæ фæхъæр ласта чызг, цыдæр хорз æм дзы цыма каст, кæй йæ агуырдтой, уымæй. Йæхи ныхъхъæддых кодта æмæ-иу йæ цæстытæ куы йæ мадыл, куы та уазджытыл ахаста.

Æфсæддонтæ дæр кæрæдзимæ бакастысты. Иу чысыл ма куы алæууыдысты, уæд бахудтысты æмæ æнæдзургæйæ дуармæ ацыдысты. Лиуазæйы зæрдæ бауазал, кæд йæ цæстытæ худгæ кодтой, уæддæр.

Забитхан уазджытæн сæ уæлхъус алæууыд:

– Уый та куыд? Ау, афтæ ацæудзыстут, æнæ скомдзаг кæнгæйæ?

– Бузныг. Рæстæг нын нæй, – загъта хистæр. – Мах агурæм Аскерби Норттаевы чызг Лиуазæйы хæдзар.

– Иунæг Хуыцау, æз æппæт зылды дæр никæй зонын ахæм номимæ мæ чызгæй фæстæмæ.

– Кæй кой кæныс?

– Мæнæ ай, – йæ чызгмæ ацамыдта Забитхан.

Уазджыты цыма ивгæ фæкодтой, уыйау фесты. Сæ цæстытæ знæт сыгъд скодтой.

– Кæцы къласмæ цæуыс? – тызмæгæй афарста Лиуазæйы хистæр.

– Æз? Æвдæм. Ахуыр куы фæуон, уæд та кусдзынæн æмæ мæ мадæн æххуыс кæндзынæн.

– Æмæ дæ Кавказмæ нæ фæнды?

– Уæдæ нæ! Тынг мæ фæнды, – чызг ма фыр цинæй хъæр дæр ныккодта. – Нана, фехъуыстай?! Нæ дын дзырдтон, иу бон нын бар ратдзысты нæ фыдæлты зæхмæ ссæуынæн, зæгъгæ.

Уæдмæ 'фсæддонтæ дæр бамбæрстой, ардæм рæдыдæй кæй не 'рбацыдысты, уый.

Сæ хистæр, Лиуазæйы 'рдæм разилгæйæ, бардзырд дæттæгау загъта:

– Рæвдз, мæнæ налат, дæ дзаумæттæ амбырд кæн, махимæ ацæудзынæ.

– О Хуыцау, кæдæм? – ныхъхъар кодта Забитхан, Лиуазæйы йæхимæ æрбалвасгæйæ.

– Мах дын дæ чызджы арвитдзыстæм Кавказмæ. Цыма йæхи дæр уырдæм тынг фæнды.

– Æмæ айдагъ уый цæмæн?

– Афтæ хъæуы.

– Нæ-нæ. Уый тыххæй дзургæ дæр ма кæнут. Мæ бон не суыдзæн æхсæвыгон сымахимæ сывæллоны ауадзын, уæлдайдæр – чызджы. Æз дæр ацæудзынæн уемæ. Мæнæ цы æнамонд дæн, – ныккуыдта Забитхан. – Мæ иунæг удлæууæнæй мæ куыд хицæн кæнут?! Фæлтау, цалынмæ нæма ацыдыстут, уæдмæ мæ амарут…

Фæлæ сау æндæргтæ æгъатыр уыдысты. Забитхан уыцы талынг æхсæвимæ иумæ зыбыты иунæгæй баззад. Дæ фыдгулыл дæр ахæм бон акæнæд.

О, хатгай ныййарæг мады зæрдæйау арв дæр фердиаг кæны. Райсом уыд тарæрфыг æмæ асæст. Сау мигътæ сæхи арвыл байтыгътой. Райдыдта сæлфынæг кæнын.

* * *

О Хуыцау, æвæццæгæн, адæм рæстытæ дзурынц: «Чи цæмæй тæрсы, уый йыл æнæмæнг æрцæуы». Йæхи цас зоны, уыйбæрц Лиуазæ æппæты тынгдæр тарст талынгæй. Куыддæр-иу фæизæр, афтæ-иу æй дуармæ ницы хуызы ракодтаис. Хатгай-иу æхсæвыгон рудзынгæй куы ракаст, уæд-иу йæ цæстытыл уадысты цавæрдæр æнахуыр тугдзых сырдтæ, бирæгътæ æмæ фæтæндзæмбы æрсытæ. Афтæ йæм-иу каст, цыма иууылдæр йæ рудзынджы бын арæмбырд сты, цæмæй йæ уатмæ балæсой æмæ йæ бахæрой. Фæлæ цæмæдæр гæсгæ ацы изæр, рухс дæр кæдæм нæ хæццæ кæны, уыцы уаты куы баззад, уæд ницæмæй тарст.

Лиуазйы уырдæм бакодтой уыцы дыууæ æфсæддоны æмæ йыл дуар сæхгæдтой. Фыццаг уал æнæмад сæныккау рауай-бауай кодта талынг къуымты æмæ-иу йæхи куы къулыл скъуырдта, куы та – дуарыл. Фæлæ уый фæстæ æрсабыр. Бамбæрста, æндæр гæнæн ын кæй нал ис, уый.

– Ма тæрс, мæ къона, – айхъуыста кæйдæр сабыр æмæ фæлмæн хъæлæс.

Мæгуыр чызджы ма гыццыл хъуыд бауадзыгмæ. Йæ зæрдæйæ нылхъывта, улæфт фæкъуыхцы. Дуарыл ма йæхи баныхæста, цæстытæ йæ чысыл къухтæй нылхъывта, афтæмæй ныхъхъæр кæнынмæ хъавыд. Фæлæ йæ бон не сси.

– Ма тæрс, чызг. Ам дын тæссаг нæу, – загъта та ногæй уыцы сабыр хъæлæс. – Сæйрагдæр, боны рухсмæ ныббыхс, æндæр уæд иунæг нал уыдзынæ. Быхсын хъæуы, рæстæг ахæм у. Адæм кæрæдзи удæгасæй бахæрынæввонг систы. Ныры сывæллæттæ дæр сæ къухтæ туджы æвдулынц. Ныййарджыты зæрдæтæ мастæй тонынц… Дæ цæстытæ бахгæн æмæ бафынæй кæн. Уадз, æмæ дæ зæрдæ баулæфа».

– Ардæм мæ цæмæн æрбакодтой?

– Уый дын райсом зæгъдзысты.

– Æз тынг тæрсын. Хуыцауы хатыræй, ма ацу абон ардыгæй. Мæ цуры у…

– Ма тæрс, нæ ацæудзынæн. Æз дæ хъахъхъæндзынæн.

– Дæ хъæлæс дын хъусын, фæлæ дæ нæ уынын.

– Талынг æхсæв у. Æз дæр дæ нæ уынын. Куы æрбабон уа, уæд базонгæ уыдзыстæм. Ныр та баулæф. Дæ рахизфарс сынтæг ис. Схуысс ыл æмæ бафынæй кæныныл бацархай.

…Уыцы бон уырдæм фæдзырдтой Ошы хъæууонхæдзарадон техникумы студент Барисмæ дæр. Ма тыхс, зæгъгæ йын загътой, бирæ дæ нæ ныууромдзысты.

Барис цы уаты уыд, уырдæм бахуыдтой Кябæханы. Йæ бакастыл бæрæг уыд, фыццаг хатт дзы кæй нæ уыд, уый. Мæллæджытæ, даргъ фындзджын Кябæхан уыд Барисы сыхаг.

Сæ дыууæ дæр цардысты районы центры – Наукаты. Æвдæмкъласон Кябæхан йе 'мгæрттæй бирæ хистæр зынд. Асæй дæр уыд бæрзонд.

Ныр дæр йæ уæззау ныхас æмæ уæзбын цыдмæ гæсгæ уыд æвдæмкъласоны хуызæн нæ, фæлæ карджын сылгоймаджы хуызæн.

Барисы уынд ын æхсызгон нæ уыд. Йæхи йыл абылысчъил кодта æмæ йæ рæзты ахызт. Барис уый нæ фæхатыд. Бацыд æмæ йæм

мидбылхудгæ йæ къух бадаргъ кодта, фæлæ йæ уайтагъд фæстæмæ айста. Афтæ йæм фæкаст, цыма Кябæханы стыр цæстыты арв нæрыд. Йæ уазал андзæвд та йын йæхиуыл банкъардта, æмæ йæ хъустæ ныззыланг кодтой. Цасдæр рæстæг йæ мидбынаты сагъдæй баззад æмæ йын ныраæй фæстæмæ æцæгæлон чи у, уыцы Кябæханмæ каст. «Райхъал» æй кодта, уатмæ цы лæгтæ бахызтысты, уыдоны тызмæг ныхас. Барис се 'хсæн ауыдта Лиуазæйы дæр. Хорз æй зыдта. Уым, Кавказы, сæ хъæутæ кæрæдзимæ хæстæг уыдысты. Ам та дыууæйæ дæр цардысты иу уынджы. Лиуазæйы хуыссæгхъæлдзæг цæстытыл бæрæг уыд, æхсæв æгъуыссæг кæй фæцис, уый. Барисы куы ауыдта, уæд æм базгъордта, йæ хъæбысы йæ ныттыхта æмæ скуыдта.

– Ма ку, сабыр. Цы кодтай? – уæзданæй йæм сдзырдта Барис, йæ дзыккутæ йын лæгъз кодта, афтæмæй.

Нæ йæ зыдта, чызг цæмæн куыдта, уый. Фæлæ иу хабар зыдта бæлвырд: Лиуазæйыл цавæрдæр бæллæх æрцыд.

Æртæ læджы æрбадтысты æрвгъуыз æмбæрзæнæй æмбæрзт стъолы уæлхъус. Бадомдтой, цæмæй Лиуазæ Барисæй иуварс алæууа. Лиуазæ æмæ Кябæхан сæхи байстой уаты фæйнæ къулмæ, се 'хсæн та – Барис.

– Ды нын хъуамæ, ацы сылгоймæгтæ цы дзурой, уый бæстон ратæлмац кæнай, – загъта, стъолы уæлхъус астæуæй чи бадт, уыцы бурхил афицер. Йæ маргхъæстæ цæстыты æппындæр тæригъæды стъæлфæн нæ уыд. «Ма ратт, ма райс»-ы лæгмар», – ахъуыды кодта Барис.

Барисæн бамбарын кодтой, тæлмацгæнæджы хæстæ кæй æххæст кæндзæн æмæ йæ куыстыл закъоны бындурыл дзуапп кæй дæтты, уый. Æмæ йын цавæрдæр гæххæттытыл йæ къух æрфыссын кодтой.

Фæстæмæ йæ бынатмæ здæхгæйæ, йæ цæст Лиуазæйыл ахаста, æмæ йæ зæрдæ ауынгæг. Цæссыг хъуыры абадт. Йæ зæрдыл æрбалæууыдысты, балхъайрæгтæ сæ «цытджын фæтæджы» барвæндæй сæ хæдзæрттæй куыд сыстын кодтой æмæ сæ куыд ахстой, уыцы цаутæ. Йæ фыд, зæронд хохаг, цæугæдон Черекы дурджын былгæрæттыл йæхи æрæппæрста æмæ йын йæ уазал донæй зыдæй нызта.

«Кæугæ, æнамонд, кæугæ… – дзырдта уый, йæ уарзон донæн æнустæм хæрзбон дзургæйæ. – Кæугæ, мæ сидзæр!..»

Нæ, уыцы бон Барис никуы ферох кæндзæн. Йæ мидхъуыдыты

та ногæй айзæлыд уыцы фыдзыкъуыр афицеры ныхас: «…Ацы сылгоймæгтæ цы дзурой, уыдон…» Бакаст уыцы «сылгоймæгтæм», æмæ йæ зæрдæ байдзаг судзæггаг рыстæй.

– Куыд уыд, афтæ дзур, – уайтагъд загъта афицер, Кябæханмæ кæсгæйæ.

Уый фестъæлфыд, фестад æмæ чысыл размæ рацыд, йæ алыварс чи уыд, уыдоныл йæ цæст æфхæрæджы хаст акодта, уæлæнгай схуыфыд æмæ райдыдта:

– Нæ уарзон фæтæг, нæ фыд, Сталин куы амард, нæ цæстытæ æмæ нæ зæрдæтæ туджы куы мæцыдысты, уæд советон цардыуаджы ныхмæ дзурджытæ цин кодтой. Уыцы бон мах никуы ферох кæндзыстæм. Æмæ йæ зонут, ныхас цытджын фæтæгыл куы цæуа, уæд æз ницæй раз æрлæудзынæн, ницы бавгъау кæндзынæн. Фæлæ мæнæ ай, ацы маргджын калм (сæрæй Лиуазæмæ ацамыдта) йæхицæн бынат нæ ардта æмæ уыцы сау бонты цæттæ уыд кафынмæ. Уе 'ппæт дæр æй зонут. Уый, Тугъанты Лиуазæ, райгуырд Кавказы, ныр та цæры ам, Наукаты. Уыцы бон мын афтæ загъта: «Кæдæй-уæдæй уыцы рихиджын амард! Ныр нæ æнæмæнг ауадздзысты Кавказмæ». Мæ зæрдæ худинагæй судзы, йемæ иу хъæуы кæй райгуырдтæн, ныр та иу горæты кæй цæрын, уымæй. О, Хуыцау, ноджы ма йемæ иу къласы дæр ахуыр кæнын.

Барис, къуыхцытæ кæнгæ, Кябæхан цыдæриддæр дзырдта, уыдон уырыссагау загъта.

– Мæн тæлмацгæнæг нæ хъæуы, – загъта Кябæхан уырыссагау. Барис йæ былтæ сысчъил кодта. Уыцы рæстæг Кябæханы дзых уыд, мады æхсыр кæуыл нæма бахус, ахæм сывæллоны нæ, фæлæ залиаг калмы дзыхы хуызæн.

– Æз афтæ нæ загътон, – сындæггай сфæрæзтæ Лиуазæ, Кябæханмæ разилгæйæ. – Уæдæмæ цы 'взæр дæ! Цы дын кодтон уагæры? Æрхъуыды ма кæн, ахуырты дын куыд феххуыс кæнын, уый... Дæ гæды ныхæстæй мæ цæмæн худинаг кæныс?

– Тугъанон, ныууадз дæ сывæллоны ныхæстæ,– фæхъæр та кодта уыцы бурхил афицер, йæ къухы даргъ ручкæ тылдта, афтæмæй. – Куыд бауæндыдтæ не стыр хъыгыл худын, æппæт размæдзыд адæмты хъыгыл?.. Мауал тъиз æмæ фæрстытæн дзуапп дæтт.

– Æз ницы дзырдтон.

– Дзырдта! – йæ тых-йæ бонæй ныхъхъæр кодта Кябæхан. –

Æрхъуыды ма йæ кæн, де 'гъатыр ныхстæ дын дæ цæстмæ куыд дардтон, уый. Нæ уарзон фæтæджы нын куыд фаудтай, йæ фыдгой куыд кодтай. Æмæ мын уæд куыд дзырдтай? Уæд мын загътай: «Æнæхайыр фæу! Цæугæ, æмæ дæ кæмæн фæнды, уымæн хъаст кæн». Æмæ ма ноджы: «Цы мæстытæ нын скодта, уыдон мæрдты фæфидæд».

– Æз ахæмæй ницы загътон, – Лиуазæйы былтыл зыр-зырæг бахæцыд, йæ къухтæ бæндæнтау æруагъта.

Бурхил афицер фæгæпп ласта æмæ йæ фæтæн къухæй стъол æрцавта. Йæ фарсмæ бадæг афицертæ æнæнхъæлæджы фесхъиудтой. Кæсæнцæстыты дзы чи уыд, уый та йæ бынатæй фæгæпп ласта.

Афицер Лиуазæйы йæ цæстытæ ныссагъта. Уымæн фыр тæссæй йæ къæхтæ йæ быны фæтасыдысты, йæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Размæ каст, фæлæ уыцы æртæ æндæргæй уæлдай йæ бон ницы уыд раиртасын.

Уаты та ногæй азæлыд бурхил афицеры хъæр. Лиуазæ фесхъиудта, æмæ йæ урс уадултыл сæууон æртæхтау цæссыгтæ æрызгъæлдысты æмæ йæ риумæ хаудысты. Иу афон æм афтæ дæр фæкаст, цыма æрра кæны. Фæлæ иуцасдæры фæстæ йæхимæ цæуын райдыдта. Йæ миддунейы банкъардта æнæнхъæлæджы ныфс. Æрфæндыдис æй, Кябæхан æмæ йын ахæм маст чи скодта, уыдоны сæртæ бандонæй ныппырх кæнын, фæлæ йæхи ныуурæдта.

Ам мæн тыххæй цыдæриддæр загътой, уыдон сты хахуыртæ, – загъта Лиуазæ. – Нæ цин кодтон Сталины амардыл дæр. Æз загътон, зæгъгæ йæ фæстæ чи уа, уый нæ кæд фæстæмæ Кавказмæ ауадзид.

– Дзæгъæлы нæ сæттыс дæ ныхæстыл. Æз дæуæй æдылыдæр нæ дæн , – загъта Кябæхан. – Кæд ахæм ныфсджын дæ, уæд ма мын, уæд цытæ дзырдтай, уыдон ам ногæй зæгъ.

– Æз загътон рæстдзинад! Амарут мæ, фæлæ æз уымæй уæлдай ницыуал зæгъинаг дæн.

Фæракъах-бакъах æй кодтой æнæхъæн бон. Фæстагмæ йын йæ къух æрфыссын кодтой иу гæххæттыл. Дзырд дзы уыд, дард ранмæ йæ кæй æрвитынц, æрмæстдæр скъолайы чингуыты кæй базыдта, ахæм бынæттæм. Уым æй хъуыд арвитын дæргъвæтин æхсæз азы. Зындоны…

Уырыссаг æвзагæй КАСАТЫ Аслæнбеджы тæлмац

МАДИНÆ ХАКУАШЕВА

У филологон æмæ медицинон наукæты доктор. Йæ уацмыстæ фыссы уырыссагау. 2008 азæй фæстæмæ у УФ Фысджыты цæдисы уæнг.

Райгуырд Налцыччы кæсгон бинонты 'хсæн, 1981 азы æнтыстджынæй каст фæцис Кæсæг-Балхъары паддзахадон университеты медицинон факультет, стæй та – ординатурæ æмæ аспирантурæ Мæскуыйы.

1991 азы – Кæсæг-Балхъары университеты филологон факультет. 2008 азы бахъахъхъæдта филологон наукæты докторы диссертаци.

Литературон сфæлдыстадмæ зæрдæргъæвд у сабидугæй нырмæ: раздæр фыста æмдзæвгæтæ, стæй та – прозæ. Йæ роман «Хъæмæ фæндаг» мыхуыры рацыд журнал «Дружба народов»-ы 2006 азы 8 номыры. Хицæн сæргæндтæ дзы рацыдысты журнал «Дарьял»-ы дæр 2009 æмæ 2011 азты. Хицæн чиныгæй та рауагъдад «Эльбрус»-ы 2009 азы.

Мадинæ у къорд аивадон, публицистон чиныджы æмæ наукон монографиты автор – медицинæ æмæ филологийы къабæзты.

Йæ фыдымады ´рдыгæй йæм ирон туг дæр хæццæ кæны…

МЕ СТЫРМАДЫ АДДЖЫН ХЪÆБЫС

Радзырд

Æппæтæй адджындæр мын уыцы изæртæ уыдысты, æмæ-иу мæ мадымадимæ нæхи æхсæвиуатмæ куы цæттæ кодтам, æмæ-иу бур-бурид цырагъæмбæрзæн куы ссыгъд йæ алдымбыд цокоратимæ: нæ уаты нын-иу йæхи бакодта сыгъзæрин донытылд рухс. Æз-иу æй уайсахат ахуыссын кодтон, цæмæй мæ цæст дарон изæры ахастмæ, æмæ та-иу уæд уый дæр æнæсымæй æрбахылд уæрæх гом рудзгуытыл, тæнæг рудзынгæмбæрзæнтыл-иу сиренхуыз тарбынæй æрбахъардта, гъемæ-иу уæд бонрухсы цæхгæр рафæлив-бафæлив æрбацыдæр. Куыдфæстæмæ-иу уый фæбæзджын æмæ фæтар, мæ цæстыты раз-иу дзы рæстæджы сурæт рауад, цыдæр метафорæ, ома, уый дæр уыйау алцыппæт раздæр æгъуыз фæкæны, цытæ сты, уымæн йæ бæрæг базонæн нал вæйыы, стæй сæ бынтондæр асдæры, сæ фæд дæр нал аззайы, афтæмæй.

Изæр-иу йемæ фæлмæн уахъæзы фыццаг уддзæф æрбахаста æхсæвы сатæгæн йæ фидиуæджы, æмæ-иу уыцы ´хсызгон уддзæфы атадысты дидинджытæ æмæ цъæх халы адæймагæн йе сулæфæнтæ хъыдзыгæнæг тæфтæ, стæй рухс æмæ талынггæрæтты кæрæдзи раив-баив, фæлæ та-иу чысыл фæстæдæр нæ хуыссæнуат йæ хъулон-мулон фæлыстæй фенæхай, афтæмæй-иу æгæрон мæйдары амæттаг бацис, аныгъуылд-иу йæ хуылфы. Æз-иу мæхи урс-урсид крахмалгонд хуыссæнты адæргъ кодтон, ме 'ппæт буарæй дæр сын сæ адджын тæфгæнаг уазал æнкъаргæйæ.

Уæдмæ-иу ме стырмад дæр фæзынд, рухс-иу ссыгъта, цалынмæ йæ уæлæдарæс ластаид, уæдмæ, стæй-иу æй ахуыссын кодта, æмæ-иу уæд мæ цæстыты раз сыстад къаннæг саджы хуызæг, æхсæвыцæстыл та дын-иу уддзыд фæцис, райгас. Боныгæтты æнцад-æнцойæ лæууыдаид тæрхæгыл, æппæтмæ дæр куыдфæндыйы цæстæй кæсæг æмæ ныгъуылд, цы кæлæнгæнæн тыхы хицау у, уый æмбæхсгæйæ, фæлæ-иу куыддæр æхсæвы хуыдалынг йæ тыхы бацыд, афтæ та-иу фосфорæй йæ хъæздыг буар йæ кæнонтæ райдыдта: байдзаг дын уыдаид тыбар-тыбургæнаг рухсæй æмæ цæргæсы хъандзал базыртау тахтаид æмæ тахтаид.

Æз æм æдзынæг кастæн, мæ цæстытæ-иу мæ бон нæ уыд атонын йæ хæдтæхæг буарæй – ноджы ма уыцы кæрдæгхуыз тæмæн, æнæтавгæ уазал арты 'взæгтæ, мæ рахиз фарсырдыгæй та 'нкъарын ме стырмады хъæрмуст хъæбыс. Аргъау ма мын ракæн, зæгъгæ-иу æм æрхатыдтæн, æмæ мын-иу иудадзыг дæр уыцы иу аргъау кодта, фæлæ йæм-иу æз кæддæриддæр, цыма йæ фыццаг хатт хъуыстон, уыйау цымыдисæй хъусæг сдæн. Афтæ дæр-иу рауад, æмæ-иу хуымæтæг ныхæстыл кæд фестæм дæргъвæтин рæстæджы, æмæ-иу æм уæд æз, талынгæй уартау хъахъхъæдæй, ахæм фарстатæ радтон, боныгон æй бафæрсын мæ ныфс цæмæйты нæ бахастаин:

– Нана, цæмæн афтæ у, цæмæн, æмæ райгуырæм, стæй амæлæм, рантысæм дунемæ, стæй та… Кæй хъæуы царды уыцы фæтк?

– Алы адæймаджы дæр, алы адæмы дæр, зæххы къорийы æппæт цæрджыты дæр Сфæлдисæг радта. Уый сæ рауагъта цардмæ, цæмæй сæ алчидæр дунейæн исты бæрæг хæрзты бацæуа, ахсджиаг хъуыддæгтæ сараза. Æмæ сæм цалынмæ уый бахъара, цалынмæ сæ царды ахæм нысан сæхицæн бæрнон хæсыл банымайой, уæдмæ фыццагау гуырдзысты æмæ мæлдзысты, дунейы рухс уындзысты æмæ… æмæ…

– Æмæ уыцы хæс куы сæххæст кæной, уæд та?

– Уæд та сæ мыггаг сыскъуыйдзæн.

– Æппæтæн æмхуызонæй?

– Омæ нæ фесæфтысты уæйгуытæ, чинтæ æмæ нартæ? Гъемæ уæдæ махмæ дæр ахæм хъысмæт æнхъæлмæ кæсы, цы хæс ныл ис æвæрд, уый куы сæххæст кæнæм, уæд.

Мæ зæрдæ ауазал мæнæн: «Æмæ уæд фæлтау уыцы хæс ма æххæст кæн!»

– Нæ, афтæ гæнæн нæй, нæй дæ бæрны конд хæсæй дæхи фæтылиф кæнæн. Уымæн æмæ рæстзонд æмæ рæстгæнд адæм дзæнæтмæ бахауынц.

– Æмæ уыдон чи сты – рæстзонд æмæ рæстгæндтæ, цыдæр ахсджиаг хъуыддаг чи саразы, уыдон?

– Афтæ, афтæ, мæ къона.

– Нана, æмæ дæуæн исты ахсджиаг хъуыддаг саразын нæ бантыст, ау?

– Афтæ 'нхъал дæн, æмæ, цыма, нæма фесгуыхтæн…

Фенцондæр мын, зæрдæрогæй сулæфыдтæн.

Уыцы бонæй фæстæмæ йæ уыдтон, нанайы æнæстъæлф цæстытæ рухсæй-рухсдæр куыд кодтой, æхсызгондзинады тынтæ куыд уафтой, æмæ йæ уæд бамбæрстон, уый мæлæты тас рагæй кæй ницæмæуал дары, стæй, чи зоны, æмæ суанг адзалæн йæхи дæр. Иуахæмы йын ме 'нкъарæнтæ куы раргом кодтон, уæд ныххудт: «Уый уымæн афтæ у, мæ хур, æмæ мын ды дæ мæ Зæрдæнцой».

– Æмæ, зæгъæм, адæм нал сты, уæд та цы 'рцæудзæн?

– Уæд та рухс дуне нал уыдзæн. Рухс фæиннæрдæм уыдзæн, æмæ артæй дон рауайдзæн, дон та арт фестдзæн. Æмæ уæд хуыздæрæн дæхи арты басхой. Суанг ма хæхтæ дæр æнкъуысдзысты æмæ хæлдзысты, дон æмæ арты амæттаг бауыдзæн дуне, æмæ ма айдагъ Сфæлдисæг баззайдзæн. Ног дуне райгуырдзæн. Æмæ уæд Дунескæнæг Зæхмæ æрæрвитдзæн, бирæ хуыздæр чи уа адæймагæй, ахæм кæйдæр.

– Бæлвырд кæйдæр?

– Æвæццæгæн, æмæ райгас кæндзæн рæстудтæ æмæ 'нæхæрæмтты, сыгъдæджыты, гъемæ уæд адæмы дзыхъхъынног номæй схондзысты.

– Æмæ уый дæр адæймаг куы уыдзæн!

– Бынтондæр æндæрхуызон адæймаг, о.

– Уæддæр мын æй нæ бамбарын кодтай, нана, цæмæн, цæй охыл райгуырæм, рантысæм дунемæ?

– Æз афтæ 'нхъæл дæн, æмæ уый номыл, цæмæй иуахæмы фæзына иу чидæр, уæларвмæ кæй бон бауыдзæн сæххæссын. Раджы кæддæр Нарты дæр бафæндыд, – нæ размæ чи цард, уыдоны, – арвыл сæндзæвын. Уæлдæр цы хох уыд, уый цъупмæ схызтысты, кæрæдзи уæхсчытыл слæууыдысты, мæнæ арвы хæдбын æврæгътæм

сæххæссыдысты, æрмæст та уæддæр арв уæлдæр баззад, нæ йæм сивæзтой сæхи. Нæ басастыты Нарт: ныр та цæндамад сæ фос, сæ хайуантæ иууылдæр скодтой, фæлæ та сын уымæй дæр ницы рауад – нæй, нæ та сын бантыст арвмæ сæвналын. Цæнд цæнды уæлæ ма кæй нæ самадтой, уыдон уыдысты чысыл лæппу æмæ йæ гæды. Нарт сæ зæрдæ ницæуылуал дардтой, фæлæ ма уæддæр уыцы ныфссастæй дæр лæппу æмæ гæдыйы сæргъæвтой егъау цæнды сæрмæ – лæппу сæндзæвыд арвыл!

– Хорз. Æмæ Нарты фæстæ адæмы къухы никуы бафтыд арвмæ сæххæссын?

– Никæд.

– Уæд цæуыннæ?

– Æнусты дæргъы тох кодтой сæ зæххы гæппæлтыл æмæ-иу цагъды фесты æнæхъæн мыггæгтæ æмæ знæмтæй, æмæ-иу уæд сæ цæнды кæцыдæр хай фæхъуыд – удæгæстæ дæлдзæхмæ ивылдысты. Фæлæ та-иу уæддæр æмæ уæддæр адæм кæрæдзи уæхсчытыл слæууыдысты, цæмæй цыфæнды-куыдфæндыйæ дæр схæццæ уой арвы онг. Мæрдтæ дæр ма сын-иу ахъазгæнæг уыдысты, се уæхсчытæ-иу сбыцау кодтой æгæсты лæмæгъ къæхтæм, цæмæй лæхъиргомау зæхх сæ быны ма таса, æрмæст та – дзæгъæлы…

– Æмæ иудадзыг та адæм хæцгæ цæмæн кодтой?

Мæ мадымад фæхъус. Æрæдзæ-мæдзæ кæны, фæлæ дын æй æз дæр æнцад-æнцойæ кæм уадзын: «Нана, уæддæр адæм æппынæдзух хæцгæ цæмæн кодтой, цæй сæрвæлтау?».

– Уыдон иууылдæр Иблисы хинтæ æмæ кæлæнтæ сты, азимаг уый у.

– Иблисы-йа?! Уый та ма дзы чи у æмæ цы у?

– Зæд, Сфæлдисæджы фæсдзæуин.

– Раздур-ма мын зæдты тыххæй.

– Уый дæр та дын мæ быгъдуан… Сфæлдисæг зыбыты иунæгæй сфæлмæцыд. Æмæ уæд сфæлдыста Зæдты. Стæй иу заман загъта: уадз æмæ уой дуне, рухс æмæ талынг. Æмæ кæнгæ дæр афтæ бакодта. Сфæлдыста дуне, адæмы, мæргътæ æмæ сырдты. Иуцъус цыдæр ма баззад царды рауадзынæн: Зæххыл æгъдау æмæ фæтк æрфидар кæнын. Фæлæ Сфæлдисæджы алы лыстæг хабæрттæм не 'вдæлд – бирæ ахсджиаг хъуыддæгтæ ма йын уыд бакæнинаг. Æмæ уый фæхатыд Сфæлдисæджы иузæрдион зæд Иблис. Æмæ йæм æххуысмæ фæзынд. Æмæ йын уæд Дунедарæг дæр ныффæдзæхста: «Хорз, уæдæ фæцу æмæ Зæххыл сфидар кæн Сфæлдисæджы фæтк æмæ 'гъдау, стæй

дзы Сфæлдисæгæн адджын уарзт дæр баулæф, бауадз».

Ныццин кодта Иблис æмæ загъта: «Ды куыддæриддæр домыс, æз афтæ бакæндзынæн».

Æмæ Зæхмæ 'рцыд. Æмæ федта Иблис, адæймаг Сфæлдисæджы халæмдих кæй у, уый. Æмæ Зæххыл Сфæлдисæджы фæтк æмæ 'гъдау сæвæрдта. Цæмæй адæм, мæргътæ, сырдтæ, зайæгойтæ кæрæдзи хъыджы ма цæуой æмæ цæмæй алцыдæр йæ тæккæ афоныл гуыргæ дæр æмæ мæлгæ дæр кæна.

Зæрдиагæй, хъæппæрисджынæй сæххæст кодта Иблис Сфæлдисæджы фæдзæхст, иу цæмæйдæр фæстæмæ – Сфæлдисæгæн адджын уарзт йæ фæллойы нæ баулæфыд, нæ дзы бауагъта Сфæлдисæджы æрхъуыды уарзондзинад. Гъемæ уæд алчидæр йæхи фæндон тардта, йæхи фæтк æмæ 'гъдау æвæргæйæ. Уыйадыл сæ кæрæдзиимæ тугкалæн хæстыты цæуын райдыдтой. Уæдæй нырмæ сæ кæрæдзимæ карды комæй дзурынц, топпы кæсæнæй кæсынц.

– Æмæ кæд уый тыххæй, цæмæй бæллиццаг цард æрцæуа, æгъдаухалджытæ мауал уа? И, нана?

– Рагæй-æрæгмæ дæр афтæ 'нхъæлдтой адæм, æмæ-иу фæйнæхуызон уагæвæрдтæ царды фæтк схуыдтой – амæйразмæ, дам, чи нæма уыд, ахæм тæхудиаг. Фæлæ та-иу адæмы æрхъуыдыгонд æхсæндзарды æгъдæуттæ-фæлгæттæ бабытъайлаг сты.

– Цæмæ, цæ?

– Уæд уымæн, æмæ иу фæткæвæрд дæр цæрæццаг не суыдзæн, йæ мидæг Сфæлдисæгæн зынаргъ уарзт кæй нæ разыны, уый фыдæй.

Райсомæй мæ-иу ме стырмад никуы хъал кодта: уымæй мын-иу тарстис, æмæ уæдмæ мæ уд чи у, уый йæ рæстæгмæйы цæрæнуатмæ куы нæ 'рбаздæха, ома, мæ буары мидæмæ – лæг куы бафынæй вæййы, уæд йæ уд алы хæтæнты фæзилдух кæны. Бынтон цымыдис цы удтæ сты, уыдон зæххы къорийы алыварс авд хатты æрзилынц рæвдзрæвдз, цæмæй сын æппæт фенын дæр æмæ басгарын дæр бантыса æмæ афойнадыл фæмидæг уой, нырма тарф фынæйы ахасты цы буар ис, уым. Ныронг уал иу хæтæгхуаг уд дæр нæ фæдзæгъæл æмæ нæ байрæджы кодта – хъæмæ сæ фæндаг сæ зæрдыл иттæг хорз дарынц.

Мæнмæ-иу диссаг фæкастысты уды миниуджытæ, сæ балц, æмæ дын иу бон мæ мадыфсымæр Леваæмæ бауырдыг дæн, йемæ тезгъогæнгæйæ, ды дæр æй, зæгъын, зоныс, лæджы уд æхсæвыгæтты, цалынмæ мах фыны ныгъуылд вæййæм, уæдмæ цæуæнты кæй фæцæуы æмæ хæтæнты кæй фæхæты, уый. Æмæ уæд уый нанайы ныхæстæм дуне хабæрттæ бафтыдта. – Цъыллинггæнджытæ, цæст сыл нæ хæцы,

ахæм цырд сты, æмæ кæм не стæлфынц, кæм нæ балæууынц нæ удтæ, – дзырдта мын Левæ. – Буар кæдæм нæ балæсдзæн, нæ дынджыртæ æмæ æнарæхст гуыр, уым уыдон æнцонæй бамидæг вæййынц. Куы егъау дурты хуыз райсынц æмæ уырдыгмæ фæтулынц æцæгæлон хæхты рæгътæй, куы та хæрз лыстæг дуртæ фестынц æмæ, цæугæдæттæ æмæ фурдты былгæрæтты цы хуыр ис, уым сæхи бафæсвæд кæнынц, æхсызгонæй дзы фæудайынц сæхи. Æндæр хатт та кæс, æмæ кæсæгты балы 'хсæн уыдон дæр цъыллинджытæ кæнынц сæ зæрдæйы дзæбæхæн – денджызы цæхджын дон уа, æви цадтæ æмæ цæугæдæтты нуазынæн бæзгæ дон. Цæстыфæныкъуылдмæ кæмфæнды дæр фегуырынц, æмæ йæ базонынц, Сау денджызæй уæлдай ма 'ндæр денджызтæ дæр кæй ис – Урс, Сырх, Бур, Мард æмæ ма ноджыдæр æмæ ноджыдæр, стæй цыппар фурды, уыдон та æцæгæй сты иу æгæрон фурд, уымæн æмæ фурдтæ сæ кæрæдзимæ 'нхъæвзынц, ракæл-бакæл кæнынц.

Иннæрдыгæй та ахæм фæзынд, æмæ иу уд чи у, уый æндæр удагур Кавказы хæхтæй афты Альпты хæхбæстæм, цæмæй дзы уым хъызтуарзаг фыранчы уындæй бафсада. Уд уæлдæфы уыцы сæрибарæй, æнæкъуылымпыйæ тæхы хæрздæвгæнæг тюльпанæмбæрзт быдырты сæрты цæгатаг бæстæ Голландийæ æмæ 'мбисонды орхидейты хуссайраг бæстæ Колумбийæ, æмæ арвы тыгъдадæй уыны, Хуссар Африкæйы былгæрæттæм хæстæг лæгъзбуар киттæ куыд хъазынц, уыдæттæ.

Удтæ бурбын æхсæрсæттæг тыртынатæй, иу баласæй иннæмæ тæррæстытæгæнгæ, 'рзилынц æцæгæлон хъæдтыл, æнахуыр экзотикон мæргъты фæлгонцы сæхи хорз фенынц æнусцъæх тропиктæ æмæ джунглиты дыргъдæтты алæмæты хæрзад дыргътæй, цытæ сты, цытæ сæ хуындæуы, уый та сæ фæсонæрхæджы дæр нæй. Уалынджы февзæрынц цадæггай тæхæг урс къадзты фарсмæ Андалузийы пырындзы хуымты сæрмæ æмæ сын сæ уæрæхбыд ахстæттæ фенын дæр бантысы Сан-Мигелы аргъуаны дзуæрттыл. Æмæ ма сын Сфæлдисæгæй ахæм миниуæг дæр лæваргонд у, æмæ суанг уардихуыз фламинготы сурæты кæй бацæуынц – мæнæ Францы циганты фестиваль-бæрæгбон куы ралæууы, уæд та уыдонимæ, ома, фламинготимæ дæр фемхæццæ вæййынц.

Ноджы ма сæ уаддзæлхытау æмвæндаг дымгæ йæ разæй куы скæны, уæд тулынц кæйдæр æгæрон дæлвæзты, кæнæ та сæ, нымæц дæр кæмæн нæй, уыцы цæлхытæй иу рауайы æмæ семæ арвгæрæтты ныгъуылд фæндæгты рыг сæ сæрмæ сисынц, науæд та дондыппыр хъуынтъыз мигътæй сæхи ауадзынц алæмæты рæсугъд урсцагъд горæтты уæлæты æввахс æмæ дæрддзæф удæгæсты бæстæты.

Тæхынц, уæдæ нæ тæхынц мæрдты горæтты сæрты дæр. Уыдон дзаг сты алыхуызон мумитæй: фараонты, цæрæгойты æмæ мæргъты, уыдонимæ иблисты, æцæг æмæ мæнг уариты. Удтæ бафиппайынц уый дæр, æмæ хихджын хъæдтæ Мексикæйы цæгатварс иуахæмы хъæдабæ тæнæг хъæццулæй сæхи куыд æрæмбæрзынц – милуангай гæлæбутæ-монархтæ алы рæттæй ардæм æртæхынц сæ райгуырæн бæстæм.

Хатгай кæцыдæр уд дисы бацæуы, æцæгæлон адæймаг кæнæ йæм бæстæвæрд цыдæр зонгæ куы фæкæсы, уæд: «Уый та куыд, уый, æз ам æппындæр куы никæд уыдтæн, уæд! Амæйразмæ æз ацы адæймаджы мæ цæсты кæронæй уынгæ дæр куы никуы фæкодтон, уæд!».

Раст тæккæ афтæ мах дæр, мах бирæ цыдæртæ æмæ кæйдæрты базонæм, уымæйразмæты цытæ нæ зыдтам æмæ кæйтимæ нæ уыдыстæм зонгæ, ахæмты. Нæ буар æй нæ фембары, уый нæ уды хæйрæджджын митæ кæй сты.

Фæлæ хатгай уд исты фыдæрцыды амæттаг дæр бавæййы, зæгъæм, арф цъайы ныххауы, кæнæ искуы искæцы ран ныссæдзы, йе та хæрхæмбæлд фæвæййы тæссæртты фæндагыл Псахехимæ – удтæ уидзæг, æмбырдгæнæгимæ. Æмæ, ахæм уавæры бахаугæйæ, уд афойнадыл нæ раздæхы йæ рæстæгмæйы цæрæнуат буармæ, гъемæ уæд иууылдæр фенхъæлынц, лæг фынæйæ ахицæн, зæгъгæ. Уд куы ссæрибар вæййы, уæд ма бæргæ бацагуры йæ райгуырæн буар, æрмæст ын айрæджы: уæдмæ буар зæххы хай фæкæнынц. Уый та, мæгуырæг, куы райхъал вæййы, уæд уæлæмæ фæндаг нал фæары, æмæ дзы, фæдзæгъæл уæвгæйæ, йæ уд йæхи мыггагмæ айсы. Уымæн, æмæ уды кæддæриддæр рухс æмæ уæрæх тыгъдад хъæуынц, уыдæттæ домы удæн йæхи уарзæгой зæрдæ.

Æз хæлæгæй мардтæн æнусон хæтæнхуаг, æнæрæнцой бæлццон удмæ, мæн дæр уый фæндыд, æмæ цæстыфæныкъуылдмæ алы ран дæр куы фестин, мæ зæрды цы зæхх, цы бæстæ 'рбафта, уым. Æмæ мæ сабиуд зæрдæдзæф фæцис, мæ сабидуг фæкъахыр уыцы хъуыдыйæ, зæгъгæ, мæн та æрвылбон дæр уыцы иу фатеры цæрын хъæуы, уыцы иу сабидонмæ мæ цæуын хъæуы, чысыл фæстæдæр та уыцы иу къласмæ, уыцы иу скъоламæ, уыцы иу горæты! Цыдæр хæраймаг мæм-иу каст алы хатт дæр айдæны уыцы иу цæсгом уынын – мæсты йæм кодтон, мидахаст алцыппæтмæ куыд рæвдз ивы, мæ цæсгом уыйау тагъд цæуылнæ ивы. Æмæ, кæд æнæнхъæлæджы нæ уыд мæ утæхсæн, уæддæр дзы тухийаг фæдæн, ноджы ма мæ хъомылдæрæй дæр нæ ныууагъта, садтæн, нæ дзы дзæбæх кодтон: дард æрвгæрæтты рафæлив-

бафæливгæнæг рухсы тагмæ куы кастæн, уæд та-иу мæ цæссыджы гагатæ сæхигъдауæй мæ рустыл æргæр-гæр ластой. Мæнæ ма абон дæр, тæккæ абон дæр нырхæндæг вæййын, мæ риуы арфæй мæ сонт хъæрзт ссæуы, зæхх æмæ арв кæм баиу вæййынц кæмдæр дун-дунеты кæрон, уырдæм кæсгæйæ.

Тæфсæгау мыл-иу сагъуыд мæ бæллиц, мæн уырдæм фæнды, мæн уыдæттæ мæхи цæстæй фенын фæнды, зæгъгæ. Уæд-иу мæ мад фæудаист, загъд кæнынмæ-иу фæцис мемæ: «Ау, ахæм зын быхсæн уа дæ хæдзары æнцад бадын, æнцад-æнцойæ, иннæ нывыл сабитæ куыд фæразынц, афтæ?! Æвæццæгæн, æмæ мын арæндоны мæхи хъæбулы бæсты мæ фыццаг цыдæр цигайнаг чызджы фæкодтой!»

Уыцы фидисыл æз та цины 'вдылдтæн: æцæгæй уыдтæн хæтæнхуаг знæмты тугæй, æцæгæй!

Фондз азы мыл куы сæххæст, уæд мын рæвдауæндоны балæвар кодтой чиныг – разæй йæ хъæбæр цъарыл уыд Ленины хуызджын ныв, чиныгæн йæ ном дæр афтæ уыд – «Дедушка Ленин». Æз æвæстиатæй, цыдæриддæр дзы æмдзæвгæтæ æмæ зарджытæ уыд, уыдон æнæ чиныгмæ кæсгæйæ мæ зæрдыл бадардтон, уыимæ – революцион зарджытæ дæр. Æмæ дын сæ нанайæн ракъæр-къæр кæнын мæ зæрды куы 'рбафтид. Уый уæларт архайдта æмæ мæм иу хатт дæр фæстæмæ нæ разылд, цалынмæ йын æз цъæхснаг хъæлæсæй декламаци кодтон, уæдмæ.

Æз ныхкъуырдау фæдæн, æрдæгыл фескъуыдтон ма дзæнгæрæджы дзæгъ-дзæгъ.

– Нана, дæ зæрдæмæ нæ цæуынц?

– Уартæ уыцы рæхснæг гæдыбæлæстæ уыныс, – æнæнхъæлæджы загъта ме стырмад, кæрты арвмæ фæцæуæг бæлæстæм амонгæйæ, – мах сæ дæ мадыфыдимæ иумæ ныссагътам нæ фыдæлты ном æмæ кадæн. Уыдон уорктæ, кадджын-радджын уæздæттæ уыдысты. Сæ иутæ, тыхгæнджыты 'фсадимæ хæцгæйæ, уартæ 1779 азы цæугæдон Малкæйы рахизфарс фæмардысты. Цы чысыл ма сæ аирвæзт, уыдон та – 1917 азы, революци йæ цæхæр куы скалдта, уæд. Стæй та – 1937 азы – сæ байзæддæгтæ дæр.

Ацы гæдыбæлæстæ сæ пакъуы нæ калынц. Уалдзæджы та, къуыбар куы рафтауынц, уæд фæкæнынц ноглæмæрст сæны тæф; сæ ноггуырд сыфтæр, куы йæм бавналай, уæд æнгуылдзтыл ныхæсы æмæ сæ сабыр сусу-бусу æхсызгонæй ссæуы.

Уырыссаг æвзагæй ГУСАЛТЫ Барисы тæлмац

ЗУБЕР ТХАГАЗИТОВ

Кæсгон поэт Зубер Тхагазитов райгуырд 12 августы 1934 азы Кæсæг-Балхъары горæт Терекы. Скъолайы фæстæ ахуыр кодта Кæсæг-Балхъары паддзахадон университеты историкон-филологон факультеты æмæ йæ каст фæци 1960 азы. Куыста республикон журналтæ æмæ газетты. 1971 азы йæ равзæрстой Кæсæг-Балхъары Фысджыты цæдисы бæрнон секретарæй, 1991 азы та – сæрдарæй.

1960 азæй фæстæмæ Зубер джиппы рауагъта 20 чиныгæй фылдæр, кæсгон æвзагмæ ратæлмац кодта Шота Руставелийы поэмæ «Стайы цармдарæг».

Кæсæг-Балхъары адæмон поэт хорзæхджыгонд у паддзахадон алы хæрзиуджытæй æмæ орден «Кады нысан»-æй.

Зуберы сфæлдыстады баиу сты адыгаг адæмон сфæлдыстад, уырыссаг æмæ советон классикты традицитæ. Уыдоны фæрцы ирдæй разынд йæ бирæвæрсыг курдиат. Йæ уарзон зæххыл фысса, йæ адæмы хъæбатырдзинадыл 1941-1945 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, цард æви мæлæтыл, æрдз æмæ уарзондзинадыл – æдзухдæр сæйрагдæрыл нымайы адæймаджы нысаниуæг царды.

1987 азы Зубер хицæн чиныгæй рауагъта, алы азты цы литературон-критикон уацтæ фæмыхуыр кодта, уыдон.

Йе сфæлдыстад стыр бынат ахсы адыгаг литературæйы.

ДЗЫРД

Ды – царды бындур, мадæлон æвзаг,
Дæуæй улæфын цинтимæ мæ рыстæй,
Æвæллайгæ, æнæрæнцой мæ уды дзаг
Æз иунæг дзырд фæагурын мæ тыхстæй.

Бæллиццаг дзырд, фæндæгтæ йæм нæ арын,
Куы мын вæййы зын æрцахсæн, фыдзонд.
Куы йæ зæххон хæстæг диссагæй хатын,
Куы та фæсудзы стъалыйау бæрзонд.

Дзырдагур бирæ арвы бын фæхаттæн,
У алкæмæн йæхи стъалы нывгонд.
Æрцыд кæрон мæ æвзонг бонты азтæн,
Æрфысым кодта ме уæхскыл «зæронд».

Æндæр хъысмæтæй риссаг уды бахиз.
Мæ хъизæмæрттæй нал зонын сæрфат:
Кæнæ уыдзынæн рохст дзырдыл уæлахиз,
Кæнæ ныссæдздзæн зæрдæйы йæ фат.

НАНА

О, мæ фæлмæн,
Мæ уарзон нана!
Ды иунæг дæ,
Рæстæджы азарæй
Ахст дæ, нана,
Цæмæй дын,
Куыдæй дын
Фæсурон дæ сагъæс,
Æнцой мын нæ дæтты
Гъе уыцы тыхст хъуыды,
Нана!
Дæу рæстæг,
Æгъатыр, сау рæстæг
Хъæбулы хъæбулмæ
Нæ уадзы нырма,
Нæу дуркъул
Дæ ахæсты бынат, кæс-ма,
Фыдбон азты фæдтæ
Ызгъæр хызты быдау
Дæ фæлмæн цæсгомыл
Нæ дуне 'мæ де 'хсæн лæууынц.
Ызгъæр хызы æдде дæм
Мæргъты зард хъуысы,
Дæ зардæн та райхъуысæн нæй.
Æзгъæр хызы æдде

Митын гæбынатæ
Рог кафгæ зилынц,
Фæлæ сæ ныр нал у
Æрфæзмын дæ бон.
Цы нæ зыны згъæр хызы æдде!
Дæ æвзонг, дæ уалдзыгон азтæ…
Фæлæ уын нæй иумæ фæндаг.
Мæ фæлмæн,
Мæ уарзон нана!
Цæмæй дын у баххуыс мæ бон?
Æвæллайгæ сагъæс
Нæ дæтты æнцой.
Фæнды мæ, куы суаид мæ бон
Дæу суæгъд кæнын уыцы уацарæй,
Фæлæ йæ нæ ахсы мæ зонд.
Æнцондæр – æрфæлдахын
Иннæрдæм дуне.
Дзæгъæл у мæ архайд.
Згъæр хызы æдде
Цы нæ ис, цы нæ!
Уым – де 'взонг, дæ ракæнон азтæ,
Фæлæ дæм тæргайæ – сæ каст.
Сæ фæндаг та – уалдзæгмæ, уарзтмæ,
Дæуæн та дзы нал ис бынат.
Згъæр хызы æдде
Хæрз æрыгон мад
Куыд уарзы йæ фыртимæ хъазын…
Дæ фырттæ та?
Курын хатыр…
Кæнын дын сæ рухс нæмттæй сомы…
Фыдыбæсты хæстæй сæ
Нал раздæхт иу дæр.
Лæууын æз
Сæркъулæй сæ ингæнты раз.
Фыдбоны рæстæджы
Сындзтелы уацарæй

У де суæгъдыл мæ архайд.
Фæцæуын, æрцæуын
Æнæбон, æдыхы цагъарæй.
Дæ иунæджы цардмæ –
Æгæрон фæндæгтæ,
Фæстæмæ та – иунæг æрмæст.
У ахæм дæ хъысмæт.
Нæ йын ары хосгæнæг хос!
Дæ иунæджы царды дыуæрттæн
Ис бирæ дæгъæлтæ.
Æххормаг 'мæ уазал,
Сыдæймарæг азтæм
Фыдæвзаг, нымудзын
Мæ хахуырты мастмæ.
Мæ фæлмæн,
Мæ уарзон, нана,
Йæ диссаг та уый у,
Дæ хъысмæтæй бузныг кæй дæн,
Цæмæндæр мæ 'рфæнды,
Куы уаид раст афтæ мæ фæндаг мæнæн.
Æз федтон: куыд амард æвзонг чызг…
Æз федтон: ныгæнгæ хæрз саби…
О, цал æвзонг уды
Æгъатыр хæст айста…
Æцæгæлон зæххыл дзы цалæй
Сæ ингæнтæ ссардтой.
Мæ фæлмæн,
Мæ уарзон нана!
Нæ мын дæтты иу хъуыды 'нцой:
Цы саразын хъæуы, цæмæй
Йæ иунæгдзинадæй
Рæстæджы ахæстæй
Дæ хуызæн сыгъдæг уд
Ферваза 'рмæстдæр,
Куы бафсæда кæстæрты хурæй, гъеуæд.

Уырыссаг æвзагæй КАСАТЫ Батрадзы тæлмац

МАГОМЕД КУДАЕВ

Магомед Кудаев у Кæсæг-Балхъары республикæйы хистæр кары фысджытæй. Райгуырд 1933 азы Челмасы. 1944 азы йæ ахастой Астæуккаг Азимæ. 1957 азы службæ кодта Советон Æфсады. 1965 азы г. Семипалатинскы каст фæцис контролонбарæн приборты техникум. 1972 азы та – хæринаггæнджыты уæлдæр скъола.

Йæ сабибонтæй фæстæмæ царды бирæ зындзинæдтæ бавзæрæгæн йæ уды хъынцъымтæ литературон уацмысты равдиса, уымæн, ай-гъай, гæнæн нæ уыд. Йæ радзырдтæ агайынц адæймаджы хъуыдытæ æмæ зæрдæ, æвзæрын æм кæнынц арф æнкъарæнтæ. 1980 азæй фæстæмæ йæ уацмыстæ цæуын райдыдтой Кæсæг-Балхъары газеттæ æмæ литературон журнал «Минги-Тау»-ы. Рацыд ын чингуытæ «Судьба» (1995), «Из огня в полымя» (1995), «В дороге» (1998).

У Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг.

АРМЫДЗАГ ХОРЫ НÆМГУЫТÆ

Новеллæ

Арын дзы, йæ фыдыуæзæгæй кæй сыстын кодтой æмæ кæйдæр бæстæйы чи баззад, уыдоны рухс ном.

Фондзаздзыд сывæллон иунæгæй хъазыд Баксаны комы Кылдыйы хъæуы æлыгæй конд хæдзары кæрты. Тымбылкъухы йас дуртæй сис арæзта. Хатгай-иу, йæ къухмæ дур сисгæйæ, ныхас кодта хæдзары къулмæ æнцойгонд къамимæ. Уырдыгæй йæм, мидбылты худгæйæ, каст, афицеры пъагæттæ кæуыл уыд, ахæм æфсæддон.

– Куыд дæм кæсы, мæ фыд, мæнæ ацы дур дæлæ уым сфидаудзæн? Ды куыд зæгъай, афтæ бакæндзынæн.

Лæппу ахæм хуызы ныхас кодта, йæ Райгуырæн бæстæ æмæ йæ адæмы сæрвæлтау Фыдыбæстæйы Стыр хæсты алы фронтты, йæ туг калгæйæ, знæгты ныхмæ хъæбатырæй чи тох кодта, уыцы фыдимæ. Райсомы сатæг дымгæ æнæхуынд уазæгау къуымты разылд, йæ рог базырæй къам раппæрста, фæлæ йæм лæппу фæцырд, ацахста йæ, къæмдзæстыг хуызæй йæ æрбалхъывта йæ риумæ æмæ дарддæр йемæ ныхас кодта.

– Мæ фыд, фæрæдыдтæн, æмæ мын æй ныббар, – загъта æмæ къам ногæй къулы æнцой æрæвæрдта. Раласта йæ къурткæ æмæ, цæмæй дымгæ ногæй къам ма раппара, афтæ йæ баауон кодта æмæ уый фæстæ йæ куыст дарддæр кæны.

– Мæхæмæт, мæ къона, дæ фыд ног къам куы нæ сæрвита, уæд нæм уый йеддæмæ æндæр нæй. Къæрцхъусдæр у, хъахъхъæн æй, дымгæ йæ куыд нæ ахæсса, афтæ, – фæлмæн хъæлæсы уагæй загъта, йæ дзыккутæ зæрин хуры тынты хуызæн кæмæн уыдысты, ахæм рæсугъд сылгоймаг. Æргуыбыр кодта æмæ сывæллоны цæстытæн аба кодта.

– Мамæ, мæ фыдмæ писмо куы 'рвитай, уæд ма йæм-иу ныффысс, цæмæй бирæ къамтæ сæрвита. Хорз? – йæ мады узæлд ын тынг æхсызгон кæй уыд, уый йæ хъæлæсы уагæй æвдисгæйæ, загъта лæппу.

– Хорз, мæ удлæууæн, ныффысдзынæн, – йæ цæссыгтæ йæ сæрбæттæны кæронæй асæрфгæйæ, загъта мад. – Мæхæмæт, мæ зæрдæйы уидаг, абон дукани иннæ хæттытæй раздæр байгом кæндзысты. Хъуамæ, Ташкурумæй (Тырныаузæй) алцытæ æрбаласой. Исты ахæр, æмæ цом.

Куыддæр мад дзырд фæци, афтæ райхъуыст, æнæхъæн хъæуы, стæй ма суанг цæугæдон Баксаны уынæр дæр йæ быны чи фæкодта, ахæм бирæ машинæты гуыв-гуыв. Йæ уд йæ къæхты бынæй ауад Самхъызæн. Фæлæбурдта лæппумæ æмæ йæ йæ риумæ æрбалхъывта. Саби та йæхи феуæгъд кодта йæ мады хъæбысæй æмæ азгъордта, раздæр кæм хъазыд, уырдæм. Фелвæста йæ фыды къам, амбæхста йæ йæ роны æмæ фæстæмæ йæ мадмæ йæхи нылхъывта.

Райсомы æнцой æмæ Кылдыйы хъæуы сабыр уаг халгæйæ,

Баксаны комы уым уæлæмæ фæцæйцыд машинæты чырæ. Йæ фырты йæ хъæбысы æрбакæнгæйæ, мад дзæвгар рæстæг лæууыд æмæ каст сæ фæстæ, стæй, йæхимæ æрцæугæйæ, бацыд хæдзармæ.

Сахат дæр нæма рауад, афтæ банкъардта, цыма зæхх йæ къæхты бын кæдæмдæр фæцæуы. Бæстæ хъæр æмæ хъæлæба сси. Уасыдысты хъомтæ æмæ фыстæ, хъæр кодтой адæм. Райхъуыст топпы гæрæхтæ æмæ куыйты зæрдæхалæн ниуд. Сыхæгтæ иууылдæр базмæлыдысты. Хъæуыл ахæлиу, се 'ппæты дæр сæ цæрæн бынæттæй æрвитынц, зæгъгæ, ахæм ныхас. Баксанæн йæ хуссарварсырдыгæй доны сæрты стыр хид кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ афицертæ салдæттимæ бавнæлдтой хъæуы цæрджыты чысыл хидыл фистæгæй ахизын кæнынмæ. Алы хæдзар дæр уыд дыууæ-æртæ салдаты бæрны. Уыдон бардзырд радтой, цæмæй адæм сахат æмæ 'рдæгмæ фæндагмæ рæвдзæй рацæуой. Сæ гæнæнтæ æмæ уавæртæм гæсгæ цæрджытæй алчидæр архайдта йемæ фылдæр дзаумæттæ райсыныл. Самхъызæн йæ хъæбулæй дарддæр ничи уыд. Фондзаздзыд сывæллонмæ та ацу æмæ æххуысмæ æнхъæлмæ кæс... Йæ лæджы йын хæстмæ куы акодтой, уæдæй нырмæ фондз азы рацыд. Уымæн йæ бинонтæн «хорзæй баззайут» зæгъыны фадат дæр нæ фæци. Фыццаг æм Финляндимæ хæстмæ фæсидтысты, уый фæстæ та – Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ. Æмæ ныр афицеры цины Райгуырæн бæстæ хъахъхъæны немыцаг æрдонгтæй. Фадат ын куы фæвæййы, уæд йæ хъæбулы зæрдæ барухс кæны чысыл лæвæрттæй. Æрæджы йын сæрвыста тæнæг сæракæй фæлмæн цырыхъхъытæ. Кæд Мæхæмæтæн дынджыр уыдысты, уæддæр лæппуйы цинæн кæрон нæ уыд.

Ныр уыцы цинæн йæ фæд дæр нал баззад. Мигъты фæстæ чи бамбæхсы, ахæм хурау æй æппындæр нал тавы.

Самхъыз æппынфæстагмæ бамбæрста, æцæгæйдæр сæ сæ фыдыуæзæгæй кæй æрвитынц, уый. Йæ фыртыл хъармдæр дзаумæттæ скæнгæйæ, райдыдта йæхи цæттæ кæнын. Мæхæмæт, цы уавæр сæвзæрд, уый æнкъаргæйæ, нæ кæугæ кодта, нæ – тæргæйттæ. Зылд йæ мады алыварс æмæ йæ фарста, цæмæй йын аххуысс кæна, уымæй. Самхъыз хъавыд йæ къахыдарæс акæнынмæ, фæлæ йæм Мæхæмæт фæцырд: «Фæлтау мæнонтæ скæн!» – æмæ

йын йæ разы æрæвæрдта йæ фæлмæн цырыхъхъытæ.

– Дæ сæрыл хаст фæуон, мæ уды катай мын чи 'мбары, – йæ фырты рæвдаугæйæ æмæ йын йæ цырыхъхъытæ кæнгæйæ, дзырдта Самхъыз.

Амынд афон Самхъыз рахызт уынгмæ. Йæ иу къухæй хæцыд лæппуйыл, йæ иннæ къухы та хаста, иу чумæданы йын чи бацыд, уыцы дзаумæттæ. Тæккæ рахизæны йын салдæттæй иу йæ цырыхъхъытæм фæкомкоммæ æмæ дзы бадомдта, цæмæй сæ раласа. Самхъыз не сразы. Салдат æррайау фæци, йе уæхскæй топп æррæцыхта æмæ йæ, æлгъитгæ-æлгъитгæйæ, сылгоймаджы ныхыл авæрдта. Лæппу скуыдта æмæ, йæ мады къæхтыл ныттыхсгæйæ, куырдта:

– Ратт ын сæ! Æз мæ фыдмæ ныффысдзынæн, цæмæй ма нын ноджыдæр ахæмтæ сæрвита.

Салдат, Самхъызы ныхæй хæцæнгарз айсгæйæ, йæ мадыл чи баныхæст, уыцы сывæллонмæ æнæрвæссон хуызæй сдзырдта:

– Куыдзæй гуырд! – æмæ йæ йæ къахæй скъуырдта.

Самхъызы цæстытæ атартæ сты, салдатæн сыгъдæг уырыссагау загъта:

– Уый куыдзæй гуырд нæу, фæлæ хæстон советон афицеры фырт у! Сырд, æлгъыст фæу, йæ адæймаджы цæсгом чи бахордта. Фæлдыст дын фæуæнт, дзæгъæл куыдз.

Самхъыз уал иу цырыхъхъ раласта æмæ йæ салдаты цæсгомыл ныццавта.

Дыккаг цырыхъхъ нæма раласта, афтæ сæ хъæрмæ фæзынд афицертæй иу æмæ, цы 'рцыд, уымæй сæ афарста.

– Æмбал хистæр лейтенант, ацы салдатыл цæсгом нæй, мæ къæмисæнмæ мын хæцæнгарз ныддаргæйæ, домдта, цæмæй мæ цырыхъхъытæ раласон. Стæй нæм æвзæрдзыхæй дар дзырдта. Мах дæр дæу хуызæн советон афицеры бинонтæ стæм æмæ знаджы æвзæр цæстæнгасы аккаг не стæм.

Мæхæмæт кæд уырыссаг ныхæстæй бирæ нæ бамбæрста, уæддæр, дзырд цæуыл цæуы, уый банкъардта æмæ йæ мады ныхæстæ фæбæлвырддæр кæныны тыххæй йæ ронæй райста йæ фыды къам æмæ йæ, афицермæ бадаргъ кæнгæйæ, загъта: «Мæ фыд».

Афицер лæппуйы къухтæй райста къам, йæ цæстытæ донæй айдзаг сты, æмæ сæ, Самхъызæй йæ цæсгом иуварс аздахгæйæ, асæрфта. Стæй хъуынтъыз бонау йæ цæсгом фæтар.

– Цы дæ фæнды, уый кæн, фæлæ дæ абонæй фæстæмæ куыд нал фенон, афтæ бакæ! Тагъд ардыгæй фесæф! – фæхъæр кодта салдатыл.

Уый фæстæ афицер Мæхæмæтмæ радта йæ фыды къам, ахæцыд ын йæ къухыл æмæ сæ хиды онг ахæццæ кодта. Фæндараст сын загъта æмæ аздæхт. Хидыл цытæ цыд, уыдон та – диссæгтæн дзуринаг. Фенхъæлæн уыд, дуне сæрра, зæгъгæ. Адæм куы базыдтой, æрвитгæ сæ кæнынц, уый, уæд иуæй-иутæ сæ фос, дзæгъæлæй сæ ныууадзынæй тæрсгæйæ, æрбатардтой стыр фæндаджы цурмæ, сæ хицæутты фæстæ чи згъордта æмæ иу ран чи бабирæ сты, уыцы куыйтæ та кæрæдзи хъуын-хъис калдтой. Цæмæй ма фæхицæн уой æмæ иу машинæйы сбадой, уый тыххæй æрвадæлтæ æмæ хæстæджытæ кæрæдзимæ хъæр кодтой. Самхъыз, йæ сывæллоны йæ хъæбысы æрбакæнгæйæ, машинæтæй иуы дзуццæджы æрбадт. Адæм иууылдæр сæ бынæттæ куы ссардтой, уæд машинæтæ араст сты сæ фæндагыл.

Куыйты иу хай ныййарц сæ хицæутты фæстæ, фæлæ машинæтæ фæтагъддæр кодтой сæ цыд, æмæ уæд уыдон фæсте аззадысты. Чысыл фæстæдæр та æппындæр нал зындысты.

Адæмы æрæмбырд кодтой Налцыччы æфсæнвæндаджы вокзалы æмæ сæ бавгæдтой фосласæн вагæтты.

Уалдзæг нæма æрбахъарм, æмæ вагæтты уыд тынг уазал. Æнæбон зæрæдтæ æмæ сывæллæттæ сæхи æруагътой къуызыртæ фæйнæджытыл, иннæтæ сæхи байстой къуымтæм æмæ, æнæдзургæйæ, дзуццæджы бадтысты. Уыцы æмыр æхгæд вагæтты æппæтæй зындæр уый уыд, æмæ дзы адæймагæн йæхи хъуыдыйы ауайынæн æппындæр ницы фадат разынд. Уæлдай æвирхъаудæр уавæрты бахаудысты сылгоймæгтæ. Сæхæдæг вагоны иу къуым ширмæйæ фæхицæн кодтой. Фæлæ семæ хæринаг ницы рахастой æмæ æххормагæй мардысты.

Бон-иу иу хатт æдзæхх доныл скодтой цыдæр хъæрмхуыпгонд. Алкæмæн дæр дзул лæвæрдтой барстæй. Мæхæмæт æмбæрста

уаваер, архайдта йæ мады хъыджы нæ бацæуыныл, тæргæйттæ нæ кодта, стæй хæринагыл нæ куыдта.

Куыддæр Казахстаны арæныл бахызтысты, афтæ стыр станцæты иу иннæйы фæдыл вагæттæ уæгъд кæнын райдыдтой поездæй. Самхъыз йæ фыртимæ цы вагоны уыд, уый станцæ Отары эшелонæй фæхицæн кодтой. Иннæ вагæтты Алма-Атайы 'рдæм арвыстой. Салдæттæ адæмы, фос куыд уа, афтæ нымадтой æмæ сæ бадын кодтой бæхтæ кæнæ галтæй ифтыгъд уæрдæтты. Цы хъæутыл сæ уæрстой, уырдæм семæ цыдысты коменданттæ. Самхъызы цалдæр биноитимæ баластой, Сырх Октябрь чи хуынд, ахæм чысыл хъæумæ. Цы æрдæгхæлд æлыгæй конд хæдзæртты сæ æрцæрын кодтой, уыдонмæ базылдысты æмæ сæ мæгуыры бонтæ æрвитын райдыдтой.

Мæхæмæт фыццаг рæстæг æххормаг не 'ййæфта. Семæ цы чысыл мулк æрластой, уый Самхъыз сабыргай ссад æмæ хорыл ивта. Фæлæ фæззæджы куы фæуазæлттæ кодта, уæд сæм, сæ рæбынæй цы райсой, уый нал уыд. Æмæ уæд иннæ æрвыст адæмимæ, хорæфснайæнты фæстæ быдырты цы иугай æфсиртæ баззад, уыдон уыгътой. Фæлæ-иу бон изæрмæ гуыбыræй цы хоры нæмгуытæ фембырд кодтой, уыдон сын-иу хъалагъуртæ байстой.

Ахæм рæстæг-иу Самхъыз æрæмбырд кодта къæцæлтæ æмæ, цæмæй Мæхæмæт ма мæт кæна, уый тыххæй-иу, сæхимæ æрбаздæхгæйæ, дзырдта, зæгъгæ, æфсиртæ æмбырд кæнынмæ нæ уыд, фæлæ арт кæнынæн лыстæнтæ амал кæнынмæ. Хæринаг та-иу скодта, йæ рæбыны уæлдай тыхстдæр бонтæн кæй дардта, уыцы æвæрæнтæй. Мæхæмæты бафсадыны фæстæ-иу йæхæдæг баззад æххормагæй æмæ-иу æнæхъæн бон нызта æрмæстдæр дон.

Цæмæй хæринаг скæной, уый тыххæй бæласы хус къалиутæ æмæ къæцæлтæй кодтой арт. Дымгæтæ æмæ къæвдатимæ ралæууыд фæззæг, стæй фæуазæлттæ кодта. Уыд ахæм рæстæджытæ, æмæ-иу уаты къæртайы дон ныссалд.

Октябры кæрон ныууарыд мит, æмæ сын сæ ирвæзынгæнæг хоры нæмгуытæ уидзын ферох кæнын бахъуыд.

Уый сын фаг нæ уыд, фæлæ ма Самхъыз дæр фæрынчын. Рæстмæ йын йæ къæхтыл слæууын нал æнтыст. Йæ рæуджытæ

суазал сты, хуыфыд, хуыдуг кодта æмæ хъизæмæрттæ æвзæрста. Ноджы ма йе 'вæрæнтæ дæр сафтид сты.

Самхъызæн йæ сæрыстырдзинад æмæ йæ раст хъомылад бар нæ лæвæрдтой мæгуыргур цæуынæн. Стæй кургæ дæр кæмæй цы ракодтаид, кæд æмæ йæ алыварс адæм сæхæдæг мæгуыраей мардысты, уæд? Æрмæстдæр сын сыдæй ма амæлынæн стыр ныфсы хос уыд быдыры хоры æфсиртæ æмбырд кæнын.

Цы армыдзаг хъæбæрхоры нæмгуытæ сфæстауæрц кодта, уыдонæй сцæттæ кодта курмач, æрæвæрдта йæ Мæхæмæты раз. Лæппу нæмгуытæн сæ иу хай ахордта, иннæ хай, «мамæ, æз бафсæстæн», зæгъгæ, йæ мады цур самадта.

– Æз æххормаг нæ дæн, – загъта-иу Самхъыз æмæ, иунæг гага дæр йæ дзыхмæ нæ сисгæйæ, йæхи цæттæ кодта, быдырмæ æфсиртæ уидзынмæ.

Алы хъуымацы гæппæлтæй йын бахуыдта æрмкъухтæ, стæй Мæхæмæты батыхта цалдæр фæлысты зæронд дзаумæттæй, æмæ араст сты быдырмæ. Цалынмæ уырдæм хæццæ кодтой, уæдмæ хур акъул. Рæвдз-рæвдз сæ къæхтæ æмæ къухтæй мит хафгæйæ, агурын райдыдтой æфсиртæ.

Мит куы рауарыд, ууыл кæд цалдæр боны йæддæмæ нæ рацыд, уæддæр дзæбæх ныхъхъæбæр, æмæ йын дымгæ йæ салд уæлцъарыл æнцонæй сыххуытт кодта. Йæ быны мит та уыд хæмпус, æмæ йæ дымгæ фæйнæрдæм йæ базыртыл хаста. Хурныгуылдмæ ма сахатæй къаддæр баззад, афтæмæй мад æмæ фырт цалдæр æфсиры йеддæмæ не ссардтой. Самхъыз бафæллад æмæ йæ йæ къæхтæ размæ нал хастой. Мæхæмæтмæ та афтæ каст, цыма мад, миты хъæбæр цъарыл арф фæдтæ уадзгæйæ, цæуы йæ хæдфæстæ. Афтæмæй та æмбаргæ дæр нæ бакодта, куыд дзы адард æмæ йæ фæсте кæй баззад, уый. Фездæхт æмæ йæм агурæг азгъордта. Мæхæмæт цы фæдтæ ныууагъта, уыдоны цур, йæ къухыл йæхи æруадзгæйæ æмæ тыхулæфт кæнгæйæ, митыл бадт Самхъыз. Йæ хъæбулы фенгæйæ, йæ къух йæ быны фæтасыд æмæ размæ митыл йæхи бахаста. Лæппу цæф сырдау ныууынæргъыдта æмæ йæ уæрджытыл æрхауд.

– Мамæ, цы кæныс? – йæ фæлурс цæсгоммæ йын кæсгæйæ æмæ йæ хъарм цæссыгтæ ныхъуыргæйæ, тарстхуызæй фарста.

Самхъыз хуыссыд митыл æмæ тыхамæлттæй дзырдта:

– Мæхæмæт, мæ хъæбул, мæ зæрдæлæууæн, дæ фыд æнæмæнг дзæбæх æмæ сæрæгасæй сыздæхдзæн хæстæй æмæ йын-иу зæгъ, уæ дыууæйы дæр мæ удæй фылдæр кæй уарзтон, уый. Уый фæстæ Хъуыранæй бакаст иу чысыл сурæ – Хуыцаумæ куывд æмæ, арф ныуулæфгæйæ, парахат цæстæй скаст арвмæ æмæ басабыр. Дымгæ та зылд быдыры къуымты, йæхи-иу ахафта Самхъызы цæсгомыл æмæ йын, чысыл раздæр йæ рустыл цы судзгæ цæстысыгтæ згъæлдысты, уыдонæй сарæзта урс фæрдгуытæ.

Мæхæмæт схæцыд йæ мады сæрыл æмæ йæ йæ хъæбысы æрбакодта.

– Мамæ, Хуыцауæй курæгау дæ курын, ма амæл! – æмæ ноджы хъæрдæрæй ныккуыдта.

Уыцы фондзаздзыд сывæллоны тæригъæдмæ кæсгæйæ, дойнаг дур дæр аскъуыдайыд.

Армыдзаг адæмы аххосæй сæфт æнæхъæн адæмы фидæн, уæдæ æрмæст ацы сывæллоны сæр цытæ бавзæрста, уый дæр ницæимæ абарæн уыд. Уазал хъызт зымæджы, митæй æмбæрзт æмвæтæнæг быдыры зыбыты иунæгæй уый бадт йæ мард мады цур æмæ хъарæггæнæгау цыдæртæ кæугæйæ дзырдта. Ахæм зындзинад бауромын стыр адæймаджы бон дæр нæу, уæд цавæр фæрстæ хъуыд уыцы сывæллонæн? Ничи йын баззад, йæхи кæмæ бакъул кæна, чи йын фæтæригъæд кæна, йæ уды рыст æмæ йын катай чи бамбара, ахæм. Фæлæ алцыдæр Хуыцауæй аразгæ у, хъысмæты ныхмæ адæймаг æдых у.

Цыбыр рæстæгмæ цы тухитæ æмæ зындзинæдтæ бавзæрста, ныр ма йын уыдоныл бафтыд сидзæры уаргъ дæр. Мæнæ æцæгæлон бæстæйы изæрдалынгты бады миты рагъыл æмæ хъæлæсыдзагæй йæ мады мардыл кæуы. Ничи йæ хъусы, хъæуæй йæм ничи батагъд кæндзæн, йæ рыст зæрдæмæ йын ничи ныккæсдзæн.

Фæлæ цард канд фæлварæнтæй нæу. Лæппу фæлурс мæйы рухсмæ ауыдта сау æндæрг. Уый сыхаг хъæуæй бæхыл æрбацæйцыд цæцæйнаг Абдул. Адæм æй йе уæнгты кондмæ гæсгæ Абдулкъæдзæх хуыдтой. Уый иу бон дæр æгуыстæй никуы бадт, кæддæриддæр архайдта адæмæн æххуыс кæныныл. Мæнæ ныр

дæр, дардмæ лæппуйы кæуын фехъусгæйæ, æрцавта йæ бæхы æмæ Мæхæмæты цур февзæрд.

Сылгоймаг мард кæй у æмæ йæ иунæгæй аласын йæ бон кæй нæ бауыдзæн, уый тыххæй æххуысагур батагъд кодта хъæумæ. Лæппу та нæ ракуымдта йемæ, нæ ныууагъта иунæгæй йæ мады.

Абдулы фæзындмæ Мæхæмæт афта суазал, афтæ басыд æмæ йæ гæртт-гæртт цыд. Йæ хъæлæс фыр куыдæй ныффæсус, фæлæ уæддæр йæ мадмæ сидт æмæ дзы атонын нæ куымдта.

Хуыцау йæ зонæг, цæцæйнаг лæг рæвдз нæ фездæхт, зæгъгæ, уæд Мæхæмæт цы бауыдаид. Абдул йæхæдæг дæр бирæ зындзинæдтæ æмæ хъизæмæрттæ бавзæрста, сæ цæрæнбынæттæй сæ куы сыстын кодтой, уæд æмæ ныр йæ зæрдæмæ тынг хæстæг айста ацы æнамонд сидзæр сывæллоны уавæр.

Абдул Мæхæмæты йæ мады цурæй систа, раласта йæ кæрц æмæ йæ уымæй хъарм æрбатыхта. Йæхæдæг сæркъулæй æрлæууыд мард сылгоймаджы раз. Йæ хъуыдытæ йæ ахастой, æцæгæлон бæстæйы йын æххормагæй чи амард, уыцы мадмæ. Сæ бынæттæй кæй сыстын кодтой, уыцы адæмы минæвæртты Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй куы рарвыстой æмæ уырдыгæй куы ссыд, уæд йæ мады тынг рынчынæй сæййæфта. Бынтон слæмæгъ: йæ фæстаг дзулы къæбæр дæр йæ кæстæртæн фæстауæрц кодта. Ныр мæнæ йæ мады хуызæн ацы сылгоймаг дæр сыдæй æмæ уазалæй йæ адзал кæйдæр бæсты ссардта.

Хъæуæй æххуысмæ фæзындысты адæм æмæ йын йæ уæззау хъуыдыты хал фескъуыдтой. Абдул Мæхæмæты сæвæрдта бæхыл, йæхимæ йæ æрбалхъывта æмæ йæ ных сарæзта хъæуы ´рдæм. Мæхæмæт та кæрцæй сдардта йæ сæр æмæ, хæкъуырццæй кæугæйæ каст, йæ мад кæм баззад, уыцы бынатмæ. Адæм Самхъызы мард сæвæрдтой, цы иунæг дзонытъ сæм уыд, уым æмæ йæ æрластой йæ хæдзармæ. Дыккаг бон рæстæг фæсаст, æмæ иумæйаг тыхтæй мард банытæдтой.

Мæхæмæт йæ мады нытæнæн бон уым нæ уыд. Æхсæвы тынг стæвд кодта æмæ бауадзыг. Ферæздзæн, ууыл йæ зæрдæ ничи дардта. Ахæм уавæры фæхуыссыд цалдæр боны. Йæ былтæ

ныскъуыдтæ сты, агуырдта дон æмæ фæсус хъæлæсæй сидти йæ мадмæ.

Алцыдæр Хуыцауæй аразгæ у. А зæххыл чи цæры, уыдонæй алкæмæн дæр хуры рухс фены, стæй йæ фæстаг сулæфты бонтæ дæр йæ ныхыл фыст сты. Мæхæмæтæн сæ æмгъуыдæй раздæр Дунесфæлдисæг нæ фæкъаддæр кодта. Цыппæрæм бон йæхимæ æрцыд, байгом кодта йæ цæстытæ, афæлгæсыд йæ алфамбылай æмæ ахъæр кодта йæ мадмæ. Фæлæ йын дзуапдæттæг нæ фæци. Æмæ уæд йæ зæрдыл алцыдæр æрлæууыд: йæ мад ын æрмкъухтæ куыд бæхуыдта, мæнæуы нæмгуытæ æмбырд кæнынмæ куыд ацыдысты. Йæ цæстытыл ауад, йæ мад митыл куыд хуыссыд æмæ йæ дымгæ урс хъæццулау митæй куыд æмбæрзта, стæй йæ цæцæйнаг Абдул хъæумæ куыд æрласта, уый.

Хъæуккæгтæй иу дæр Мæхæмæтмæ уазал цæстæй нæ ракаст. Кæд æй Абдул йæхицæй никуыдæм ауагъта, никæуыл æй бауæндыд, уæддæр æм-иу хъæуккæгтæ æнæ бауайгæ æмæ йæ æнæ арæвдаугæ нæ фесты. Хуыцауæн табу, Абдулы фæрцы Мæхæмæт бонæй-бон хуыздæр кодта, фæхæцыд йæхиуыл. Чысыл фæстæдæр хабар фехъуыст сыхаг хъæумæ йæ мадырвадæлтæм, æмæ æрбацыдысты læппуйы сæхимæ акæнынмæ. Цæцæйнаджы æппындæр нæ фæндыд Мæхæмæты йæхицæй ауадзын. Ахæм зынаргъ ын сси, афтæ йыл сахуыр, йæ зæрдæйы йын ахæм хъарм бынат бацахста, æмæ йын зын уыд læппуйы хæстæджыты уынаффæимæ сразы уæвын. Иунæгæй кæм баззад æмæ йæм амонд кæцæй нæ худт, уыцы къуымтæ чысыл Мæхæмæты уды хъармæй фæцардхуыз сты. Фæлæ уæддæр сразы Абдул, ауагъта læппуйы йæ хæстæджытæм, йæ зæрдæйæ та йæ атонын нæ бауагъта. Бæрæг æй кодта, дардта йæм йæ цæст, уæдæ йæ æххуыс æмæ фæкæсынхъуаг дæр нæ уагъта.

Уырыссаг æвзагæй
ХЕСТАНТЫ-БУТАТЫ Победæйы тæлмац

АМИНА ГАЗАЕВА

Амина райгуырди 1993 азы Янкойы хъæуы. Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта æвзонджы бонты. Мыхуыры йын цыдысты газеттæ æмæ журналты. 2008 азы архайдта, Цæгат Кавказы республикæты æрыгон фысджытæн цы æмбырд уыд, уым. 2014 азы бацахста фыццаг бынат Кязим Мечиев æмæ Исмаил Селеновы номыл фысджыты ерысы. 2015 азы рацыд йæ фыццаг чиныг «Цæуын æз хидмæ». У Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг.

СТЪАЛЫДЖЫН ÆХСÆВ

Стъалытæ цæйбæрц ис арвыл ахсæв!
У уæлдæф рог, йæ уддзæф та – æхцон.
Уд дунейы æхсызгон сабыр ахсы,
Цæрын дæр у, фыссын дæр у æнцон.

Уæлиау дард стъалыбадæн тыгъды
Мæй ратылдта йæ худгæ тымбыл цалх.
Йæ рухсмæ зæхх фæлмæн сыгъдæй ыссыгъди,
Æрдз райдыдта йæ хонгæ кафты цагъд.

Дæ цæстытæ кæрæдзи уæлæ аваæр,
Балхъары зæхх, æмæ ло-ло-тæ кæн.
Æз сындæггай уздзынæн дæ авдæн
Æмæ кæндзынæн зарджытæ дæуæн.

Хуыссæг кæй 'н ахсы, уыцы цæугæдонæн
Йæ зард æрцард гæлæбуйы уæнгты.
Уадз, гæлæбу хъулон-мулон хæдоны
Тæха дæ хъæууон сисамад уынгты.
Уадз, зара сын нæ хæхты рагон зарæг,
Мæ Балхъары – мæ уромæг, мæ дарæг.

ЦÆУЫН ÆЗ ХИДМÆ

Фынтыл æз не 'ууæндын.
Куыйтæй иргъæвдзынæн
Мæхи мæхæдæг.
Æмæ цæуын –
Мæн Хидыхъусмæ бацæуын фæнды.
Æмæ арæхстгай цæуын:
Мæ къах куыд ницæуыл ыскъуырон
Æмæ куыд нæ ныммидæг уон
Цæугæ доны хуылфы.

Цыма мын 'нæуи ницы тас у 'ппындæр,
Цыма адзалæй нал баззад мыггаг,
Цæуын, æмæ мæ зæрдæ йæхи къултыл
Хойы: «Хæрдмæ,
Хæрдмæ, йæ уаз сыгъдæгмæ арвæн!»

Уæззау у æмæ дард у тынг мæ фæндаг,
Рæстамонд,
Мемæ цу!
Мæ фæндагæй мын ма фæтæрс,
Мæ амонд,
Мæ уд æрмæст уæд уыдзæни сабыр,
Куы уа мæ хæдзар
'Нæ уæлдай хъæлæба,
Йæ сабырыл куы цин кæна нæ зæхх.

Налхъуыт бибитæн макуы баком сайын.
Хæлæгæн ма уадз хурх кæнын
Дæхи.
Æмæ дæ уд куы судза искуы стæй,
Уæд уый артæй
Фыдвæнд æмæ фыдгæнд æрцæуой
Хъуамæ сыгъд.

Цæмæй фæуай уæлахиз,
Хъæуы йын бирæ рæстæг уымæн.
Нæй, рæстæгæй дæсныдæр дæсны нæй.
Зынцæуæн у 'мæ дард у тынг мæ фæндаг.
О, Стыр Хуыцау,
Дæуыл фæдзæхст фæуæд.

***

Уыдзæн та æрдзы æхсæв бæстæ талынг,
Фыдмигътæй арвы рухс цæсгом сыгъд у.
Тæригъæдджын зæххæй æнæтæригъæд алыгъд,
Æмæ ныккалд дзæбидыры сырх туг.
Мæнмæ цæмæн æрбасхъæл дæ, цуанон,
Дæхицæй ам цы ныхъхъал дæ æргом?
Де 'рцыд мын цы хорз æрхаста, ц' амонд?
Уым – балбирæгътæ, ацы ран – æрдонг.
О, Стыр Хуыцау, мæ хъаст дæумæ нæ хæссын,
О, ацы змæст æмæ уæззау рæстæг.
Мæхи уынын, æви мæм чи ныккæсы?
Мæ фæсхъус чи ныуулæфы хæстæг?

О, бирæгъбал, мах афтæ 'нгæс цæмæ стæм?
Мæ зæрдæйы цæмæн сысты тымыгъ?
Мæхиуыл æз фæтых вæййын мæ мæстæй, –
Мæ цыргъ дæндæгтæн акæлы сæ пырх.
Бæргæ, ныффæраз ацы зынты бирæйæн.
Æмæ дæ царды сабыр койтæ кæн.
Дзæбидыр дæр, цуанон дæр 'мæ бирæгъ дæр
Мæхæдæг дæн – кæй аххос мын у, кæ?!

***

Абонæй соммæ цы 'рцæудзæни, уый-ма мын зæгъ.
Мæ зæрдиаг бæллиц 'рцæудзæни, не 'рцæудзæн? Кæд?
Кæдæмфæнды афтай, уæддæр-иу фæстæмæ ыздæх,
Нæ хъусай, нæ уынай – зæххы хъарм-иу бацагур уæд.

Цы нæ вæййы, цы! Нæ бамбæрстай – бауу æнд уæддæр.
Кæд де 'ууæнк дæр амарди – рабад дæ фæндагмæ раст.
У фæндаг æнæсгæрст – кæм ысты йæ кæрон, йæ сæр.
Ам талынг ныууадз æмæ рухсмæ цæудзынæ æмраст.

Æууæндыдтæн æмæ алы рæнхъ афтæ фыстон,
Цæмæй уа мæ зæрдæ сæрибар бынтондæр.
Æз арвы нæрд, дымгæты къуыс-къуыс хъуыстон,
Ныр уыдоны бафæзмон, уымæ ифтонг дæн.

Уырыссаг æвзагæй ХУЫГАТЫ Сергейы тæлмац

ВЛАДИМИР МОКАЕВ

Райгуырди 1950 азы Уралы. Амы æрдзы рæсугъддзинæдтæ æнæфæзынгæ нæ фесты йæ удыхъæды рæзтыл. У Кæсæг-Балхъары республикæйы Культурæйы сгуыхт кусæг, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг.

Владимир у нывгæнæг, поэт, музыкант. Мыхуыры рауагъта йе 'мдзæвгæты фондз чиныджы, автобиографион роман «Бобоpанка» æмæ радзырдты чиныг.

Кусы Кæсæг-Балхъары республикæйы Аивæдты музейы æвæрæнты сæйраг специалистæй. У Уæрæсейы адæмон æрмдæсны. Гæрзармæй арæхсы Цæгат Кавказы цæрæг адæмты музыкалон инструменттæ, хæдзары архайæн этнографион дзаумæттæ аразынмæ. Йæ ном дæрдтыл хъуыстгонд у. Йæ куыстытæн уыд сæдæ равдыстæй фылдæр.

1.

Бонты цыбыр – æхсæвты даргъдæр,
'Нæ фынæйæ – фæдис фынтæ.
Рæстæг дурæй дæр бæлæгъ ыскъахдзæн.
Уæд мæ хъуырауы бон – фыддæр.

Дуней' афтидæн циу хъызт зымæг? –
Уый дын бонгай хынцдзæн дæ цард.
Арвæн афтæ ныууæрддзæн йæ сыгъдæг.
'Мæ дзы рауайдзæн ызмис-ыссад.

2.

Фæлæ, цалынмæ хæлой мæ ныфсытæ,
Амайдзынæн сæнтты галуан.
Æз нæ дæн æнцон ныссæттæн,
Æз нæ ныууадздзынæн мæ калам[1].

[1] Калам (араб.) хъæзæй конд фыссæн сис

Н' ахуысдзæни мæ размæтырнæг рухс,
Не 'рынцайдзæн мæ фæндыры цагъд.
Æз мæ даргъ фæндаджы æрдæгыл
Уæлбыл не 'рбаддзынæн æнцад.

Æз мæ къухты судзгæ тæппæлттæн
Хæсагурæг нæ зилын, нæ.
Æмæ-иу мын, мæ хорз æмбæлттæ,
'Нцон цард макуы бæттут мæнæн.

Нæ, нæ зыны дард мæ цатыр,
Стæй йын цъупп дæр – сызгъæрин нæй.
Нæ, мæ уазджытæ не сты цауддæр –
Чи нæ сафтид йæ рухс сæнттæй.

Зонын – раст цы у, цæст нæ сайы,
Цардæн фидæнмæ у йæ сидт.
Æмæ бонты даргъ курын Хуыцауæй,
Кæд мæ галуан арæзт фæуид.

Г. С.

Гæдытæ цæуынц æнæсым,
У сæ æрлæуд дæр æгъдауыл.
Уый ысбæрæг и – æмæ сæ
Уаз лæгтау хъæуы рæвдауын.

Уарзынц сабыр хуыссын хъармы, –
Уыдоны ныр цу 'мæ ма уарз!
Тахынæг ын радтай хъуамæ,
Д' арм ыл къудийы 'рдæм ауадз.

Сæры 'рдæм – нæ уарзы, ма кæн.
Уæд йæ дзæмбы сисы фарныл,
Уæд цæстхауд – дæ ног цъындатæ,
Уæд дæ хæлафы къах – фарны.

Ахæмтæ йæм нæй нымады,
Æмæ 'рсабыр у æнцадгай.
Кæннод бур гæдыйы цардæй
Ды цæрдзынæ де 'ннæ царды.

'Мæ йæм не 'мбæлы тыхмæсты,
Уый бæсты æм бахуд афтæ –
Ма бафтау дæхи йæ цæсты.
Уадз адджын хъуыр-хъуырыл бафта.

Ногахст кæсаг ын – тæбæгъы,
'Хсыр та – иу къуырф хъусы мидæг.
Хъисфæндырыл ын куы 'рцæгъдай,
Гиса бирæ уарзы уый дæр.

Йемæ бафидау – æхсызгон,
У æхсызгон удæн пайда.
Кæд дæ уæрджытæм ысхиза,
Бауадз æй, æмæ дзы 'рбада.

Рох дæ ма уæд, кæд дæ гæды
Рамæсты дæумæ, уый хатыс.
Уæд нæ рамæсты и уæгъды,
Æмæ дын нæ уыдзæн хатыр.

Уырыссаг æвзагæй Хуыгаты Сергейы тæлмац

СВЕТЛАНА МОТТАЕВА

Райгуырди Уæллаг Балхъары. У академик, Æппæтуæрæсейон æхсæнадон преми «Уæлахизы цырагъ»-ы лауреат, Кæсæг-Балхъары республикæйы Культурæйы сгуыхт кусæг (1988), Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг.

Хорзæхджынгонд у чингуытæуадзыны хъуыддагмæ ахсджиаг бавæрæн бæхæссыны тыххæй майданæй. Æмдзæвгæтæ фыссæн райдыдта хæрз æвзонгæй. Йæ уыцмыстæ йын ахуыр кæнынц астæуккаг æмæ уæлдæр скъолаты дæр. Рауагъта цалдæр поэтикон æмбырдгонды: «Каждый день», «Тамга»(1983), «Полнолуние» (1986), «Сад камней» (1991), «Потухший очаг» (1994), «Черты» (1997), «Избранное: Стихи и поэмы» (1999), «Вершины чувств» (2003).

Кусы республикæйы Парламенты æмæ Хицауады газет «Кабардино-Балкарская правда»-йы хайады редакторæй.

ХÆХТÆ

Ам былæй акæсæн – сæрзилæн.
Ам мигъ ныуурс и – мæнæ мит.
Хъуына 'мæ их – æрмæст дзы зинæн
Фæлæууæн 'мæ фæцæрæн и.

Ам рухс пыхсы, ам азæлд ниуы,
Ам рындзмæ сирвæзын у зын.
Ам зæй æрцæуы хæхтæй иуыл,
Ам иннæ зæйы бын хъæрзы.

Ам диссагæн хæссинаг мæргътæ –
Улартæ – 'нæмæтæй цæрынц.
Ам къæдзæхты æххæл дыдæгътæ
Фæлладыл хурауон кæнынц.

Ам фæндаг – рындзы фæрсты зулмæ,
Æмæ йыл арæхстгай лæгæрд.
Ам дуне афтæ арæзт у, 'мæ
Æгæр зын у, 'мæ 'нцон у 'гæр.

Ам никуы батади тæригъд,
Тæппуд дзы фондз хатты мæлы.
Ам хæхтæн се 'нæрцæф, сæ хивæнд
Æфтауы 'нæрцыд дис мæныл.

***

Лæууы дынтау – тызмæг у æмæ суццаг –
Ыстыр 'хсæн,
Йæ фæтæн ныхыл хуры тынтæ ссудзы,
Йæ хуылфы та – бæстысæфты лæсæн.

Уым митвæллад къæдзæхтæ æмæ хъæдтæн
Тыфыл мæргæс сæ сæрты сабыр тахт.
Уæлдæр та хуры гом рудзгуыты дуæрттæй
Æвдадзы хос зæххон дунемæ тагъд.

Черек ивылди, хаста фынк йæ сæрыл,
Дунейы дæр йæ тыхмæ тых нæ уыд.
Йæ былыл уым, йæ уалдзæджы къæсæрыл
Лæууæгау даргъ дзыккуджын чызг лæууыд.

***

Фондз комы – мæ фондз бæллицы, –
Уыдон æз куыд нæ мысон!
Нæй мæнæн зынаргъдæр ницы,
Уæ, мæхи Балхъарыстон.

Ам мæ тызмæг рагфыдæлтæн
'Нусты с' арт нæ ахуыссыд.
Ам дымдта, цыма фыдæнæн
Хæхтæ-иу æй бахызтой.
Уыд замантæ 'мæ-иу хæхтæн
Калд сæхи цæстысыг дæр –
Уым сæ табуйаг гæнахты
Згæ фæхстыл нындзыг ысты.

Ам Кязим йæ сау куырдадзы
'Фсæйнаг хоста кæрдæгæн
Æмæ зарыд – зарæг ацы
Рагон хæхты кадæг уыд.

***

Æрдæгконд ныв –
Фæрсбæлæстæ, фæрсæй-фæрстæм лæугæ,
Сæхи хæрдмæ ивазынц.
У арв сыгъдæг,
Лæсæн кæны йæ рухс,
Цæй поэт у уый, чи нæ уыд Кавказы,
Цæй поэт у, уый чи нæ мысы 'дзух?!

Æмæ лæууынц тæрсбæлæстæ
Æлвæстзæнг,
Кæсынц уæларвмæ.
'Нустæм кæсынц кæд?
Уо, нæрæмон рæсугъд Кавказы бæстæ,
Уо, хæхты рад.
Сæлæф миты сыгъдæг!

Тæрсбæлæстæ фæцæуынц
Къордæй уартæ,
Уым – се 'мбырдгæнæн
Зæйцæуæны сæр,
Цы 'нцон æмæ цы зынцæуæн у ардæм.
Йæ цин æгæр,
Йæ сагъæс дæр æгæр.

Уырыссаг æвзагæй ХУЫГАТЫ Сергейы тæлмац

СКЪОДТАТЫ ЭЛЬБРУС: 60 АЗЫ

Поэт, прозаик, публицист, тæлмацгæнæг, чиныгаразæг, Национ преми «Нарты фæркъуы»-йы лауреат (2009), А. Твардовскийы номыл Патриотон поэзийы Æппæтуæрæсеон премийы лауреат (2019), РЦИ-Аланийы Культурæйы сгуыхт кусæг Скъодтаты Эльбрус у ирон литературæйы æмзиууæттæй иу. Ноджы хуыздæр та республикæйы цæрджытæн зонгæ у куыд нæ литературон журнал «Ирæф»-ы сæйраг редактор. У УФ-йы Фысджыты цæдисы секретарь, РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг, кæны æхсæнадон куыст.

Эльбрус райгуырд 1959 азы 14 ноябры Сырх Дыгуры. Уым астæуккаг скъола каст фæци иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ æмæ дарддæр ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Кавказы Хæххонметаллургон институты арæзтадон факультетмæ. Ахуыры фæстæ кусынмæ ʼрвыст æрцыд проектон институт «Севосетинэнерго»-мæ инженер-конструкторæй. Фæстæдæр та куыста арæзтады мастер æмæ прорабæй.

Уæдмæ 1991 азы нæ республикæйы фæзынд ирон литературон журнал «Ирæф», æмæ дзы Эльбрус фыццаг бонæй ссис хъазуатон кусæг. Раздæр уыд поэзи æмæ прозæйы хайæдты сæргъæвæг. 2017 азы мартъийы мæйы та нысангонд æрцыд журналы сæйраг редакторæй. Эльбрусы уацмыстæ мыхуыргонд цæуынц нæ республикæ æмæ Уæрæсейы журналтæ æмæ газетты. Йе ʻмдзæвгæтæ уырыссагау æмæ дыгуронау рацыдысты Цæгат Кавказы адæмты поэзийы антологийы (2010), Хъодзаты Æхсары арæзт антологи «Ирыстоны поэзи»-йы (2012), Уæрæсейы адæмты нырыккон литературæйы антологи «Поэзи»-йы (2017).

Эльбрус хицæн чингуытæй мыхуыры рауагъта æхсæз поэтикон æмбырдгонды æмæ иу прозæйы чиныг: «Рæстæг æма дуйне» (1991). «Хусфæрæк» (1996). «Фæлмæ» (2002). «Бонивайæн» (2007). «Зæнхи гъар» (2009). Чиныгкæсæгæн хорз зонгæ сты йæ радзырдтæ, уацау æмæ пъесæты чиныг «Фæсонирхгæ» (2013), сабитæн фыст чиныг «Уодигага» (2019). Йæ мадæлон æвзагмæ ратæлмац кодта Шекспиры трагеди «Ромео æмæ Джульеттæ», фæсарæйнаг æмæ уырыссаг классикты уацмыстæ. Бацæттæ кодта хицæн авторты уацмыстæ æмæ мыхуыры рауагъта фæндзай чиныгæй фылдæр. Уыдоны ʻхсæн – Гарданты Михал, Багъæраты Созыр, Тетцойты Таймураз, Га-

даты Лазæр, Ходы Камалы чингуытæ. Сывæллæттæн бацæттæ кодта Нарты кадджытæй хицæн цикл «Бæгъатæр нартæ» (2014). Ныффыста бындурон критикон-библиографион уацтæ Гуырдзыбеты Блашка, Малиты Георги, Багъæраты Созыр, Гарданты Михал, Гадаты Лазæр, Ходы Камалы сфæлдыстадыл. 2015 азы та йын йæхи сфæлдыстадыл сæрмагонд чиныг «Дуджы азæлд» сарæзта æмæ мыхуыры рауагъта Хозиты Барис.

Эльбрус, «Мах дуг»-ы редакци дын зæрдæбынæй арфæ кæны дæ райгуырæн боны фæдыл! Бирæ ма дын бантысæд. Уæнгрог æмæ зæрдæрухсæй фæцæр!

«Мах дуг»-ы редакци

УÆД...

I

Уалдзæг. Гъæугæрон. Сурх-Дигорæ.
Кæнуй си изæрмелтæ.
– Æна, нур ма мæ ма йагорæ, –
Уинун дæ дæ къох телгæ...

Цæргæс æхе 'нгъæлуй и æсмæ,
Нийтиндзгæ æ къабæзтæ.
Æз дæр ахсæви дууадæсмæ
Дардзæн арвбæл мæ цæстæ.

Кæсай! Калунцæ зинг-цæхæртæ
Æстъалути дзугуртæ.
Думгæ систонцæ сæ пæр-пæртæй
Изæдти уорс базуртæ.

Мæйрохс! И мæргътæ кæцæйдæрти
Зарунцæ, сæнттæсайгæ.
Барæн! Хезуй ма мæ нурмæти
Мæ мадæ, зæрдæхсайгæ...

II

...Уалдзæг. Гъæугæрон. Сурх-Дигорæ.
Рандæ 'нцæ дууин анзи.
Лæуун будури æнæдзоргæ,
Бæдолæ дæр – мæ рази.

Кæсай! Изæдтæ, дан, нæ сæрти
Тæхунцæ, пæр-пæргæнгæй.
Дессаг, калунцæ зинг – цæхæртæ
Æстъалутæ, пæртгæнгæ.

Не 'гъоси, мæргътæ куд зарунцæ
Цъæрæхснæгти цъæр-цъæртæ?!
– Нæ, нæ! – Даргътагæй араунцæ
Мæн гъостæ хæпси гъæртæ...

III

...Будур. Гъæугæрон. Мæ хуæд фæсте –
Мæ фиди калд хæдзарæ.
Разæй – уæлмæрдтæ. Æддæгвæсте
Ингæнтæ – зинæвзарæн.

Уæгæ! Мæйрохс мин мæйи тарф æй,
Хуцау, кæд мæ феронх дæ?!
Кадæр уæлмæрдти тæккæ арфæй
Телуй мæмæ æ къохтæ...

Æна! Мæйæ нæ фал хор адтæ.
Гъавтай ми фæццох унмæ.
Уæууæй! Уæд дæмæ куд нæ уадтæн
Дæ хъури ниттохунмæ?!

НАД

Бæгънæг æнцæ бæлæстæ,
Нимайгæ сæ цæуй мæ уæрдун.
Мет 'ма мет, – метин бæстæ!
Цæлхитæй æнахур фæд кæрдун.

Рауагътон бæх æррæстæ,
Исуагътон мæ бозибæл мæ хуæст.
Нур тæхун, бал, æррæстæ, –
Хуарз рауæнмæ не 'рхъæртдзæн æрмæст.

Ракæсун мæ фæрстæмæ,
Нæ уинун уæхæн надбæл неке,
Нæ кæсунцæ фæстæмæ,
Бæлвурдæй аразуй бæх алке.

Ци кодтон æз ба уæд? –
Нæй мæ къохти е здæхт мæ надæн.
Хъæрæу догъ! Æй мæлæт
Æнæхатир.
Къæхæнæй хауæн.

Фал ци æй, бæх, дæуæн? –
Барци гъун дин не сресдзæй тæхбæл.
Мæн фæсте мæн хузæн
Макебал рабадæд æ бæхбæл.

Ци зин æй цард хæссун!
Еунæг хатт ма бозий æрахæссæ!
Уæд мæ бон æздæхун
Исадтайдæ 'ндæр надмæ.
...О, Хуцау, æркæсæ.

***

Игуæрдæнтæ, игуæрдæнтæ!
Ци фæцæнцæ мæ рохс сæнттæ,
Кæми æнцæ мæ гъар бæнттæ,
Исуст зæрди æнкъарæнтæ?..

Игуæрдæнтæ, игуæрдæнтæ,
Æрхун касти фæххуæцæнтæ!
Ку нæбал фæуун мæ кеми,
Æрмæсайетæ уæхемæ...

Игуæрдæнтæ, игуæрдæнтæ,
Уорс деденгути кæлæнтæ,
Сосмондæгти ивулæнтæ,
Зæрди æрхуни уолæнтæ...

ЦЪИМАРА

Æнай-æнойти цийни саргъбæл
Хъумбæстæмæ рафтудтæн цурд.
Хæтуй уазалтæ уомæл рагъбæл,
Уодмæ кæнунцæ тухлæбурд.

Тъæхсун цъимарай пъæзумбæрзтбæл,
Къæхти бунæй «лиу-лиу» ледзуй.
Бурун равзарун мæ хъæстæбæл,
Санс мæ фæстæмæ нæ уадзуй.

Хелуй хæсдзæф 6а маргхелагæ,
Медханси хуалибæл зелуй.
Еруй астъæнттæ æхе фагæ,
Цъеути бæдæлттæ æууелуй.

Телуй хъамили агъуд уадæ,
Дортæй дони цуд ихæлуй.
Згелуй æ билæ симæр цадæ,
Билгон ниууй хулуй, кæлуй.

Арвбæл мегъæ тунтæй ци 'лвесуй?
Æзмелгæй хори, фæлдесуй.
Тавд мæ е сæвди нæбал есуй
Æма йбæл мæ зæрдæ ресуй.

Ласуй æхемæ мæн цъимара,
Цъируй, æлвасуй, нихъуæруй.
–Гъæйдæ, исуадзæ мæ, ма марæ...
Мæ къах сор зæнхæ нæ еруй.

САЛД БÆЛАСÆ

Мæ зæрдæбæл уæзуй салд бæласæ,
Æ бунтон бастдзинади зин тухст.
Фæккæнуй ма ефстагмæ тухтасæ,
Куд фæразуй еу рауæни бухст?!

Æ медцъарæ, цума, мæхуæдæг дæн, –
Мæ уедæгтæ ехæй лæдæрун.
Никкирсæ дæн æма нигъæдæг дæн,
Æ уацарæй уацари гъæрзун.

О бæласæ! Æвгъау дæ баст кеми,
Кæд балцимæ дæ зæрдæ 'хсайуй?!
Æви ду дæхе лæудбæл нæ реси,
Мах цоппай дæ деси æфтауй?..

***

Дунгæ уарун 'ма мети хæццæ
Хуæцуй уæлдæфи гъæбесæй.
Фæззæг зумæгмæ киндзи цæуй,
Бурдæн – хонæг 'ма æвдесæн.

Рæуæг киндзхонтæ – уорс тъæфалтæ, –
Хæлæф кæнунцæ зæнхæбæл.
Хъурмæй уасунцæ нивонд галтæ,
Калгæй сæ сугтæ цæнхæбæл.

Фæззæг зумæгмæ киндзи цæуй,
Куд уа уорс хизи игъæлдзæг?!
Тагъд син райгурдзæй, уотæ фæууй,
Уарзон бæдолæ – цъæх уалдзæг.

***

Сæнт-цъæх хуасæ кæрдæнтæ,
Дунгæй фаст игуæрдæнтæ,
Цæгæрдаст уæ кодта гъæст цæвæг!
Финкæй уорс сауæдæнттæ,
Нæзи гъæдтæ, арф кæмттæ,
Кæми ес сумах уодтæ стæфæг?!

Дзабурвæд, æркъевæдтæ,
Къæдзал-мудзул къахнæдтæ,
Сумахбæл катæ н' адтæй цæуæг!
Тъæпæнсæр цæрæндæнттæ,
Циргъ къæдзæхти къæпхæнтæ,
Зæрдæбæл куд æмбæлуй æфцæг!..

Цидæр æййивд курæнттæ, –
Хонх кæнæн цæх-бурæнттæ,
Æндæр æй анзæй-анзмæ фæззæг.
Нæ фидтæлти бунæттæ!
Нæ цæуæтти «лæфдæнттæ»!
Ралæудтæй нæуæг догæ, нæуæг...

ЗÆРОНД КАДÆНГÆГÆНÆГÆН

Десæ-месон хуарз лæг, дигорон,
Мингий ма уæ астæу рацæрон, –
Мæ фæндурмæ цæуй нидздзиназун…
Фал фулдæр ци Хуцауæй корон,
Ервтæн ма 'й ци цæсгонæй дзорон?
'Ма мæ цард фæндурау ку ивазун.

Мæ уарзон десæ-месон адæм!
Уæ мæтæй куронуат ку бадæн,
Мæ росбæл сæумон æртæх не 'ссор уй…
Аргъ нæййес 'ма кæрон и цардæн,
Фидибæстæ равзаргæй надæн –
Уæрæсе, Иристон 'ма Дигорæ…

ТАЛАМÆ…

Уинуй донгони аййевæй
Æ гурæ фест бæласæ.
Фæззæг, зумæгмæ æййевгæй,
Байтайуй ин халасæ.

Лист-гъæдæй бастæй, къалеубæл
Гæллеу кæнуй бор сифæ.
Цæттæ 'й хаунмæ – æнеу ба,
Куд раййева æ нивæ?!

Бæласæ ставд æма бæрзонд,
Фæйдта дуйне æ фагæ.
Æ сифæ – бор, æ фал – хуæрзконд,
Раййевдзæй тагъд æ уагæ.

Бæласæ сор æма зæронд,
Уæзуй ибæл æ карæ.
Æ къахи 'нгулдзæй ин хуæрзуод
Тала цъируй æ хъаурæ…

Рæстæг – уаддумгæ – æлдар æй,
Сифæ уæддæр ку 'рхаудтæй.
Æма, куд ходæ – æндарæн –
Талай къонцбæл ку 'рбадтæй.

– Хъйамæти бонмæ нæ цæрдзæн! –
Дзоруй бунмæ бæласæ, –
Уотæ 'й æ фæткæ и æрдзæн,
Уодзæнæ тагъд мæн асæ.

Кæнуй æносмæ-æносон
Дуйне, евгæ-æййевгæ.
Цæрæ абони, фал де 'сон
Ма кæнæ нур фæлевгæ!

Катай мæ хæццæ куд хæссон?!
Идзирд кæсæ дæ размæ.
Иронх ма кæнæ дæ фæсон,
Дæ фарс гъæуай фæразæ.

Мулк дин не скодтон, фал бунтæн
Уадзун дин мæ уедагæ
Æма мæ сифæ – дæ сæрæн.
Ма 'й искæнæ æгадæ…

***

Мадæ, де 'хæс дин уæд бафеддзæн,
Лæгъуз биццеу дин ку нæ уон.
Дæ ихæстæ дин уæд бафеддзæн,
Мæхецæн нивгун ку цæрон.

Дæ ихæстæ дин уæд бафеддзæн,
Дæуау адæнмæ ку кæсон…
Дæ ихæстæ дин уæд бафеддзæн,
Дзилли аккаг дин ку исуон…

Дæ ихæстæ дин уæд бафеддзæн,
Дæуау сабийти ку азон.
Дæ ихæстæ дин уæд бафеддзæн,
Ку сæ исхæссон дæу хузон.

Дæ ихæстæ дин уæд бафеддзæн,
Хебæл ку фæууæлахез уон.
Лæгъуз æууæлтæй изол ледздзæн,
Æрмæст хуæрзтæй гъæст ку исуон.

Мадæ, де 'хæстæ нæ бафеддзæн,
Цифæнди дæр дæ фæффæнзон!..
Мæхе ихæс ба уæд бафеддзæн,
Дæу сæдæймаг хай ку уарзон…

***

Æй уодæн зинаргъ и зæнхæ, –
Æ гъæбес ка райтигъта бæстæн!
Уæд уомæй изол фудæнхæ,
Æ цийнæй хорау кæсæд цæстæ.

Мæ асæги ке агорун,
Мæн уогæй, кæбæл кæнун æрхун,
Еци уарзон Сурх-Дигорæй
Нæ комуй мæ зæрдæ æртæсун.

Е мæ рарвиста дуйнемæ,
Дон, уæлдæфæй скодта мæ хайгин.
Мадау мæ 'лвасуй æхемæ,
Фуртау ин ку уайнæ хаиргин.

Нæ Хуцауи хай – нæ бæстæ,
Нæ ди корун мæ карнæй фулдæр,
Фал, кæми скастæй мæ цæстæ,
Æрмæст уоми ниууæд цъундæ дæр.

***

Кадæр уогæй, нура «неке» бал дæн,
Мæ уарзонтæн стур зин искæнгæй.
Амайунцæ мæ сæрти и хъалтæ
Галауантæ, сæ уод нигæнгæй.

Æза, гъе, æндæр амал равзурстон,
Мæ хæдзарæ – поэзий будур!
'Ма «æстъалу» арвæй нæ æристон,
Фал уой рохсæй зæрдæ нæй мæгур.

Фæдонтæ мин-минтæ, рæнгъи æстæ,
Сæ меддуйней цæруй цардамонд.
Мæ хæдзарæ – арвæй зæнхи астæу,
Сæ меддуней тæхуй мæ тæнуод…

***

Бонивайæн, бонивайæн,
Гъæуи арфæй – цъеувæдес!
Нæбал мин ес мæхе сайæн,
Фунæй дæр мин нæбал ес.

Сæумæцъæхæй, сæумæтъенккæй
Кумæ хæссуй мæн катай?!
Некема ес гъæуæндегкæй,
Ка мин уина мæ цоппай.

Ду æзинæ ниррæсугъд дæ,
Раминдавтай мæ изæр.
Сæумæраги æрæфтудтæ
Мæ зæрди, бабæй, уæддæр.

Бонивайæн, бонивайæн,
Зæрди арфи сосæг ес!
Фæлорс мæйæ, ма ивайæ,
Уо уæларви æнæнез!

Тар – рафтудтæ, хор – исцудтæ,
Хуæздæр нивæ ма ци уа!
О мæ зæрдæ, ниррæсудтæ, –
Мæ уарзт ма ди куд цæуа?!

Уадессагæн, уадессагæн,
Куд исæййивтон уæддæр!
Уарзти лазæй æрбасадтæн,
Масти нез фæцæй цидæр…

***

Мæйæ арви реубæл ласуй æ хъæппæлтæ,
Бафсаста уорс рохсæй дуйней.
Ирд æнцæ стъалутæ, – пæлæзи цæппæртæ,
Уомæй рæсугъддæр ма ци йе?!

Мæйæ исбæгънæг æй, – сæнтуорс идзаг реутæй
Зæнхи рафест кодта уайтагъд,
Æма разиндтæнцæ зæнхон сау «æвдеутæ» –
Хæдзæрттæ, адæм, сæ фуддзард…

Мæйæ зумæгон бæгънæгæй нæ ниссалдæй,
Уæдта нæ фæцæй сæйгæ дæр.
Мæ уод æ фур цийнæй арвбæл исæмбалдæй,
Бамбалдæй мæйæбæл зæрдæ.

Мæйæ арви реубæл калдта ласт хъæппæлтæ,
Узта рæсугъд тунти дуйней.
Цирен ракалдтонцæ стъалутæн сæ сæртæ, –
Уомæй рæсугъддæр ма ци йе?!

ТЪЕХТЫ Тамерлан

НÆМЫГ ТУДЖЫ КУЫ ФЫХТИС…

ГУЫБАТЫ Неведя

ГУЫБАТЫ Тимофей

Гуыбаты Неведя æмæ Тимофей уыдысты Стыр Уæлахизхæссæг фæлтæры минæвæрттæ. Фæйнæхуызон рауад сæ хъысмæт, фæлæ сæм разынд ныфс æмæ лæгдзинады фæндæгтыл фæцæуыны хъару. Фидæны фæлтæртæ райгуырæн бæстæйы истори цæмæй дарддæр фæрнæй фыссой, уый сæрвæлтау. Æмæ не 'мдугонтæн уый хъуамæ хъуыдыйаг уа кæддæриддæр, рæстæг ма уадза рохуаты хæсты тыххæй мысинæгтæ. Уæлахиз нын хъуамæ дæтта ног æмæ ног хъарутæ, алы рæстæгæн дæр цы фæлварæнтæ вæйиы, уыдоны сæрты хизынæн.

«ЗЫНДЗЫСТÆМ УÆМ НÆ ФЫДÆЛТЫ БУЦ ДАРÆСИМÆ»

«…Мæн тынг фæнды сыхбæсты ног хабæрттæ фехъусын, æфсады чи ис, уыдоны тыххæй, стæй, уæ цард куыд æрвитут, уый тыххæй. Ацы хатт мæм ныффыссут æппæт хабæрттæ. Чи ма баззад нæхимæ хæдзары нæлгоймагæй? Знаг уæ кæд нæ бахъыгдардта, уæд хорз, цъаммар тагъд рæстæг пырхгонд æрцæудзæн, æмæ мах иууылдæр нæ

хæдзæрттæм ацæудзыстæм… Мах уæм ныр æрцæудзыстæм пъагонтимæ, нæ фыдæлты буц дарæсимæ. Нæ уæлæдарæс у хорз, хъарм æмæ рæсугъд, рæсугъд чызгсайæн æрттиваг дарæс (ха-ха-ха). Ехх, ахæм хъæлдзæг æмæ худæн бон дæр тагъд фендзыстæм, куы та æрæмбырд уæм иумæ, уæд… Фæхъæлдзæгдæр уыдзыстæм æмæ та иннæ ногбон стыр сой-сой æмæ сойджын физонæгимæ арвитдзыстæм… Хорзæй уал цæрут. 1943 аз, 24 январь, горæт Елабугæ».

«…Ныртæккæ алы бон дæр ахуырты вæййæм, зонгæ кæнæм хæцæнгарзимæ, цæттæ кæнæм тагъд рæстæг тохы бацæуынмæ. Ис нын æппæт фадæттæ нæхи сфæлтæрынæн æмæ уыцы «куырм уырыты» æвзыгъдæй дæрæн кæнынæн. Æрæджы сын нæ хæцæнгарзы хъару равдыстам, алчидæр æй, æвæццæгæн, йæхи бæрзæйыл банкъардта, кæмæндæрты та «сæ тъæнгтæ хурмæ бахус сты нæ топпы цæфæй». Фæлæ ууыл не 'рлæудзыстæм, æмæ кæд мæ сывæллоны бонты æхсæвыгон иунæгæй кæртмæ рацæуын дæр нæ уæндыдтæн, уæд ныртæккæ мæ тасуадзæг хæцæнгарз знаджы куынæг кæны æхсæвæй-бонæй. Кæд раздæр цыппæркъахыг бирæгътæй тарстæн, уæд ныр æппындæр нæ тæрсын фашистон дыкъахыг сырдæй, марын æмæ йæ мардзынæн, куыд цуанон бирæгъы, афтæ. Сымах дæр хъæуы æппæт хъарутæй нæ Сырх Æфсадæн æххуыс кæнын, уе 'нæзæрдæхудт фæллойæ æмæ хи æфтиæгтæй… 1943 аз, 11 июнь».

«Æз сæрæгас æмæ æнæниз дæн, мæ цард цæуы хорз. Абон та ногæй тохы бацæудзынæн, дæрæн кæндзынæн фашистон цъаммарты. Дызæрдыг нæ кæнын, сæрæгас æмæ æнæнизæй кæй сыздæхдзынæн, мæ царды кой дарддæр кæй кæндзынæн, ууыл. Тохæй куы 'рбаздæхон, уæд та уæм писмойы хъусын кæндзынæн, æнæниз кæй дæн. Писмотæ мæ бирæ рæстæг куы нæ исат, уæд фыссут не 'фсæддон хайы командиры номыл… 1943 аз, 13 август».

Скъуыддзæгтæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тохы быдырæй æрвыст æртæкъуымон писмотæй. Чи æмæ ма цы хъуамæ радзура уыдонæй хуыздæр æфсæддоны зондахасты, миддунейы хъæздыгдзинады æмæ уæлахизмæ тырныны миниуæгæй хайджын уæвыны тыххæй? Джинатыхъæуккаг Гуыбаты Антоны фырт Неведяйы къухæй фыст ныхæстæ ма адæймаджы ноджы иу хатт уырнын кæнынц, ахæм læппутæ цы æфсады хæцыд, уымæн састы бынаты баззайæн кæй нæ уыд. Кæуылты ныфс æмæ хъару уыд æрыгон læппумæ, кæд

æмæ, тохмæ цæугæйæ, йæ бон зæгъын уыд: «Мæ цард цæуы тынг хорз, тыхсын æрмæст сымах, мæ хиуæттæ æмæ хæстæджыты æнæниздзинадыл». Æмæ ма бафтауын: «Æнæмæнг тагъд уæлахизæн æвдисæн уыдзыстæм». Уæдæ, алы бон мæлæтимæ æмдзугæнæг уæвгæйæ, цыргъзонд ныхас кæнын дæр бафæраз…

Æнæмæнг, здæхдзынæн, зæгъгæ, дзырдта æхсарджын хæстон, йæ мидхъæлæс та йын, æвæццæгæн, æндæр хабæрттæ кодта, мæ командиры номыл фыссут, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæдзæхста. Неведя хъæбатырæй фæмард 1943 азы 23 августы Украинæ знагæй ссæрибар кæныныл тохы. Уымæй бон раздæр æрвыст фыстæг йæ бинонтæ райстой «сау гæххæтты» фæстæ…

Ныффыстой æцæгдæр йæ командир Ивановы адрисыл. Дзуаппæн уый сæрвыста, Гуыбайы-фырт йæ дыууæ 'мбалимæ кæй фæмард, немыцы фæсчъылдыммæ «æвзаг» райсынмæ ацæугæйæ. Политрук-лейтенант йæ галиу къухæй йе 'мбæлццоны æрбахъæбыс кодта, рахизы та дамбаца уыд, афтæмæй сæ ссардтой сæумæрайсом се 'фсæддон хайы салдæттæ, знагмæ куы ныббырстой, уæд. Баныгæдтой сæ æфсымæрон ингæны Донецкы облæсты Славянскы районы хъæу Краснопольейы.

«Æвзаг» райсынмæ уый размæ дыууæ хатты кæй ацыд æмæ ахсджиаг хабæрттæ радзурæг «фрицтæ» йæ къухы кæй бафтыдысты, уыдæттæ та Неведя сæхимæ йæхæдæг фыста. Бæлвырдгонд у, йæ мæлæты фæстæ йæ паддзахадон хæрзиуæг райсынмæ кæй балæвæрдтой, фæлæ йын æй цæуылнæ радтой, уый ничи зоны. Æвæццæгæн, æдзард политрукы гæххæттытæ кæмдæр фесæфтысты, æмæ сæм уæлдæр командæгæнджыты 'рдыгæй цæстдард нал æрцыд.

Баззад ма хæрзцыбыр биографион æрмæг. 1920 азы гуырд лæппу 1936 азы каст фæци Къостайыхъæуы авдазон скъола æмæ сахуыр кодта Цæгат Ирыстоны педагогон техникумы. Афæдз бакуыста Бады хъæуы скъолайы райдайæн кълæсты ахуыргæнæгæй, стæй сси фæскомцæдисы Садоны райкомы секретарь. Хæстмæ бархийæ ацыд 1942 азы кæрон, уый размæ та Ирыстоны фæсивæдимæ æмбарынгæнæн куыст кодта. Уый йын бар лæвæрдта ам баззайынæн, фæлæ не сразы. 1943 азы райдайæны Саратовы политрукты курсыты сахуыр кодта, æмæ Украинæмæ 'рвыст æрцыд. Гуыбаты бинонтæм ма баззад 1938 азы ист къам. Дзæуджыхъæу, педагогон техникумы æртыккаг курсы

студенттæ. Неведяйы фарсмæ бады йæ уарзон чызг. Нæ зонынц уым нырма, хъысмæт сæ кæй ахицæн кæндзæн æнусмæ…

Неведяйы æмкъласон уыд æфсæддон историк, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты тыххæй чингуыты автор æмæ æмаразæг Хуыдæлты Темырсолтан. Иу кълас дæлдæр та сæ уыд зындгонд журналист, газет «Рæстдзинад»-ы раздæры бæрнон секретарь Гуыбаты Чермен. Техникумы кæимæ ахуыр кодта, уыцы лæппутæй иу – Мамытты Илья йыл ныффыста, «Рæстдзинад»-ы мыхуыргонд чи 'рцыд, ахæм номарæн æмдзæвгæ. Сæ кой скодтам, Неведяйæ фылдæр кæй рацардысты æмæ йæ сæ мысинæгты кæй хуыдтой фæлмæнзæрдæ, раст æмæ хъаруджын лæппу, уымæ гæсгæ. Йæ кæстæр æфсымæр, хæстæй уæлахизимæ сыздæхæг Гуыбаты иннæ сæрæнгуырд Тимофейæн Темырсолтан радзырдта, æмгары æххуысы уæхск æм йæ рæстæджы фыццаг хатт уый кæй бадардта. Скъоладзаутæй сæ экскурсийы куы акодтой, уæд сæ бафæндыд иу къуылдымы цъуппæй ракæсын. Æрдæгфæндагыл Темырсолтанæн йæ къах фæцæф, æмæ йæ бон цæуын нал уыд. Хæрдмæ дæр æмæ дæлæмæ дæр фæцыд Гуыбайы-фырты æххуысæй.

Дыууæ лæппуйæн уый уыд сæ царды фыццаг чысыл уæлахизтæй иу. Неведяйы къухы æнцонтæй нæ бафтыдаид, æмгарыл аудын йæ туджы куы нæ уыдаид, уæд. Чи зоны, уым, хæсты быдыры дæр æнæфыдбылызæй баззадаид, йæ цæф æмбалæн фæстаг уысмы онг ныфсæвæрæг куы нæ уыдаид, уæд. Фæлæ хъæбатырæн йæ зæрдæ кæд егъау у, уæддæр дзы бынат нæй хæрамдзинад æмæ адзалæн былдауæнтæ кæнынæн…

СÆРИБАРЫ ÆХСАРГАРД

Адæймаг, цы дуджы райгуыры, уый йæхæдæг йæхицæн нæ саккаг кæны. Фæлæ йæ цардвæндагыл цыфæнды зындзинæдтæ бавзаргæйæ дæр, йæ зæрдæйы арфы бамбæхсынц, бахъуаджы рæстæг ын ныфсæвæрæн æмæ разæнгардгæнæг чи фæуа, ахæм мысинæгтæ, æнкъарæнтæ, бæллицтæ... Æмæ уыдоны руаджы йæ хъысмæтæй фæсмонгонд нæ вæйиы, фидарæй фæзæгъы, цыфæндыйæ дæр мæ фыдæбæттæ дзæгъæлы нæ уыдысты, зæгъгæ.

Ацы хъуыдытæ сфæлхат кæнын йæ бон кæддæриддæр уыд,

гуыргъахъхъ хæстон фæндæгтыл чи фæцыд, стæй та сыгъдæгзæрдæ фæллой чи фæкодта æмæ, йæ кæстæрты цинæй цæргæйæ, 80-аздзыды кары рындзæй чи акаст, уыцы Гуыбаты Антоны фырт Тимофейæн дæр. Куыд йæхи фырт æмæ чызгæн, афтæ ма йæ хъæбулты хъæбултæн дæр дзырдта, цы æхсарджын азты цард, уыдоны тыххæй мысинæгтæ. Цæмæй зоной, ма рох кæной, Уæлахизы Салдæтты номы аккаг уой…

Тимофей райгуырд Джинаты, стæй йæ ныййарджытæ цæрынмæ рацыдысты Къостайыхъæумæ, æмæ 6-аздзыд лæппу ахуыр кæнынмæ бацыд ацы хъæуы авдазон астæуккаг скъоламæ. 1941 азы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыдæвзарæнты тæккæ размæ, каст фæци педучилище æмæ кусын райдыдта райдайæн кълæсты ахуыргæнæгæй. Бæллицтæ, нысантæ, цавæрдæр ныфсытæ... Сæ бæсты та – æфсæддон дарæс, тохы быдыр, нæмгуыты 'хситт...

20-аздзыд лæппуйы хæстмæ акодтой уæззаудæр рæстæг – 1942 азы 1 мартъийы. Уæдæй фæстæмæ, суанг хæсты кæронмæ, йæ хъысмæт баст уыди Кубаны хъазахъхъаг Сырх Тырысайы цыппæрæм гвардион кавалерион корпусимæ. Тох кæнын райдыдта Мæздæджы бын, уым фæци фыццаг цæф дæр. Се сгарджытæ кæй фæрæдыдысты, уымæ гæсгæ бæхæфсæддонтыл нæмгуыты къæвда 'рцыди... Тохы быдыры иннæ æвзыгъд хæстонтимæ баззад Тимофейы æмслужбæгæнæг æмæ æмхъæуккаг Тедеты Хазби дæр.

Гуыбайы-фырт та йæхи дзæбæх кодта фыццаг Хасавюрты, стæй та – Гуыдырмесы. Дыууæ къуырийы фæстæ йæ йæхи хайадмæ рарвыстой, цыбыр отпуск ын радтой, афтæмæй. Æрцыд Грознамæ, æмæ йæ зæрды уыди райгуырæн Ирыстон бабæрæг кæнын. Фæлæ уæдмæ немыц Къостайыхъæуы онг схæццæ сты... Йæ амондæн, Тимофей хæрхæмбæлд фæцис, иу дивизийы кæимæ службæ кодта, уыимæ – Боциты Георгиимæ. Сыхæгтæ уыдысты, стæй Тимофеймæ кавалерист суæвыны фæндон дæр уымæ гæсгæ сæвзæрд. Хæсты фæстæ куы фембæлдысты, уæд, фыццаджыдæр, ацы цау æрымысыдысты.

Иу ныхасæй, Георги уыцы рæстæг сæ хъæу бабæрæг кодта æмæ ма знаджы дзæмбытæй тыхамæлттæй раирвæзт. Кæй зæгъын æй хъæуы, Тимофейы уырдæм нал ауагъта.

Фæстæдæр Гуыбаты лæппуйы хæстон фæндаг ацыд цæугæдон Миассы был Матвеев Курганы цур тугкалæн тохтæм.

...Гуыбаты Тимофей уыди пулеметты взводы командиры хæди-

вæг. Тохы рæстæг пулеметæй æхсæг куы фæмард, уæд æй йæхæдæг раивта. Уалынмæ йæ цуры – тыхджын рæмыгъд. Каскæ йæ сæрæй куыд атахт, уый ма ауыдта, стæй йыл дуне баталынг. Уый нæ, фæлæ ма хъусæй дæр нал хъуыста. Сармадзантæ хæссæг украинаг салдат Лавлушко йæ æвæстиатæй фæсвæд æрхмæ хъуамæ фæхæццæ кодтаид, фæлæ та сыл нæмгуыты зæй рацыд. Тимофейæн йæ фæндагамонæг фæмард, йæхиуыл та йын уæззау цæфтæй бамбæлдысты нæ фистæгæфсæддонтæ.

Æрчъицыдта Новошахтинскы рынчындоны. Хъусгæ цыдæртæ бæргæ кодта, фæлæ цæстæй цыма нал ракæсдзæн, афтæ йæм каст. Дохтыр кæд афтæ нæ хъуыды кодта, уæддæр Тимофеймæ йæ ныхæстæ хуымæтæг ныфсæвæрæнтæ фæкастысты. Уыцы тохы фæстæ та (1943 азы) Гуыбаты бинонтæ райстой ... сау гæххæтт. Фæлæ йæ фыдыфсымæр ацы фыдохы хабар никæмæн схъæр кодта. Уый та куыд – сæхи Тимофей нал сыздæхдзæн, никуыуал æй фендзысты?! Суанг 1945 азы онг уый йæхимæ æмбæхстæй фæдардта зæрдæсæттæн гæххæтт. Стæй уæд Тимофей сыздæхт, æмæ йын æй йæхимæ радта...

Хи мæлæты тыххæй æвдисæндарыл цин ничи бакæндзæн, æмæ йæ лæппу аскъуыдта. Фæлæ йæм фæстæдæр хаттæй-хатт афтæ каст, цыма йæ зæрдылдарæны хуызы ныууадзын æмбæлди.

Æртæ къуырийы фæстæ Тимофей рухсы «стъæлфытæ» уынын байдыдта, стæй сабыргай сдзæбæх. Æмæ та Мелитополы йе 'фсæддон хаимæ баиу.

Корпусы, кæй зæгъын æй хъæуы, фылдæр теркаг æмæ кубайнаг хъазахъхъæгтæ службæ кодтой, фæлæ дзы иу-35 адæймаджы та ирыстойнæгтæ уыдысты. Тимофейы хъæуккæгтæй ма дзы уыд Джиоты Состыкк. Миндзайты Алихан æмæ Плиты Солтан та уыдысты сæ хорз æрдхæрдтæ.

1943 азы 3 ноябры сæ корпусы командир Кириченкойы раивта Ирыстоны номдзыд хъæбул, кавалеристты фæтæг Плиты Иссæ. Уыцы бонтæ Тимофей йæ зæрдыл хорз бадардта. Къуырийы бæрц сæ знаг акъоппæй скæсын нæ уагъта. «Турецкий вал» кæй хуыдтой, уыцы стратегион бынат та æнæмæнг бацахсын хъуыди. Уазал бонтæ, къæвдатæ, хуылыдз мит. Нымæт-иу ихы сæр байтыдта æмæ-иу æхсæвæй-райсоммæ ныссалд.

Фæлæ Иссæйы æрбацыдимæ фæзындысты «Катюшæтæ» дæр, æмæ

бæстæ æмызмæлд сси. Ныр атакæйы ацæуынæн фадæттæ фæзынд.

1944 азы февралы та Тимофей æмæ йе 'мбæлттæн фадат фæцис Плиты Иссæимæ лæгæй-лæгмæ фембæлынæн. Уæд хъахъхъæдтой Днепры былгæрон æвæрд цæрæнбынат Каховкæ. Уалынмæ Гуыбайы-фыртмæ, хъобайнаг Плиты Солтанмæ æмæ ма цалдæр æфсæддонмæ фæдзырдтой полчъы штабмæ. Бамбарын сын кодтой , Аскания-Новамæ сæ кæй æрвитынц, уый. Уым сæхимæ базылдысты, радтой сын ног формæ. Фæллад лæппуты ма уазал акъоппыты фæстæ хуыздæр цы хъуыди! Тимофей куыд зæгъы, афтæмæй ма Солтан хынджылæг дæр кодта, раст ныл мæрддзæгтæ скодтой, зæгъгæ.

Стыр залы сæ рарæнхъ кодтой. Плиты Иссæйы ординарец сын иумæйаг уагæвæрдтæ бамбарын кодта, фæлæ хъуыддагæн бæлвырдæй ницыма зыдтой.

Уалынмæ сæм Иссæ рацыд. Лæппутæй алкæимæ дæр аныхас кодта, фæфарста сæ, чи кæцæй у, уыдæттæй. Йе 'рвад Солтаны ма уый размæ дæр федта æмæ йæ цуры бирæ нæ бафæстиат. Тимофейы та бафарста, чи у, кæцон у, уыдæттæй. «Къостайыхъæуæй дæ, зæгъыс? Уый хорз ирон хъæу у», – йæ ныхас балхынцъ кодта Иссæ.

Уый фæстæ командыгæнæг æфсæддонтæн раргом кодта, цæмæн сæ æрæмбырд кодтой, уый. Загъта сын, акъоппыты алы хæстон дæр нымад кæй у, фæлæ æфсады нæ фаг кодта командиртæ, æмæ ныр уыдоны ахуыр кæнынмæ æрвыстой Новочеркасскы кавалерион училищемæ.

Ам Гуыбаты Тимофей уыд хуыздæр курсантты рæнхъыты. Афæдзы дæргъы хаста æстæм эскадроны старшинайы ном.

Æрбацæйхæццæ кодтой фæлварæнтæ. Æрыгон командирты арæхстдзинадмæ бакæсынмæ хъуамæ æрбацыдаид Советон Цæдисы маршал, кавалерион æфсæдты командыгæнæг Семен Буденный. Не 'мзæххон Гуыбайы-фырты æнтыстдзинæдтæ уынгæйæ, эскадроны командир, Советон Цæдисы Хъæбатыр Ершов ын сфæнд кодта уæлдай бæрнон хæс радтын. Хъуыддаг уый мидæг уыди, æмæ йæ рæстæджы Буденный училищейæн балæвар кодта йæхи бæх. Æгæр знæт æмæ фыдуаг кæй разынд, уымæ гæсгæ йыл йæ бон нæ цыд, æмæ йæ æрыгондæр бæхылбадджыты бар бакодта. Ершов æмбæрста, уыцы бæхыл исчи куы сбадид, уæд Буденныйæн æхсызгон уаид, уый. Арæхсгæ та йыл Гуыбайы-фыртæй хуыздæр чи скодтаид?

Уистæ æхсаргардæй цъыкк кæныны фæлтæрæн æнæуый дæр

зын кæнæн уыд, æмæ ма ахæм бæхыл сбад... Фæлæ Тимофей бирæ нæ фæхъуыды кодта. Æрмæст командирæй ракуырдта, цæмæй йæ æппæты фыццаг ауадзой, кæннод иннæ бæхты змæлдмæ йе 'фсургъ бынтон сызнæт уыдаид.

Æгъдау куыд амыдта, афтæ курсант Гуыбайы-фырт, бæхыл бадгæйæ, бацыд командыгæнджыты стъолы цурмæ æмæ сын æмбæлгæ хуызы салам радта.

...Бæх афтæ ныййарц, æмæ барæгæн, æхсаргардæй уистæ куыд цъыкк кодта, уый йæ цæст нал ахста. Фæлтæрæны уагæвæрдмæ гæсгæ бæх бауромын хъуыд фæстаг уисæй 30 метры æддæдæр. Фæлæ куыд нæ стæй! Бæх æрсабыр æрмæст иу-80 метры æддæдæр атæхыны фæстæ. Гуыбайы-фырт хорз сарæхст – иу уис дæр æнæ акъуыргæйæ нæ ныууагъта. Фæлæ, бæхы хивæнддзинад зонгæйæ, æмæ уымæ гæсгæ фыдбылызæй æдас нæ уæвгæйæ, æхсаргард тæхгæ-тæхын зæххы фæсагъта.

Барæг фæстæмæ командыгæнджыты цурмæ 'рбацыд. Буденный дзы раппæлыд: «Иттæг хорз сарæхстæ. Бæхы æз зонын, уайтагъд æй кæй нæ баурæдтай, уым уадиссагæй ницы ис. Фæлæ кавалерист цыфæнды уавæрты дæр хъуамæ йе 'хсаргард йæ къухы дара». Училищейы хицауæн та бафæдзæхста, цæмæй Тимофейæн дæс боны отпуск радтой йæ хорз службæйы тыххæй. Уый уыди уæлахизхæссæг 1945 азы. Тимофей хæдзармæ ссыд, æмæ йын йæ фыдыфсымæр, уыйбæрц рæстæг æмбæхстæй кæй фæдардта, уыцы сау гæххæтт дæр уæд радта.

Уый фæстæ ма Тимофей цалдæр мæйы дæргъы уыд пулеметты взводы командир.

Майы Мæскуыйы цы Уæлахизы Парад арæзт æрцыд, уым иумæйаг эскадроны сконды архайдта Гуыбаты Тимофей дæр. Уымæн æвдисæн къам фенæн ис, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй Мæскуыйы цы бирæтомон энциклопеди рацыд, уым.

Фæлæ хъæбатыр кавалеристы æфсæддон хæс ууыл нæ ахицæн. Тох кодта Украинæйы бендеровонты бандæйы ныхмæ, стæй та сæ полкъ æрвыст æрцыд Иранмæ. Ам фесты 1946 азы мартъимæ. Хæцгæ нæ кодтой, арвыстой сæ, цæмæй дзы америкаг æфсæдтæ ма 'рбынæттон уой, уый тыххæй.

Æрцыд демобилизацийы рæстæг. Тимофей раздæхт ахуыргæнæджы куыстмæ. Уыд Нары скъолайы сæргълæууæг (директор нæма хуынд).

1949 азы, пединституты историон факультет æнтыстджынæй каст куы фæци, уæд æм фæдзырдтой военкоматмæ. Кавалерион æфсæдтæ уагъд æрцыдысты, æмæ йæ æндæр æфсæддон дæсныйад райсыны тыххæй хъуамæ Сахалинмæ арвыстаиккой. Фæлæ йын цæуæн нæ уыд – йæ ныййарджытæ рынчын уыдысты, йæ хистæр æфсымæр хæсты фесæфт, кæстæр та æнахъом уыд. Æмæ уæд цыппар азы æмгъуыдмæ сси Паддзахадон Æдасдзинады министрады бынæттон хайады кусæг.

Уæдæй фæстæмæ, суанг пенсийы ацæуыны онг (1978 азы), ахуыргæнæджы куыстыл йæ зæрдæ нал сивта. Уыд Мичурины, стæй та Чермены астæуккаг скъолаты директор æмæ алы ран дæр хорз бæрæггæнæнтæ æвдыста.

Уыдæттæ æнæбафиппайгæ нæ фæци республикæйы адæмон ахуырады министр Галазты Æхсарбег æмæ йæ аивын кодта Дачнæйы скъола-интернаты директоры бынатмæ. Уайтагъд скъола 16 интернаты 'хсæн раззаг бынæттæ ахсын байдыдта.

Гуыбайы-фырт сси республикæйы сгуыхт ахуыргæнæг, уыд æм Кады гæххæттытæ Уæрæсейы ахуырады министрадæй. Уæдæ йæ æфсæддон хæрзиуджытæ дæр чысыл нæ уыдысты: Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дыккаг къæпхæны орден, майдантæ «Æфсæддон сгуыхтдзинæдты тыххæй», «Кавказ хъахъхъæныны тыххæй», Жуковы майдан...

Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ абон кусынц бæрнон бынæтты, фæзминаг сты кæстæр фæлтæрæн. Сæ хуыздæртæй иу – Демыраты Алик – æвирхъауæй фæмард мæхъæлимæ хæсты.

Йæ царды фæстаг бонты онг нæ рох кодтой Тимофейæ тохы бы-дыры цаутæ: куыд нал уыдис къах æрæвæрæн «Турецкий вал»-ы алыварс зæххытыл хæстонты мæрдтæй, куыд ленк кодта æхсæвыгон Миассы уазал цæугæдоныл командыгæнæгмæ сæрмагонд фыстæг фæхæццæ кæныны тыххæй, куыд-иу хаудысты адæм фыр æххормаг æмæ фæлладæй. Æмæ Дунесфæлдисæгæй куырдта æрмæст иу хорзæх – макуы бахъæуæд хион-хæстæджы ахæм зындзинæдтæ бавзарын…

ПРОЗÆ

ТЫЛАТТАТЫ Бексолтан

УАРЗОНДЗИНАД – ÆВДАДЗЫ ХОС

Сæхæм райста уæлдæр ахуырад, фæлæ йын куыст нæй ныр дыууæ азы.

Йæ мад Хадизæт тыхсы, фæлæ йын цæмæй аххуыс кæна? Цы йæ бон у, бæргæ, гæртамваг æм куы уаид, уæд… уæд…

Иу райсом та Сæхæм йæхи рарæвдз кодта куыстагур. Йæ мад æм дзуры:

– Сæхæм, мæ къона, ме 'фсымæр Аланмæ ма-иу бадзур. Фæсарæнтæй, чи зоны, æмæ 'рбацыд. Йæхимæ дын куыст куы нæ уа, уæддæр ын зонгæтæ бирæ ис, æмæ дын кæд истæмæй феххуыс кæнид.

Алан йæ куысты разынд. Йæ хæрæфыртыл зæрдиагæй бацин кодта. Сæхæм ын йе 'рбацыды сæр загъта. Алан æй æрбахъæбыс кодта:

– Тынг хорз афон мæм æрбацыдтæ, мæ цардхæрæфырт! Нæ чызджытæй иу бухгалтер смой кодта Мæскуымæ. Дæ гæххæттытæ 'рбахæсс æмæ райдай кусын.

Сæхæмæн офисы кусджытæ райдианты æмхуызонæй æххуыс кодтой. Сæхæм дæр семæ се 'фсымæры хуызæн хъæрмудæй цæры. Йæ фыццаг мызд æнæхъæнай Хадизæтмæ радта. Уый цинæн кæрон нал уыд.

Иннæ цалдæр мызды дæр – афтæ. Хадизæт сæ æмбырд кæны. Бинонтæ кæнын æй хъæудзæн...

Аланæн йæ хæрæфыртæй куы феппæлынц, уæд дзы сæрыстыр вæййы.

Рæстæг цæуы. Сæхæм сæйраг бухгалтеры хæдивæг Лидæимæ цæстæнгасæй кæрæдзи æмбарын байдыдтой. Цалдæр хатты чызджы фæскуыст йæ хæдзармæ дæр бахæццæ кодта. Лидæ у, хæдзарон кæй фæхонынц, ахæм чызг. Уæздан мад æмæ фыдимæ схъомыл. Офисы кусджытæ дæр æнхъæлмæ кæсынц чындзæхсæвмæ.

Бонтæ цæуынц, фæлæ чындзæхсæвы койгæнæг нæй. Сæхæмæн фæзынд ног зонгæтæ, сойвых хæлæрттæ. Мызд нал хæссы хæдзармæ. Хадизæт æнхъæл у, зæгъгæ, Сæхæм йæ мызд чындзæхсæвæн

йæхимæ æмбырд кæны. Фæлæ æнафонтæм куы баззайы, хæдзармæ ностджынæй куы 'рбацæуы, уæд ыл дызæрдыг кæнын райдайы.

Сæхæм куыстмæ дæр афоныл нал цæуы. Цæугæ та дзы раздæр акæны. Йæ митæ никæй зæрдæмæ цæуынц. Чидæр æм арæх телефонæй æрбадзуры. Сæхæм скатай вæййы. Цы 'фсонæй федде уа, уый нал фæзоны.

Лидæ йын йæ уаваæрæн ницы 'мбары æмæ тыхсы. Æвæццæгæн æм йæ зæрдæ æруазал. О, фæлæ, æндæр чызгимæ дæр куы не 'мбæлы. Цыдæр хуызæн сси. Нывыл салам дæр нал дæтты. Раздæр-иу мидбылхудгæ æрбацыд æмæ-иу се 'ппæтæн дæр хъæлдзæгæй салам радта. Ныр уыцы тарæрфыгæй фæзыны æмæ комкоммæ кæсгæ дæр никæмæ фæкæны.

Иу райсом та адæм æмхуызонæй афоныл куыстмæ æрбацыдысты. Сæхæм зынæг та нæй. Иутæм Аланæн æй зæгъыны фæнд уыд, цæмæй йемæ аныхас кæна. Иннæтæ загътой, банхъæлмæ ма йæм кæсæм, зæгъгæ.

Лидæ сæм лæмбынæг фæхъуыста, фæлæ ницы сдзырдта. Йæ зæрдæ уынгæг кæны. Æрæджиау Сæхæм фæзынд. Æнæ исты сдзургæйæ та йæ кусæн стъолы уæлхъус æрбадт. Лидæмæ фæрсмæ дæр нæ кæсы. Дыууæ сахаты цыдæр рацыдаид, афтæ Сæхæмы телефон нызыланг ласта.

– Хъусын. Хорз, хорз! Зындзынæн…

Æмæ Сæхæм феддæдуар. Лидæ æвæстиатæй йæ фæдыл ахызт. Сæхæммæ тыргъы æнхъæлмæ каст хæрзарæзт лæппу. Салам радтой, кæрæдзи къухтæ райстой æмæ уынджы 'рдæм фараст сты.

Лидæ сæ баййæфта.

– Бахатыр мын кæнут, фæлæ, Сæхæм, нырма куысты рæстæг куы у, уæд…Чи дын у ацы дзæбæх лæппу?

– Ме студентон азты æмбал у. Æмæ йын иумæ куыстагур цæуæм.

– Рестораны та агурут куыст… æфсапъæйы?

– Цыбырдзырдæй, Сæхæм, уацары хауыс сылыстæгмæ, æмæ… æмæ æз цæуын, – загъта лæппу, стæй цæхгæр фæзылд æмæ фæцæуæг. – Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн, – радзырдта фæстæмæ.

Сæхæм йæ сæр æруагъта. Лидæ йæм хæстæгдæр балæууыд:

– Сæхæм, цы дыл æрцыд, цы? Ай къæссафæлдæхт куы фæдæ. Аланы, дæ хæрзгæнæджы, фæсмойнаг цæмæн кæныс? Ныр куыст куыд зын ссарæн у, уый нæ зоныс?

– Зонын. Æмбарын алцыдæр. Фæлæ ацы лæппуйæ мæ бон фæхицæн кæнын нæу. Нæ кусы, афтæмæй йæм уæддæр та æхца – хæрх. Йæ фыд сойджын бынаты кусы, æмæ…

– Ды дæхи ууыл цæмæн къуырыс? Улупайæ улупамæ куы у дæ цард…

– Æфсарм мæ 'рцахста: дыууæ хатты мæ йæ зонгæ лæппутимæ фæхуыдта ресторанмæ. Мæхæдæг нæ нуазын, зоныс æй. Фæлæ мæм-иу худинаг каст, нæ нуазын, зæгъгæ, зæгъын, æмæ та-иу æнæнхъæлæджы фæрасыг дæн. Мæн дæр сæ бахъуыд фæхонын…

– Æмæ дæ улупа ресторанæн йæ хъуыртты дæр…

– Æфстау-иу райстон Тамиккæн йæхицæй. Ме 'мбалæй зæгъын…

– Сæхæм, æргом ма мын æй зæгъ: дæ зæрдæйы ахастдзинад мæм аивтай?

– О, нæ. Бакæсын дæр дæм æфсæрмы куы кæнын. Стæй, зæгъын, уый кæд ды фæизгардзæрдæ дæ мæныл, цыдæр къупригондыл…

– Ныр мæнмæ дæр байхъус. Райсом нæ мызд исæн бон у. Райсдзынæ йæ, æмæ дæ æз уæ тæккæ хæдзармæ ныххæццæ кæндзынæн.

– Æмæ уый аив уыдзæн?

– Ды дæ сæрмæ цытæ хæссыс, уыдонæй бирæ аивдæр. Ныр цом офисмæ.

Лидæ, сихорæн цы хъуыд, уыдон дуканийы райста. Мидæгæй та загъта:

– Фæсивæд! Абон сихор кæнæм мæнæ Сæхæмы хардзæй! – æмæ дзаг хъулон-мулон хызын фынгыл æрæвæрдта.

Иууылдæр æхсызгон сцъиах-цъиах кодтой. Сæхæм, фыр æфсæрмæй ма цы акæна, уый нал зыдта..

Лидæ Сæхæмы куыд хæццæ кодта сæ хæдзармæ, афтæ сæ Хадизæт иумæ цæугæйæ федта рудзынгæй. Йæ зæрдæ цинæй айдзаг. Фæлæ Сæхæм иунæгай мидæмæ куы 'рбахызт, уæд Хадизæт джихæй баззад, æрмæст ницы сдзырдта.

Дыккаг бон Сæхæм куыстмæ фæзынд афонæй раздæр. Иннæтæй чи куыд цыд, афтæ сын салам лæвæрдта. Уалынмæ Лидæ дæр фæзынд. Сæхæмы куы ауыдта, уæд ныррухсцæсгом, цæстытæ фыр цинæй цæхæр акалдтой. Йæхиуыл фæхæцыд, æрмæст мидбылты бахудт, бацыд йæ цурмæ. Йæ армытъæпæнæй йын йæ сау сæрыхъуынтæ æрлæгъз кодта фыдуаг гыццыл лæппуйау æмæ йæхи бынаты 'рбадт.

Иууылдæр æй бафиппайдтой, фæлæ сæхи ницыуынæг скодтой. Фæссихор райстой сæ мызд. Лидæ Сæхæмы цонгыл хæцы, афтæмæй рахызтысты уынгмæ. Пæлæхсæр сусхъæд бæласы бын аууоны бадынц Тамик æмæ йæ халявæуарзаг æмбæлттæ.

– Дæхи сæ æнæуынæг скæн. Ма фæзил уыцырдæм, – аивæй йæм дзуры Лидæ.

Лæппуттæ сæ уынгæ нæ фæкодтой, æви Лидæйæ сæ ныфс нæ бахастой… Уымæй фæстæмæ сæ ферваæзт Сæхæм.

Алан куы бамбæрста Сæхæм æмæ Лидæйы ахастдзинæдтæ, уæд иу дзæбæх бон бабæрæг кодта йæ хо Хадизæты.

– Мæ хо! Цæмæ ма у уæ каст? Цæуылнæ кæнут чындзæхсæв?

– Ницæмæй цæттæ стæм нырма...

– Чындзæхсæвæн цыдæриддæр бахъæуа, уыдон – мæ бар. Лидæ иттæг хорз чызг у. Йæ ныййарджытæ дæр – кадджын, нымад адæм. Хорз хæстæджытæ нын уыдзысты. Хъуыддаг ивазын нал хъæуы: хуыцауæхсæв сæм минæвæрттæ барвитæм, æмæ чындзæхсæвы бон снысан кæнæнт.

Аланы руаджы чындзæхсæвы хъуыддæгтæ фæрæвдз сты. Сыхы цæрджытæ æмхуызонæй базмæлыдысты цины бон. Хæстæгæй, хионæй, зонгæтæ дæр – афтæ. Лидæ æмæ Сæхæмы куыстæмбæлттæ æрцыдысты стыр лæвæрттимæ.

Хадизæты хъæлдзæгдзинадæн нал ис кæрон. Уæдæй абонмæ Сæхæм æмæ Лидæ цæрынц уарзонæй. Хадизæты, дыууæ æнахъом лæппу æмæ чызгимæ тезгъогæнгæйæ, арæх фенæн вæййы горæты стыр парчы. Лæгæн цæстырухс у уыдонмæ кæсын.

ДЫУУÆ ФЕМБÆЛДЫ АРСИМÆ

Æрæгвæззæг. Мæ фыдимæ нæхи галæй цæуæм хъæдмæ хъæддаг кæрдотæ ласынмæ. Санибайæ фæуæле стæм. Тæгуызбарзы къуыбыры иувæрсты рахизырдæм ныззылдыстæм. Мæ фыд чысыл фæрæт айста æмæ ахызт уæрдонæй. Цæуы разæй. Куы иуырдæм бауайы, куы иннæрдæм. Кæм цавæр кæрдо ис, уыдон хорз зоны.

Æз гал уæрдонфæндагыл тæрын. Мæ размæ дын рауад æмæ сабырæй дзуры:

– Гал афтæ уадз æмæ æнæ уынæрæй мæ фæстæ рацу.

– Чидæр былмæ хæстæг кæрдо бæлас уигъы æмæ сæ гæр-гæр хъуысы. Мæ фыд æрлæууыд æмæ мын хæрдмæ кæрдо бæласмæ къухæй амоны. Скастæн хæрдмæ. Кæрдо бæласæн йæ цъупмæ хæстæг арс лæууы. Ныууигъы бæлас. Кæрдотæ йыл куы æргæр-гæр кæнынц, уæд йæ сæр ныггуыбыр кæны. Кæрдотæ нал фезгъæлынц, зæгъгæ, уæд та йæ ногæй ныууигъы. Бæласы бын зæхх кæрдойæ – æмыхгæд. Йæ уæлæ ма баззад иугай кæрдотæ. Мæ фыд æм уæлæмæ дзуры:

– Бурхъус! Æгъгъæд у! Рахиз æмæ нæ уидзын бауадз.

Арс нæм ракаст. Чысыл алæууыд, цыма истæуыл хъуыды кодта, уыйау, стæй сабыргай, зивæггæнгæ, æнæбары æрхызт æмæ дæлбылмæ ацыд.

Уый уыд мæ фыццаг фембæлд удæгас арсимæ.

***

Мæ фыд кусы Хъобанмæ фæндагыл Уæрæх комы. Бæхтыл суг æфтауц кæнынц фæндаджы былмæ. Уырдыгæй йæ машинæйæ ласынц горæтмæ æмæ дурæвзалыимæ хъарм кæнынц æнæхъæн горæт. Мæ фыд мын бафæдзæхста: хуыцаубоны-иу галæй æрбацу æмæ хъæдурыхъилтæ алас. Куы цыдтæн, уæд мын Дзыцца бæгæныйы балон мемæ авæрдта.

– Уадз æмæ дзы сæ дойны суадзой.

Мæ бацыдмæ лæгтæ æмбырдæй лæууынц. Балон Сандырмæ радтон:

– Хистæр дæ æмæ дзы ракув.

– Диссаджы бæгæны. Нæ зонын, дæ фыд «хор нæй, хор нæй» кæны.

Елдзарыхъо, иу хатт ма дзы аназ æмæ базон, цæмæй конд у, уый. Ногæй та дзы аныз та.

– Арæби, хорæй конд бæгæны цыма у.

– Уый у хуыскъæлæй конд бæгæны, – загъта фыд.

– Æри-ма, иу хатт ма йæ фенон, – аныз та дзы. – Хуыскъæлы ад æппындæр нæ кæны.

Фæцæуæм комы хъæдурыхъилтæ кæнынмæ. Фæндагыл цæхгæрмæ цы чысыл дон кæлы, уырдæм.

Куы бахæццæ стæм, уæд дынджыр арс дæр уырдæм æрбахæццæ. Лæууæм доны дыууæ фарсы. Арс Сандыры дæларм чысыл фæрæтмæ бакæсы. Куы нæ змæлыдыстæм, уæд доны иувæрсты ацыд, схызт уæлбылмæ.

Мах дæр сулæфыдыстæм. Уый уыд мæ дыккаг фембæлд арсимæ.

ГАЛЗИЛÆНТÆ

У уалдзæгмæ æввахс. Мартъи йæ фæстаг тыхтæ сæмбырд кодта, хус фæлмæн митæй зæхх æрæмбæрзта. Бæстæ урс адардта. Мит цæхæртæ калы. Цæстытæ йæм нæ фæразынц кæсын. Митæмбæрзт хæхтæй сæумæрайсомы ирдгæ хæссы. Цæсгом æмæ къухтæ судзы. Мит дзабырты хъустæм нæ хæццæ кæны, фæлæ йæ уазал къæхты иннæрдæм хизы. Цæуын Джызæлæй Къардонмæ фæндагыл æвæд миты фистæгæй. Æнхъæл уыдтæн, машинæ кæнæ мæ уæрдон æрæййафдзæн æмæ мæ дарддæр аласдзæн.

Хæсты фæстæ адæмæй кæмæ уыд машинæ!.. Колхозы дæр уыд иу хæлддзаг. Куы йын цæлхытæ нæй, куы – ивæн хæйттæ. Фылдæр бонты лæууыд къодæхтыл.

Уæддæр-иу рæстæгæй-рæстæгмæ акастæн фæстæмæ. Цы нæ вæййы. Уæдта исчи бæхуæрдонæй æрцæуы. Авæрдзæн мæ æмæ мæ дæлдæр аласдзæн. Фæлæ нæй цæуæг. Цæуын. Цæугæйæ, мæ къæхты уазал нæ хатын, фæлæ мæ къухтæ æмæ мæ цæсгом сийынц. Аууæрдын сæ, фæлæ хъарм нæ кæнынц. Цæуын та мæ хъæуы Хуымæллæгмæ. Мæ фыдыхо Райсæ цæры уым. Нæ гал уыдонмæ ис. Фæззæджы дзы сæ куыстытæ бакодтой. Ныр мын дысонизæр мæ фыд бафæдзахста:

– Райсом Хуымæллæгмæ ныццу. Гал ракæн. Уæлгинскæмæ йæ бакæн. Де 'мхæрæфырттæй кæнæ дæ мадырвадæлтæй кæд никæй бахъæуа, уæд æй Черменыхъæумæ мæ хо Лесгамæ уадз.

Уыцы дард фæндагыл мæ цæст куы ахастон, уæд махинымæр барызтæн. Галмæ фистæгæй, æнæ уæрдонæй цæуын тынг зын кæй у, уый куыннæ зыдтон, фæлæ мæ фыдæн «нæ» зæгъын мæ бон не сси. Фыд фыд у. Йæ ныхасыл «дыууæ» зæгъæн нæй. Цæуын. Фæстæмæ дæр фæкæсын. Мæ фæстæ фæндагыл мæ къахфæдтæ дыууæ рæнхъæй хърихъуппытау зайынц. Къардонмæ ныххæццæ дæн. Адæймаг змæлæг дзы нæма ис. Иууылдæр фынæй кæнынц, æвæццæгæн. Уалынмæ райхъуыст уæрдоны уынæр. Аргъуаны тигъæй æрбазындысты дыууæ урс зыгъар сырх бæхы бричкæйы ифтыгъдæй. Гыбар-гыбургæнгæ Фарныхъæумæ фæндагыл фезгъорынц. Ай мæ, зæгъын, йæ бричкæйы дæлдæр куы аластаид. Куыд загътон мæхимидæг, афтæ бричкæ фермæмæ фæндагыл фæзылд.

Фарныхъæумæ ныххæццæ дæн. Æмбæлæг мыл нæй. Æвæццæгæн,

æз æгæр раджы рацыдтæн нæхицæй. Адæм нырма фынæй кæнынц. Ноджы хур дæр мигъты фæстæ бамбæхст. Нартхоры заводы иувæрсты æфсæн фæндагыл ахызтæн. Бæтæхъойыхъæуы 'рдыгæй мæ ныхмæ иу лæг ссæуы. Цыма мыл уыцы уазалы хур æркаст, афтæ æхсызгон мын фæцис. Йæ къухтæ аууæрдгæ, тагъд-тагъд мæ иувæрсты йæхи фæкодта. Æз ын «дæ райсом хорз» загътон. Уый мæм лæугæ дæр не 'ркодта. Фæстæмæ ма мæм фæкаст, салам, зæгъгæ, рахъæр кодта æмæ згъорæгау афардæг. Чи зоны, æмæ куыстмæ тагъд кодта кæнæ уазалæй тыхст. Хур нæ кæсы, мит нæ тайы. Мæ дзабыры хъустæ уазалæй ныссалдысты. Мæ къухтæ мæ бæмбæджджыны дзыппыты атъыссын, фæлæ нæ хъарм кæнынц, стæй мæ къухтæ уæгъд куы нæ уой, куы нæ сæ тилон, уæд мын размæ цæуын не 'нтысы.

Ныхæццæ дæн Хуымæллæгмæ. Астæуккаг уынджы колхозы дуармæ змæлджытæ фæзынд. Сæ фендæй мæ зæрдæ барухс. Цыма нырмæ тар хъæды иунæгæй цыдтæн. Цыма мæ уазал дæр нæ хъыгдары, цыма уазал дæр не сдæн.

Туатæ мыл æмхуызонæй бацин кодтой. Мæ фыдыхо Райсæ мæ йæ хъæбысы схъарм кодта. Фынг арæвдз. Абадтыстæм. Мæ фæллад дæр чысыл æрцыд. Галы сыкъатыл даргъ бæндæн баст, афтæмæй йæ ракодтон. Уынджы цасдæр куы суадыстæм, уæд æй цыма исчи цыргъагæй фæрæхуыста, афтæ уыциу гæпп иуварсырдæм акодта. Йæ фæстæ мæ фæласы. Бæндæны кæрон иу баласы зæнгыл аздыхтон. Йæ мидбынаты æрзылд, йæ хъоппæг цæстытæ мæм сдзагъултæ кодта, комкоммæ мæм кæсы. Йæ ных ын æрлæгъзытæ кодтон мæ армытъæпæнæй. Бæндæн ын йæ бырынкъыл æрбавæрдтон, сабыргай цæуæм. Джызæлæй Хуымæллæгмæ бирæ хæттыты цыдтæн фистæгæй мæ мадимæ, уыцы фæндаг хорз зыдтон, фæлæ Беслæныхъæуæй Уæлгинскæмæ фæндаг нæ зыдтон. Цыдтæн æнхъæлæй. Кæмдæр иу стыр хидыл галиуырдæм ахызтæн. Уым иу сылгоймаджы фæрсын:

– Дæлæ уый Уæлгинскæ у?

– Нæ! Уый Зилгæ у. Кæд Уæлгинскæмæ цæуыс, уæд стыр хидыл фæстæмæ ахиз! Комкоммæ уыцы уынджы ссæудзынæ, стæй фæндаг азилы галиуырдæм, уый дæ бахæццæ кæндзæн, кæдæм цæуыс, уырдæм.

– Бузныг. Дæ салам бирæ.

Хиды фале гал йæ сæр ныттылдта, ныффуттытæ кодта. Бæндæн йæ

бырынкъæй феуæгъд, æмæ мæ гал йæ фæдыл цæхгæрмæ уынджы фæласы. Ноджы зæхх – бырынцъаг. Мæ амондæн, миттæ чи сыгъдæг кодта, уыцы сылгоймаг ын йæ фыййаг йæ ныхмæ фæцарæзта. Гал дзыхълæуд фæкодта. Æз ын бæндæн йæ бырынкъыл æлхынцъбаст акодтон.

– Бузныг, – загътон сылгоймагæн, æмæ нæ фæндагмæ æрбахызтыстæм. Иу милиционер мæм ныууырдыг.

– Ацы гал кæй у? Кæмæй йæ радавтай?

Мæнæн мæ зыр-зыр ссыд. Милицæйæ тынг тарстæн цæмæндæр. Гал нæхи гал у, даваггаг нæу, зæгъгæ йын загътон. Радзырдтон ын, кæцæй, кæдæм æй кæнын, уыдæттæ. Ауагъта мæ. Гал, æвæццæгæн, бафæллад, кæнæ та йæ бамбæрста, æндæр гæнæн ын кæй нæй, уый æмæ 'рсабыр. Йæ ных ын аныхтон. Уый дын мæм йæ цæстытæ æрбазыгъуыммæ кодта. Дзурын æм:

– Æз дæр бафæлладтæн. Æнхъæлыс, демæ архайын мын æнцон у, фæлæ мæ мæ фыды фæдзæхст æххæст кæнын хъæуы.

Бахæццæ стæм Уæлгинскæмæ. Нæдæр ме 'мхæрæфырты, нæдæр мæ мадырвадæлты бахъуыд гал. Черменыхъæу ардæм тынг хæстæг у. Фæлæ йæм цæуын та хъæуы цæугæдоны сæрты стыр хидыл. Рæстæг цас у, уый дæр нæ зонын, уымæн æмæ хур нæ кæсы, сахат та мæнмæ нæй. Гал дæр æмæ æз дæр тынг бафæлладыстæм. Бахæццæ стæм æппынфæстаг Дзампатæм. Хæдзары бирæ бинонтæй дзы уыд æрмæстдæр Лесга. Бацин мыл кодта. Хæринаг мын æрæвæрдта. Галæн дæр æнтыды бедра йæ разы сæвæрдта.

– Гал ам уадз. Дæхæдæг дæр ахсæв ам баззай. Дæ фæллад суадз. Райсом ауайдзынæ уæхимæ.

Гал мын Джызæлмæ кæнын кæй нал хъæуы, уый куы фехъуыстон, уæд мæ фæллад æрбайсæфт. Ме уæнгтæ сæхиуыл схæцыдысты.

– Лесга, æз цæуын хиды цурмæ. Кæд мæ машинæ кæнæ уæрдонласæг фæуа, уæд ацæудзынæн, кæннод баззайдзынæн ам.

Иуцасдæр хиды хъусыл алæууыдтæн. Машинæ, уæрдон зынæг нæй. Горæты 'рдæм кæсын. Миты рухсмæ мæм хæстæг фæкаст. Ацыдтæн. Цæуын, цæуын, фæлæ нал æмæ нал хæццæ кæнын. Афтæ мæм фæкаст, æмæ горæт мæнæй лидзы. Фæстæмæ акастæн. Хъæуæй дæр æгæр радард дæн. Здæхæн нæй. Æризæр. Нæ – машинæ, нæ – уæрдон цæуæг. Схæццæ дæн горæты кæронмæ. Хъуыды кæнын, цы фæуон, ууыл. Мæ мадæн йæ фыдыфсымæр Буцкатæм ныллæууин, æмæ горæты дæллаг

кæрон цæрынц. Цалынмæ уырдæм цæуон, уæдмæ Джызæлмæ 'мбис фæндагмæ бахæццæ уыдзынæн. Мæнæ горæты кæрон, Джызæлы фæндаг. Змæлæг нæй. Ацафон цæуын уæндгæ дæр нæ кæнын, æнæ цæугæ дæр мын нæй. Куыд баззайон æхсæвыгон митæмбæрзт фæндагыл. Горæтæй иуцасдæр рацыдтæн. Дард кæцæйдæр мæм хъуысы нæлгоймаджы тарст хъæр. Æрлæууыдтæн. Хъæр дæр басабыр. Араст дæн. Уый дæр та ныхъхъæр ласта. Кæимæдæр загъд кæны, æлгъиты. Дарддæр цæуын мæ ныфс нал хæссын. Æрлæууыдтæн. Кæд хæйрæджытæ сты æмæ мæ фæсайынмæ хъавынц. Мæ зæрдыл æрбалæууыд: Джеоргуыбайы бæрæгбоны фынгыл бадынц сыхы хистæр лæгтæ. Æз сын лæууын уырдыг, дзагдарæй. Сыхы хистæр Асаго дзуры:

– Цыдыстæм хъæдмæ æртæ бричкæйæ суг ласынмæ. Уæд ма хæйрæджытæ æргом цыдысты. Уæлмидты комы чысыл бауадыстæм. Уæлбылмæ фæхæрд кодтам. Гога – разæй, æз – астæуæй, Ганыкко – мæ фæстæ. Ганыккойы бричкæ уæлбылмæ нæма схæццæ, афтæмæй йын йæ бричкæйы шкворин фелвæстой, фæстаг дыууæ цалхы уырдыгмæ рауагътой. Сæхæдæг хъæр кæнынц:

– Гуыррицц Ганыкко, дæ цæлхытæ фæтулынц, гуыррицц, Ганыкко, дæ цæлхытæ фæтулынц!

Цæлхытæ комы смидæг сты. Лæг сæ йæхицæй æлгъитын байдыдта, мад-фыд нал ныууагъта. Хæйрæджытæ та æлгъыст æмæ кардæй тынг тарстысты æмæ æрбадæлдзæх сты.

Ныр Ганыкко тынг базæронд, уæддæр ма йæ мæстæй фæмарынц, гуыррицц, зæгъгæ. Райхъуыст та нæлгоймаджы кæуынхъæлæс. Дардæй йæм дзурын:

– Адæймаг дæ æви хæйрæг?

– Мæхæдæг дæр æй нал æмбарын, кæцытæй дæн, уый, – загъта кæуынхъæлæсæй. Адæймаджы хъæлæсы хуызæн мæм фæкаст. Хæстæгдæр бацыдтæн. Бæх – сугты уæрдоны ифтыгъд. Лæууы æдзæмæй. Лæг нæй. Мæхинымæр загътон, адон æцæгдæр сты хæйрæджытæ, зæгъгæ. Фæсайынмæ мæ хъавынц. Фæстæмæ аздæхон æви æнæ уынæрæй иувæрсты ацæуон? Уыцы рæстæг уæрдоны фæсте разынд лæг, йæ уазал къухтæ æууæрдгæ. Æз æм кæсын. Адæймаг кæй у, уый мæ бауырныдта.

– Хорз лæг, цы дыл æрцыд? Цæмæн лæууыс?

– Бæх оцани у. Дæлæ ма кæс, цалх – уæлæнгай дзыхъхъы. Тыххæст дæр ыл нæ хъæуы, фæлæ ахæм гæбæр бæх у, æмæ йын куыд акæнон?

Мæ зæрдыл æрбалæууыд Хъесаты Къолайы фæдзæхст, загъта йæ мемæ хъæумæ цæугæйæ:

– Бæх оцани у, зæгъгæ, уæд ын лæдзæгæй йæ уæрджытæ æмдзæф бакæн, æмæ йæ уромын дæр нал фæраздзыстут.

– Хорз лæг, дæ лæдзæг ма мæм авæр, дæхæдæг уæрдонмæ схиз æмæ фидар сбад.

Уый мæм æнæууæнк каст æрбакодта. Радта мæм лæдзæг, схызт уæрдонмæ. Æз бæхы уæрджытæ дзæбæх бацавтон. Уый уыциу гæпп акодта. Лæдзæг ма сæппæрстон лæгмæ. Бæх афтæ стырындз, цыма афтид уæрдон ласта. Лæг мæм уæрдоны сæрæй хъæр кæны:

– Бузныг дын! Кæмæй дæ? Дæ ном дæр дын нæ базыдтон…

Уæдмæ уæрдон адард.

Бахсæв. Арвæй рухсгæнæг нæй. Стъалытæ æмæ мæй сæхи мигъты фæстæ бамбæхстой. Миты рухс дæр мын нал кæны æххуыс. Цæуын зæронд фæндагыл. Аэродромы хæдзæрттæй иутæй гæзæмæ рухс кæсы. Уый дæр зæрдæ фæфидарæн ныфсыхос у. Мæстъæгойы æрхы сæрты хидыл хъæлтæ нæй. Ныххауынæй дзы тæссаг у. Къахæй сгаргæ, сабыргай ахызтæн фалæмæ. Цæуын дарддæр. Тæрсгæ дæр кæнын. Фæйнæрдæм фæлгæсгæйæ, мæ цæстытæ тыхкастæй фæрыстысты. Æрхоны доны сæрты хидыл куы бахызтæн, уæд, цыма, нæ кæртмæ бахызтæн, афтæ мын фенцондæр, тæрсгæ дæр афтæ тынг нал кодтон. Фæлæ, мах кæм цæрæм, уый Къардонмæ хæстæгдæр у. Стæй хъæуы цæрджытæй чидæртæ стыр хъæхъхъаг куыйтæ дарынц. Уыдонæй фæхæцынæй тæрсгæйæ, кæйдæр зæронд кауæй мих сластон æмæ уæндондæрæй, æнæ уынæрæй цæуын хъæуы уынгты. Мæ амондæн мыл иу куыдз сræйæг нæ фæцис. Иу къæбыла куы сræйдтаид, уæд иннæттæ æмхуызонæй, фæдисмæ цæуæгау, рабырстаиккой. Æвæццæгæн, фынæй кæнынц. Фынæй кæнынц нæ бинонтæ дæр. Сабыргай бацыдтæн кæройнаг уатмæ. Мæ фырвæлладæй уайтагъд афынæй дæн.

Райсомæй мæ фæндаджы хабæрттæ Дзыццайæн радзырдтон. Уый мæ фыдмæ хорз фæхæцыд, æвзонг лæппуйы, дам, æгас Ирыстоныл галимæ æнæ уæрдонæй цы 'рзилын кодтай?!

Мæ фыд бахудт:

– Дзыцца, лæппу ахæмттæй фидар кæны!

Ууыл мæ галзилæнты балц ахицæн.

ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ

СÆЛБИТЫ ДИАНÆ

Сæлбиты Тасолтаны чызг Дианæ райгуырд 1983 азы. Каст фæци Быдыры Дæргъæвсы астæуккаг скъола. Уый фæстæ 2001 азы бацыд ЦИПУ-йы ирон филологийы факультетмæ æмæ йæ 2005 азы сырх дипломимæ каст фæци.

Куыста Хетæгкаты Къостайы ном хæссæг Дзæуджыхъæуы 13-æм астæуккаг скъолайы хъомыладон фарстаты фæдыл директоры хæдивæгæй. Абон та у РЦИ-Аланийы сывæллæтты журнал «Ногдзау»-ы рауагъды редактор.

Сæлбион сфæлдыстадон куыст райдыдта, университеты ма куы ахуыр кодта, уæд. Иузæрдион у ирондзинадыл. Йæ алы хъуыддагæй дæр архайы мадæлон авзаг æмæ литературæйæн балæггад кæныныл.

ЭТЮДТÆ

ИДЫЛЫ

Чызджытыл рæсугъд нæмттæ куыд нæ сæвæрынц, фæлæ Идылымæ цы ном æрхауд, уымæн абарæн ницæимæ ис. Уымæй, бæлвырд бæрæг нæу, йæ мадмæ цы зæд æрдзырдта ном æвæргæйæ, уый, фæлæ йæ афтæ бафæндыд.

Идылы хуымæтæг постхæссæг у, фæлæ бирæ адæмыл не 'рвæссы. Газеттæ куы фæуары, уæддæр лæгмæ зулмæ фæкæсы, афтæмæй сæ ратты. Хатгай сæ зыввытт дæр ныккæны, зæгъæм, йæ зæрдæмæ куы нæ фæцæуы хъазæн ныхас, уæд.

Зноны чызг нал у Идылы. Нæ йæ хъæр кæны, фæлæ йыл иудыууиссæдз азмæ хæстæг цæуы. Нырма у йæ тæккæ амондагур. Раст зæгъгæйæ, йæ амонд раджы ссардта: йæ удæй фылдæр уарзы сæ сыхæгты лæг Никъалайы, фæлæ, стыр хъыгагæн, уымæн ис бинойнаг æмæ хуры хуызæн цот.

Идылыйы уый нæ уромы, æмæ та цыдæртæ бафæлвары, цæмæй Никъала бамбара, йе ´цæг амонд чи у, уый. Læджы куы фены, уæд Идылыйæн куы йæ къах фæбыры æмæ та фæцæйхауы, куы йæ сæр разилы, куы та йæ зæрдæ бахъарм вæййы. Никъала йæ ферваэзын кæны, фæлæ æппын, чызджы зæрдæ цæмæ тырны, уыцы хабармæ йæ хъус нæ дары.

Ныр дæр та баныхас кодта Идылы сыхаг чызджытимæ, Никъалайы къуырма зæрдæмæ фæндаг цæмæй ссара, ахæм мадзалыл. Уымæ гæсгæ, чызджытæй хъуамæ иу Идылыйы фесхойа Никъалайы машинæйы ´рдæм. Идылы ахаудзæн, æмæ, цалынмæ Никъала машинæйæ хиза удаистæй, уæдмæ йæхи сырх цæхæрайæ ацахордзæн. Идылы йæхи мæлыны къахыл лæудау скæндзæн, Никъалайæн йæ зæрдæ судзын райдайдзæн Идылыйæн тæригъæдæй. Æмæ йæм æргомæздæхт дæр кæд фæуид...

Цæхæратæ æлхæнынмæ Идылы фæцыд сахармæ, фæлæ ма уыдонæй уæлдай балхæдта ног къаба æмæ ног туфлитæ. Йæ цæстытыл та-иу ауад, Никъала йæ удаист уарзтæй куыд фæивдзæн, уый...

Мæнæ æрхæццæ уыцы бон. Идылы скодта йæ ног фæлыст. Куы фæталынггæрæттæ, уæд рахызт йæ «амонды фæндагмæ». Никъала сæхимæ цыд уыцы иу рæстæг, тигъы фæзилæны-иу йæ цыд фæсындæгдæр кодта – фæндаг дзы тынг дзыхъджын у. Гъе, уыцы тæккæ ран ын хъуамæ йæ машинæйы бынмæ багæпп кæна Идылы.

Алцыдæр цыд йæ фæндонмæ гæсгæ. Идылыйы зæрдæ йæхи къултыл хойы… Машинæ æрбахæццæ, чызджытæй иу Идылыйы фесхуыста… Уынг йæ цъæхахстæй сарыдта… Цæхæрайы карстæй йæхи парахат айсæрста æмæ афæлдæхт, бауадзыг. Машинæйы дуар фегом, фæлæ дзы рагæпп ласта Идылыйы сыхæгты зæронд лæг Тузар. Идылы фæгæпп ласта æмæ сæхирдæм дæр нæ, фæлæ цæхгæрмæ ныййарц. Чидæртæ ма йæ бæргæ хъавыдысты рынчындонмæ фæласын, фæлæ йæ нал байййæфтой.

СЫРХ ХАЛАТ

Нæ сыхæгты ус райгуырд сырх халаты. О, афтæ у æцæгæй дæр. Райгуырд. Сырх халаты. Мæхи цас хъуыды кæнын, уыйбæрц зонгæ дæн уыцы халатимæ. Уымæй, раст фæзæгъынц, раздæр дзаумайæн йæ хъæд хуыздæр уыд – æппын ацы халаты хуыз нæ ивы. Хонгæ дæр æй афтæ кæнынц: «Сырххалатджын».

Чындзхаст уа сыхбæсты, гъе та – зиан, Сырххалатджын, йæ уæлæдарæс нæ аивгæйæ, хабары астæу смидæг вæййы.

Уымæй рæстæг цæуы, фæлæ ма йæ халатæй уæлдай нæ ивынц йæ ныхæстæ дæр. Чи кæй уарзы, чи кæй нæ уарзы, чи кæмæн цы загъта, суанг ма чи кæмæй æмæ куыд гуырд у – алцыдæр зоны.

Æргом зæгъгæйæ, сыхæгтæ дзы тæрсгæ дæр кæнынц: йе 'взаг кæрды фыдбылызы фаг. Куыд фæзæгъынц, дыууæ къодахæн кæрæдзи фæнæмын кæндзæн. Æнæрхъуыдыйæ йæ разы сдзурæн ницы ис – дæхирдæм дын хъуыддаг фæкæндзæн æмæ, зæххыл цы нæ фехъуыстай, уыдон дын зæгъдзæн.

Хуыцау Сырххалатджынæн балæвар кодта иунæг чызг. Йæ мадæй йæм æппын ницы фæцис, йæхицæй уæздандæр адæймагæн скæнæн нæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, мадæн чызджы уаг йæ зæрдæмæ никуы цыд, æмæ, йæ бон куыд уыд, афтæ дзы æвзыгъд æмæ цæрдæг арæзта. Цæмæй йæ тыхархайд ма фæдзæгъæлы уа, уый тыххæй-иу чызджы схуыдта куы – фых уаллон, куы – æрдæгмард сæныкк, куы та – цъæх гæккуыри.

Æмæ мæнæ иу бон стыр хорз хабар æрбайхъуыст: чызджы аскъæфта замманай лæппу. Мадмæ хæрзæггурæггаг ничи разынд. Никæй бафæндыд йæ цъæх æлгъыстаг фæуын. Уæд сыхæгтæ баныхас кодтой, телефонæй, дам æм бадзурæм. Бадзырдтой.. Сæхи цæстытæй йæ федтой, Сырххалатджын, бирæгъы ниуд кæнгæйæ, куыд расхъиудта дуарæй æмæ кæй атахт æбæрæг ранмæ.

Чи зæгъы, чызг мады куы федта, уæд зæрдæхъарм фæци. Чи та зæгъы, мады хъæр куы айхъуыста, уæд йæхи бамбæхсын кодта хæдзары чъылдыммæ.

Рæстæг рацыд, æмæ иубон сыхæгтæ федтой ног диссаг. Нæ ус уынгмæ кæд æмæ рацыд дзыхъхъынног халаты. Йе сиахс, дам ын æй балæвар кодта. Æрмæст та уый дæр разынд сæнтсырх.

КУЫРДЫ ФЫРТ, ÆВИ…

Иу райдзаст райсом мæхи мæ куыстмæ сræвдз кодтон. Гуыдыры аппы дæгъæл фæцавтон, æмæ дын мæ дæгъæлы æмбис мæ къухы куы аззаид, иннæ та – гуыдыры. Ахæм заман мæм афтæ фæкæсы, цыма цард æрлæууыд. Раст ма кæуын дæр афæлвæрдтон, фæлæ йæ хорз зонын, цæссыджытæ лæгæн йæ хъыгыл хъыг кæй æфтауынц æрмæст, æндæр кæй ницы æххуыс сты.

Адзырдтон, гуыдыртæ чи барæвдз кæны, ахæм дæснымæ. Йæ хъæлæсмæ гæсгæ уый Лучано Паваротти уыди.

Æнхъæлмæ йæм кæсын. Куыстмæ мын байрæджы, ай-гъай. Иу сахат куы рацыд, уæд ма сабыр уыдтæн, дыккаджы фæстæ дæр

бынтон нæма схъуырмæ дæн. Фæлæ æртыккаг сахат куы аивгъуыдта, уæд та «Лучаномæ» бадзырдтон. Æмæ та мæм уыцы лирикон теноры хъæлæсæй куы сдзурид: «Фæхæццæ кæнын».

Æрбахæццæ. Хъыгагæн, йæ хъæлæсы аккаг лæг нæ разынд. Райдыдта архайын. Дуар-иу куы хойгæ кодта, куы та – цæвгæ сындæггай. Куы-иу æй зети хъуыд, куы та – фæрæт: дуар дзы ратона... Куыст йæ тæмæны бацыд. Лæгæй авд хиды акалд. Кæцыдæр рæстæг сыбыртт дæр нал хъуысыд. Æз сцин кодтон, зæгъын, хъуыддаг конд у. Лæг æдзæмæй лæууы. Дуармæ кæсы, цыма дзы саст гуыдыр нæй, фæлæ йæ усы ныв… Боныфæстагмæ йын бантыст гуыдырæн йæ апп баивын. Йæ фыдæбæтты аргъ мын загъта. Мæ цæстытæ атартæ сты: ахæм аргъæй ног дуар дæр уыд балхæнæн. Æхца йæ дзыппы куы аныгъуылдысты, уæд мæм худæгбылæй æрбакаст æмæ афтæ:

– Куы дæ фæрсой, чи дын скодта дæ гуыдыр, зæгъгæ, уæд-иу зæгъ: «Куырды фырт!». Хуымæтæг лæджы къух дын æм нæ фæхæццæ!

Раст зæгъгæйæ, абон дæр æй не 'мбарын, афтæ цæмæн загъта, уый.

Æрмæст, мæнмæ гæсгæ, куырды нæ, фæлæ цыдæр ... фырт ма уа…

ФЫНТÆ, ФЫНТÆ

Адæймаг бæлвырд куы зонид фыны нысаниуæг, уæд-иу рагацау йæхи истæмæ цæттæ кæнид. Вæййы афтæ, æмæ дæм фæкæсы, цыма царды цы хабæрттæ 'рцæуынц, уыдон ды рагагъоммæ зыдтай, уымæн æмæ ма сæ кæддæр федтай. Фæлæ адæймаг уыдон фыны фены.

Раст цыма дард балцы араст вæййын, афтæ арæх фæуынын мæ фыны Быдыры Дæргъæвс. Уый у мæнæн мæ уарзон бынат. Ме 'нæмæт дуне. Мæ сабидуджы адджын хъæу. Ам райгуырд, царды ад кæй къухты хъармæй баззыдтон, уый дæр – мæ мад. Мæнæ та мыл цыма иу-дæс азы цæуы æмæ сæрды мæйты мæ бабумæ уазæгуаты дæн Дæргъæвсы.

Мæ сонт фынты дæр æрцæйтæхын йæ уынгты. Скæны сæрдыгон хорз бон. Сыхæгты дуармæ фæбадынц хистæр кары адæм. Бирæтæ дзы хæст сæхи цæстытæй федтой. Мæнæ Мысост. Мæ фыны дæр та мæ нал базыдта, фæхæццæ мæ кодта мæ мадимæ, хонгæ дæр мæ уый номæй кæны. Ай та у мæ бабуйы цæгат. Дуармæ бады бабуйы æфсымæр Хазби. Хæстæфхæрд нæлгоймаг йæ цæстытæ æрдæгæхгæд

æркодта æмæ йæхи хурмæ тавы. Хуры тынтæ хъазынц йæ цæсгомыл. Зæгъы та мын: «Ныртæккæ дæ æз уæларвмæ феппарон. Кæс-ма, кæс ацы æнæнтыст чызгмæ».

Мæ кæл-кæлæй худт дзæнгæрæджы цагъдау айхъуыст æнæхъæн уынджы. Цæмæндæр мæм ныр афтæ кæсы, цыма æрмæст ахæм хистæрты уындзынæн æз мæ фынты. Фыны ме уæнгты цыдæр рогдзинад фæзыны. Нæ хæдзарæй гыццыл куы ныууайай бынмæ, уæд дзы ис Æрæфы дон. Æрдз æгас хъæуы йæ хъæбысы бакодта. Алæмæты бæстывæрд. Фыны дæр æй æнкъарын, ме зæрдæйы æхцондзинад куыд бацæуы, цыдæр тыхтæ мын сыгъдæг уæлдæфимæ мæ риу куыд байдзаг кæнынц, æмæ ныртæккæ ме уæнты бынæй фæзындзысты базыртæ. Æз æртæхин Найфаты кувæндоны фæзмæ – ардæм мæ хæрз чысыл сабийæ фыццаг хатт ныккодта мæ мадыфыд. Уый та мын мæ къухыл хæцид, цæмæй йын макуыдæм алидзон. Мæнæн та, куывддзау уæвгæйæ, мæ къухы уаид хоры хуын, уый мын зæрдиагæй бацæттæ кæнид мæ нана.

Найфаты алыварс зайынц æнусон бæлæстæ. Уыдон æруагътой сæ уæззау къалиутæ, сæ цъуппытæ та раст уæлæрвтыл æндзæвынц. Мæн дзы фæндид алы сыфмæ дæр бавналын, сæ алкæцыдæр зæрдæйæн зынаргъ у.

Фынтæ.. фынтæ…

Адæймаджы удæгасæй дзæнæт. Æнкъарыс дæхи амонджынæй!

Æрмæстдæр уæд… О, Къоста, о, æрмæстдæр уæд, суанг абон дæр нæ «зæрдæ хъал вæйиы фынтæй»..

КÆЙ ЧЫЗГ ДÆ, КÆЙ?

Иу-æхсæз азы мыл цыдаид, уæд мæ мæ мад фыццаг хатт арвыста дуканимæ. Раст зæгъгæйæ, дукани уыд махæй чысыл дæлддæр, фæлæ мæнмæ бакæс… Цыма дуканимæ нæ цæуын, фæлæ фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ… Фæндагыл, æвæццæгæн, мæ цæсгомы æрттывдæй адæм суртæ кодтой (уырны мæ), æмæ нæ сыхæгты устытæн салам дæр нæ загътон. Фæстæмæ куы сцæйцыдтæн, уæд мæ нæ сыхæгты зæронд ус æлхынцъфарст акодта :

– Кæй чызг дæ, кæй?

Æз тынг сæрыстырæй мæ фыды ном куыд нæ загътаин… Дарддæр цы уыд, уый дзæбæх нал хъуыды кæнын, фæлæ уыцы ус мæ фыдыл куыд нæ амбæлыдаид…

Хæдзары мемæ уыд бæстон ныхас. Цалдæр хъуыдыйадæй мын бамбарын кодтой, хи раст дарын куыд хъæуы, уый.

Уыйбæрц бирæ азтæ дæр нæ рацыд уæдæй нырмæ. Рæстæг фæивта, æмæ – æгайтма. Абоны чызг чызгыл нымад дæр нæу, йæ ивгъуыд царды исты æнæуаг ми куы нæ уа, уæд. Хаттæй-хатт мæм афтæ фæкæсы, цыма Ирыстон Лондон æмæ Нью-Йоркæй дæр размæдзыддæр у рæстæгмæ ист æгъдæуттæй. Уымæйдæр, æбуалгъ митæй æвзæр фылдæрхатт ничи зæгъдзæн.

Чи зоны, æмæ æз фæзæронд кæнын, æмæ мæм Царциаты диссæгтæй диссагдæр кæсынц ног «модæтæ». Зæгъæм, дымст былтæ цæсгомы æрдæгыл.

Уæд дын бауадтæн иу зынаргъ духиты дуканимæ, зæгъын, мæхи арæвдаон. Дуканигæс чызг мæм лæууыд чъылдыммæ, æмæ мæм куы ракаст, уæд мæ фыццаг фæндыд зæххы скъуыды ныххауын, дыккаджы, мæ къухы цы духийы авг уыд, уый йыл фехсын. Фæлæ мæхи фæурæдтон æмæ йæм æдзынæг кæсын, раст æдзухъом сывæллон йæ мадмæ куыд фæкæсы, афтæ. Мæн нæ уырныдта, ахæм адæймаджы хуыз дæр вæййы, уый. Былтæ цæстытæм хæццæ кодтой. Уымæй ма сæ сырх-сырхид ахорæнæй сахуырста, æвæццæгæн, тарст, æнæ ахуырстæй хорз куы нæ зыной. Ау, æмæ æз фыццаг æмæ фæстаг адæймаг уыдтæн, уыцы æнæарæнтæ рæсугъддзинадмæ афтæ лæмбынæг чи каст?! Æмæ йыл цы 'рцыд, цы?! Цавæр æддаг бакасты революцийы уацары бахаудыстæм, цæмæй афтæ тагъд размæ тæхæм?!

«Кæй чызг дæ, кæй?» – ахæм фарст нал цæуы хъуыддаджы. Кары адæм дæр æнахуыр фесты. Мæн нæ фæнды дзурын, ома, мæнæ раздæр афтæ уыд, ныр та – бынтон æндæрхуызон. Цард размæ цæуы æмæ йæхи ивддзинæдтæ хæссы. Фæлæ æнæфенкъуысгæ хъуамæ баззайой ирон чызджы æгъдау æмæ æфсарм. Æмæ куы фæрсой, кæй чызг дæ, кæй, зæгъгæ, уæд дын арф кæмдæр дæ зæрдæйы хъуамæ худинаг ма уа дæ фыды ном зæгъын!

КÆЙ ФЫРТ ДÆ, КÆЙ?

Абон, цæмæй дæ къухыныхтæ саив кæнай, уый тыххæй хъуамæ дæхи иу мæй раздæр ныффыссай рады. Зæрдæйы операцитæ чи кæны, уыцы хирургтæм дæр ахæм рад нæ вæййы. Гъемæ æз дæр мæй раздæр

мæхи ныффыстон ныхты дæснымæ. Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ йæм иу-сахатырдæг куы айрæджы кæнай, уæд ма дын де 'мгъуыдмæ иу мæй афтаудзæн.

Мæ рад æрхæццæ. Гыццыл раздæр æм бацыдтæн. Мæхи фæхсбандоныл æруагътон. Мæнæ-мæнæ мæ рад у, зæгъгæ, афтæ дуар фегом, æмæ мидæмæ æрбахызт зæрдæмæдзæугæ лæппулæг. Афтæ аив уыдысты йе 'рфгуытæ дæр, æмæ æз мæхимæ маймули æркастæн. Аракæс-бакæс кодта æмæ мæ ныхтæгæнæгмæ баввахс. Йе 'лхъывд джинс хæлафы йæ бон цæуын куыд уыд, уый абон дæр не 'мбарын. «Тынг дæ курын, мæ ныхтæ мын акæн. Абон мын тынг ахсджиаг фембæлд ис», – балæгъстæ кодта.

Ныхтæгæнæг мæнырдæм йæ цæстæнгас æрбаппæрста, ома, æз та цы зæгъдзынæн... Фæндыд мæ læппуйы мæ разæй ауадзын, фæлæ-иу мæ ныхтæм куы 'ркастæн, уæд та-иу, цыма ницы 'мбарын, мæхи афтæ скодтон.

Хæрзконд мæ разы æрбадт.

– Хабар куыд у, уый зоныс… Абон мæ хъысмæт сбæрæг уыдзæн. Хъуамæ фембæлон иу стыр лæгимæ, æмæ мын уый кæсдзæн мæ аивтæм, ома, бæззын уымæ кусынмæ.

Мæ сæрæй йын æркуывтон. Гæнæн, зæгъын, нæй. Æвæццæгæн, абон ирон læджы фыртыл алцыдæр фидауы: йæ ныхтæ аив кæнын дæр, æрфгуытæ тонын дæр, къуындæг джинс хæлаф дарын дæр. Фæлæ...

Æппын ахæмтæн сыхæгтæ дæр нæй? «Кæй фырт дæ, кæй?» зæгъгæ дæр сæ никуы ничи бафæрсы?

Æниу… Кæй ма хъæуынц ахæм хабæрттæ?! Æрмæст ма иуæй-иу ацæргæ адæмы…

Æз та сæ афтæ бафæрсин, сæ сыхаг уæвгæйæ: «Ирон дæ, æви ерунда дæ?..».

КЪОСТА – 160 АЗЫ

ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
филологон зонæдты кандидат,
ЦИПУ-ы доцент.

КЪОСТАЙЫ ФÆНДЫРЫ ЗÆЛТÆ НАФИЙЫ СФÆЛДЫСТАДЫ

Бæрзонд хохау лæууы Къоста нæ разы,
Ирыстонæй дун-дунетæм кæсы.
Йæ цæсгомыл сæууон хуры тын хъазы,
Сæууон хурау ыл алчи дæр тыхсы!..
Нафи

Къостайы сфæлдыстад, йæ дзырды хæзнатæ дзæнхъа дуртау æрттивынц ирон дзырдаивады фурдæй, æмæ сæ йæ фæдонтæ æвдадзы суадонау нуазынц, сæ поэтикон зæрдæты дидин калынц. Уыцы алæмæты поэзийы фурдæй Нафи дæр фæхъæстæ, 4 азы йыл куы сæххæст, уæдæй фæстæмæ. Хъусгæ та сæ фæкодта Акимæй, уый ахуыр кодта 2-аг къласы æмæ каст, Къоста сывæллæттæн цы æмдзæвгæтæ ныффыста, уыдон. «Æз æм хъуыстон, æмæ мæ зæрдæйыл мады узæлдау тыхстысты, рохгæнæн сын нал уыд…» (Аким уыд нæ фыдыфсымæры лæппу, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæ зынг зæрдæ бамыр ис Украинæйы горæт Винницæйы, ныгæд дæр уым æрцыд).

Иу сæрдыгон бон Нафи хъазыд хъæуы сæбитимæ «хъæл æмæ лæдзæгæй». Рамбылдта æмæ фырцинæй æмдзæвгæтæ кæсын райдыдта. Ахуыргæнæг хæдзармæ фæцæйцыд æмæ айхъуыста, сабитæй чидæр Къостайы æмдзæвгæтæ куыд кæсы. Бахъуыды йæ кодта æмæ йæ дыккаг бон скъоламæ фæхуыдта. Нафи зыдта бирæ æмдзæвгæтæ æмæ нымайын дæр. Ахуыргæнæг фæхатыд сабийы зæрдæргъæвддзинад æмæ йын бар радта 1-аг къласы сабитимæ бадынæн.

Йæ цинæн кæрон нал уыд, æмæ уыцы бонæй райдыдта Нафийы гуыргъахъхъ æмæ вазыгджын фæндаг стыр дунемæ. Кировыхъæуы

æстæуккаг скъола каст фæци сыгъзæрин майданимæ. Цин кодтой рауагъдонтæ, фæлæ сæ цин бирæ нæ ахаста, райхъуыст радиойæ – райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Иууылдæр нырхæндæг сты, хъуыдыты ацыдысты, сыбыртт нал хъуыст. Уæд сæ къласы æппæты рæсугъддæр чызг ныхъхъæр кодта:

Æз цагъæйнаг нæ дæн,
Æз нæ хæссын къæлæт!

Æнæхъæн къласæй сфæнд кодтой хæсты быдырмæ ацæуын. Лæппуты иууылдæр акодтой, фæлæ Нафийы раздæхтой. Йæ кармæ гæсгæ йын нæма уыд афон. Тынг смæсты æмæ сфæнд кодта Цæгат Ирыстонмæ ацæуын Уаггомæ (нæ фыды хистæр æфсымæр Уасикъомæ, мах æй Уагго хуыдтам), кæд æй уырдыгæй акæниккой æфсадмæ зæгъгæ, фæлæ та ам дæр уыцы закъон куыста. Уæд та ахъуыды кодта, цæй æмæ Уаггойæн фæлывд дзырд зæгъон, стæй йын æй раргом кæндзынæн æмæ дзы хатыр ракурдзынæн. Науæд ме 'мкъласонтæ сæ туг калдзысты цыфыддæр знаджы ныхмæ, аз та партæйы уæлхъус бадон институты. Нæ, уый мæ сæрмæ не 'рхæсдзынæн, мæ уарзон æмгæрттæ та мын æй нæ ныббардзысты.

Уагго та Ногиры уыд кадджын, дзырддзæугæ æмæ уаз лæг. Бацыд Нафи Уаггойы размæ æнкъардæй æмæ йын кæуынхъæлæсæй загъта, зæгъгæ мын хъæусоветæй ахæм гæххæтт райс, куыд мыл 17 азы цæуы, науæд мæ институтмæ нæ исынц. Уагго ахъуыды кодта æмæ йæ чысыл кæстæрæн ныфс бавæрдта, фæлæ йын бафæдзæхста, фондзтыл куы нæ ахуыр кæна, уæд æй кæй рæсурын кæндзæн. Сарæзта Нафийæн йæ хъуыддаг йæ кадджын фыдыфсымæр.

Рацыд цалдæр боны, æмæ Уагго райста фыстæг: «Зынаргъ Уагго! Хæсты быдырæй дæм тагъд зындзынæн салдат-уæлахиздзауæй». Дæ чысыл æфсымæр Нафи. 1941 аз (Нафийы архивæй).

Хæсты уæвгæйæ дæр, Къостайы стыр сау цæстытæ æмæ йæ поэтикон суадоны зарæг æдзухдæр уыдысты йе 'мдзугæнæг. Хæдтæхæгыл-иу куы тахт (тæхæг уыд), уæлейæ уырдыгмæ-иу куы каст хæхтæм æмæ æрдзы диссаджы нывтæм, уæд-иу ын Къостайы уæлмонц æмæ генион хъуыдытæ йæ тыхыл æфтыдтой тых, йæ ныфсыл – ныфс. Уымæн райгуырдысты Нафийы уарзæгой зæрдæйы ацы рæнхъытæ:

Ацы æмбисонд сабийæ дæр хъуыстон,
Мæ удрæбын æй зæды арм фыста:
Æнæ Къоста нæ уыдаид Ирыстон,
Æнæ Ир та нæ уыдаид Къоста.

Къостайы фæлгонц сныв кæнын, йæ бæркадджын бынтæ раиртасыныл Нафи куыста йæ царды фæстаг уысммæ æмæ уымæй равдыста йе 'нæкæрон уарзондзинад ирон дзырдаивады генимæ, йæ «сæрæй лæбыры сыгъзæрины зæй» кæмæй загъта Секъа, уымæ.

Нафийы зæрдæйы æмæ уæлмонц æнкъарæнты Къоста цард æмæ йын уыд йе сфæлдыстады фæндагамонæг стъалы. Уый раджы бамбæрста, Къостайы фæндырдзагъды кæй ис æмбæхст ирон аив дзырды æнусондзинад æмæ адæмы фарн, фидæн. Нафийы сфæлдыстады ирдæй зыны Къостайы бындурон хъуыды, аивады равзæрд, йæ æрдз, йæ нысан æмæ ахадындзинад адæмы историйы. Уымæн ын у зынаргъ Къостайы алы дамгъæ æмæ мыр, йæ сау цæстытæ, худ, цухъхъа, бæрцытæ æмæ рон.

«Мæ цæстытыл уайы Къостайы сурæт. Хивæнд сау бецыкк уæлдзарм худы бын нæ цæуы, бырсы æддæмæ уалдзыгон цъилау, къæбæлдзыгæй. Æгæрон цардбæллон фæливæнтæ кæны къуыбыр рихиты бын, стъæлфæнтæ хауы къæлæтыйас цæстыты арфæй. Къоста – бæгъатыр æмæ поэт, куырыхон лæг æмæ пехуымпар. Баиу сты ацы бæллиццаг миниуджытæ иу læджы зæрдæйы. Уымæн сси ацы фæлгонц, ирон адæм рагæй кæмæ бæллыдысты сæ мидзæрдæйы, ахæм æнæмæлгæ таурæгъаг æнустæм» – фыссы Джусойы-фырт.

Къоста йæ уды æмæ курдиаты хъæздыгдзинад рахаста йæ раттæг адæмы удварны уидæгтæй. Уымæн æвдисæн – «Нарты кадджытæ» æмæ нæ рагон фыдæлты истори. Уыцы монон культурæйы сæйраг миниуджытæ та уыдысты: хъæбатырдзинад, лæгдзинад, уарзондзинад, рæстдзинад, кад æмæ намыс. Къостайы хæдбындур курдиаты ацы алæмæты миниуджытæ æрбынат кодтой, арф уидæгтæ ауагътой æмæ тæрккъæвдайау уарыдысты Иры зæдбадæн бæстæ æмæ адæмыл.

Сау цæстытæ, сау цæстытæ, сау!
Æхсæвау – сау, бæрзонд арвау – æнæбын.
Кæд искуы уыд зæххон лæгæй Хуыцау,

Уæд арвмæ уый зæрин фæндаг фæрæдыд,
Æмæ æрцард нæ сау хæхтæн сæ рæбын!

Ыскодта уый йæ зæрдæйæ фæндыр,
Æрыхъуыстой цымыдисæй йæ цагъдмæ
Æгас дуне – лæджы зæрдæйæ æрвмæ!

Йæ зæрдæ – арт, цæхæр цæстытæ – сау,
Йæ зарджытæ – нæ бæллицтæ, нæ цинтæ,
Нæ ивгъуыд бон, нæ ныры цард, нæ фидæн!
Гъе, ахæм уыд нæртон поэт – Хуыцау, –
Лæгæй хуыздæр нæ уыд Хуыцæуттæй иу дæр.

Нафи уыди иунæг æмæ бæллиццаг хъуыддагыл хæст, уый уыд йæ зонд, тых æмæ уды хæзнаты къæбиц: «Къоста нын радта чиныг, Елбыздыхъо бакодта театры дуæрттæ».

Ныр сæдæ æхсай азы ирон адæм Къостайы номæн табу кæнынц, кувынц ын бæрзонд уæларвон тыхау, сæ æнувыддзинад æмæ уарзондзинад генион поэтмæ уымæй æвдисынц. Ацы бæрзонд идеал æмæ мидисджын хъуыды уыд цæхæрцæст поэтæн дæр йæ царды нысан, йæ парахат зæрдæйы фæндиаг: «Чи мæ фехъуса, уый мæ кæд бамбарид, чи мæ бамбара, уый мæ кæд нæ ферох кæнид».

Нафи бамбæрста, банкъардта æмæ йе 'ппæт царды бонтæ æрвыста Къостайы урс нымæт æмæ ирон худы тыхтæй. Никуы фæхицæн йæ хъуыды Къостайы æнусон фæндыры зæлтæй. Къостайы сурæт Нафи куыд ныв кæны, уый дæр баст у нæ адæмы цæрдыуагимæ, нæ адæмон сфæлдыстадимæ: «…Къостайы фæлгонцы сты Ацæмæзы æрдаг уадындзы æвæджиау мыртæ æмæ Сырдоны фæндыры трагикон хъæлæс... Ирон аивады историйы ис дыууæ бæрзонд хохы: Нарты кадджытæ æмæ «Ирон фæндыр». Ацы цардæгас традици не скъуыйы, цалынмæ нæ баиу кæны нæртон кадæджы хъæлæс ирон фæндыры цагъдимæ».

Ирон дзырды æрвон къалиуæн снывонд кодта Нафи йæ цард, йе сфæлдыстадон тых æмæ арф зонындзинæдтæ. Уымæн фыста хæдбындур поэт-романтик Джыккайты Шамил: «Нафи йе стыр куыстæй не скодта фæллæйттæ, фæлæ скодта **Кад** йæ адæмæн æмæ йæхицæн».

Къостайы цард у рæсугъд, намысджын, уæлмонц кадæг. Кæд æмæ уыд зын, хъизæмайраг æмæ æрхæндæг, уæддæр тæмæнтæ калдтой сфæлдыстадон рухсæй æмæ бæрзонд хъуыдытæй **Сæрибар**, **Фидæн** æмæ **Рæстдзинад.**

Нæ рухстауæг поэты хæдбындур сфæлдыстад, йæ куырыхон хъуыды æмæ удыхъæд уыдысты æмæ уыдзысты **Аразæг, Иугæнæг** æмæ **Æнæфæцудгæ Мæсыг** ирон адæмæн.

Поэты ацы æнусон хъуыды тынг ирдæй зыны Хуссар Ирыстоны минæвæртты раныхасы Къостайы ныгæнæн бон: «Къоста йæ «Ирон фæндыр»-имæ схызт Кавказы хæхты сæрмæ æмæ уырдыгæй сидæн цагъд ныккодта. Ирон дзыллæ, уæды онг къордтæ-дихтæ чи уыд, уыдон цæуын райдыдтой уæлæмæ, фæндыры цагъдмæ; æмæ Къоста-фæндырдзæгъдæджы алыварс куы æрбамбырд сты, уæдмæ кæрæдзи чи нæ зыдта æмæ никуы федта, уыцы адæмæн Къоста бацамыдта, æфсымæртæ кæй сты, уый æмæ сын кæрæдзимæ раттын кодта сæ къухтæ».

Нафи Къостайы фæлгонц, йæ цард æмæ йе сфæлдыстад афтæ алывæрсыг раиртæста, æмæ адæймаг семæ куы зонгæ кæна, уæд æм афтæ кæсы, цыма æмдугонтæ сты, æмæ сын фæхицæнгæнæн нæй.

Къостайы сфæлдыстад Нафийы царды цы бынат ахсы, уый тыххæй зындгонд литературæиртасæг, Хуссар Ирыстоны Тыбылты Алыксандры номыл паддзахадон университеты профессор Плиты Гацыр фыссы: «Къостайы фарн æмæ лæгдзинадыл Иры фæлтæрæй Нафийы хуызæн ничима ныззарыд… Нафи бирæ тых, бирæ бонтæ æмæ æхсæвтæ, мæйтæ æмæ æфæдзтæ схардз кодта Къостайы царды фæндæгтæ æмæ сфæлдыстадон бынтæ адæмы размæ рахæссыныл».

Разы дæн Плийы-фырты хъуыдыимæ. Æцæгæйдæр, Нафи Къостайы сфæлдыстадыл ныффыста бирæ куыстытæ. Æрæмбырд сæ кодтон æз: 5 томы, се 'хсæн 3 монографийы: «Тема Кавказа в русской литературе и в творчестве Коста Хетагурова». – Сталинир, 1955 г.; «Коста Хетагуров». – Цхинвал, 1958 г.; «Хетæгкаты Къоста – ирон литературæйы бындурæвæрæг» – Цхинвал, 2016 аз; «Иры Хур скасти Нарæй». – Дзæуджыхъæу, 2009 аз (уацхъуыдты æмбырдгонд); «Ирыстоны сагъæстæ. Кадæг Хетæгкаты Къостайыл». – Сталинир, 1959 аз; «Мое одинокое горе» – къухфыст æмæ уацхъуыдтæ, кæцытæ мыхуыргонд уыдысты центрон журналтæ æмæ газетты «Дружба

народов», «Вопросы литературы», «Литературная газета», «Литературная Россия», «Отчизна», «Советская книга» æмæ æндæрты. Нафи ратæлмац кодта ирон æвзагмæ, Къоста уырыссагау цы æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ ныффыста, уыдон дæр. Фæлæ ма Нафийы архивы ис пълан (цыма ис раиртасинаг Къостайы сфæлдыстады), æмæ фыссы: «Къостайы сфæлдыстад у æнæбын, нырма дзы бирæ фарстатæ ис раиртасинаг». Æмæ ранымадта 7 темæйы. Сæ быны сын бафыста: «Кæд мæхицæн ницыуал бантыса, уæд сæ раиртасдзысты ирон æвзыгъд литературтæ».

Къостайы æвидигæ сфæлдыстад æмæ йæхæдæг Нафийæн æмæ Ирыстонæн сты сæ удварны уидаг. Къоста у сæ сæрыл тохгæнæг хъæбул, сæ рухстауæг, æмæ уый никуы ферох уыдзæн йæ ныййарæг адæмæй, цæрдзæн æмæ æмдзу кæндзæн семæ.

Поэтæн мæлæт нæй – стъалыйы рухс у æнусон!

15.10.2019 аз

Æнæ Къоста
нæ уыдаид
Ирыстон,
Æнæ Ир та нæ уыдаид
Къоста!

Нафи

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

ТЕАТР «НАРТÆ»

Ацы аз РЦИ-Аланийы культурон царды æрцыд ахсджиаг цау: паддзахадон Бæхты драмон театр «Нартæ» Къостайы райгуырды 160 азы юбилейы бонмæ сæвæрдта поэтикон спектакль «Бæрæгбон хæхбæсты». Равдыстой йæ æхсæз хатты, æмæ-иу дзы спектакльты рæстæг адæмæй къухбакæнæн нæ уыд.

Спектаклы режиссер æмæ кæфтытæ æвæрæг у театры аивадон разамонæг, РЦИ-Аланийы адæмон артист Сихъоты Тимур. Сценарийы автор – адæмон поэт Кокайты Тотрадз. Музыкалон фæлгонц ын сарæзта Газайты Зоя. «Театр «Нартæ»-йы артисттæй уæлдай ма спектаклы архайынц Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театр, паддзахадон Дыгурон драмон театр, Культурæйы колледж æмæ кæфтыты ансамбль «Чысыл джигит»-ы артисттæ. Хæстон сценæтæ æвæрæг – Уалыты Гиви.

Театр «Нартæ»-йæн 1990 азы бындур сæвæрдта Дзиуаты Анатоли. Фыццаг дзы æвæрд æрцыд Джыккайты Шамилы пьесæ «Хъодыгонд зæд».

Фæстаг хатт ма Бæхты театры драмон спектакль æвæрд æрцыд æртындæс азы размæ («Посвящение семерым»). Сæвæрдта йæ Сихъоты Тимур. Абон театры кусы ссæдз адæймаджы, ис дзы фараст бæхы.



Бæхты театр "Нартæ"-йы аивадон разамонæг,
УФ-йы паддзахадон премийы лауреат,
РЦИ-Аланийы адæмон артист СИХЪОТЫ Тимур

Къостайы ролы – ХЪАРАТЫ Алыксандр

БРЫТЪИАТЫ Анжелæ,
Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл
гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты
хистæр зонадон кусæг, филологон наукæты кандидат

СЫВÆЛЛÆТТЫ ЛИТЕРАТУРÆ ÆМÆ ХЪОМЫЛАДЫ ФАРСТАТÆ

(Дауырæйы сфæлдыстады бындурыл)

Сывæллæтты литературæ… Егъау æмæ ахадгæ у йæ нысаниуæг не ´рвылбоны царды. Саби фыццаг хатт йæ къухмæ чиныг куы райсы, уæд райдайы йæ цымыдисаг æмæ зæрдæрайгæ фæндаг дзырдаивады алæмæттаг дунемæ.

Йæ зæрдæйы хъарм æмæ йæ хъæздыг æвзаг сабитæн æнæвгъауæй чи лæвар кæны, уыдонæй иу у Ирыстоны адæмон поэт Сланты-Дауыраты Зоя (Дауырæ). Хорз æй зонынц ирон газеткæсджытæ, чиныгкæсджытæ. Мыхуыры йын рацыд къорд чиныджы: «Мæ къонатæн, мæ хуртæн» (1990), «Сæдæйысæр» (2000), «Мæ чысыл хуртæн» (2002), «Азæлд» (2003), «Мæргъты паддзах» (2006), «Ærдхæрдтæ» (2011) æмæ æнд. Абон нæ ныхасы сæр сты, сывæллæттæн цы уацмыстæ фыссы, уыдон.

Куыд æмæ кæд æрбацыд Дауырæ нæ литературæмæ? Хъобаны астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ бацыд уæды музыкалон-педагогон техникуммæ, фæлæ дзы афæдз йеддæмæ нæ фæцахуыр кодта. Йæ гæххæттытæ радта Мæскуыйы Щукины номыл уæлдæр театралон училищейы ирон студимæ. Кæд актеры дæсныйад равзæрста, уæддæр йæ зæрдæ æхсайдта режиссурæмæ, æмæ архайын райдыдта, цæмæй Мæскуыйы уæлдæр режиссерон курсытæм йæхи бацæттæ кæна. 1962–1967 азты фæкуыста республикæйы куклаты театр «Саби»-йы ирон къорды режиссеræй. Уый йын стыр ахъаз фæци, цы курсытæм тырныдта, уырдæм, С.В. Образцовы къордмæ, бахауынæн.

Фæстæдæр та ахуыр кодта зындгонд режиссер А.А. Гончаровмæ. Уый дæр æм æгъгъæд нæ фæкасти, æмæ ахуыр кæнын райдыдта мультипликаци, цæмæй фæстæдæр нæхимæ дæр мульткинонывтæ исынæн фадæттæ арæзт æрцыдаид, ахæм фæндимæ. Ærтæ азы

дæргъы ахуыр кодта æмæ куыста «Союзмультфильм»-ы ассистентæй. Ирыстонмæ сыздæхыны фæстæ 23 азы дæргъы удуæлдай фæллой фæкодта телеуынынады, архайдта, цæмæй ирон аивад, ирон æвзаг бæстон парахатгонд цыдаиккой, ууыл. Амыдта равдыстытæ «Не 'взаг – нæ хæзна», «Фыдæлты фарн», «Нæ дуг æмæ не 'гъдæуттæ». Дауырæйы царды ма ис, æнæ зæгъгæ кæмæн нæй, ахæм цау: байгом кодта, йæ зонындзинæдтæ лæвар кæм амыдта, ахæм скъола «Хæзнадон». Ахуыр дзы кодта, цыдæр аххосæгтæм гæсгæ йæ мадæлон æвзаг йæ рæстæджы чи нæ базыдта, стæй æндæр адæмты минæвæрттæй не 'взаг базонын кæй фæнды, уыдоны. Уыцы куыст æнæфæзынгæ нæ фæци йæ литературон сфæлдыстадыл – йе 'мдзæвгæты фылдæр хай агургæ æмæ 'нæссаргæ æрмæг у ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн.

Дауырæ фыссын райдыдта, йæ мидхъуырдухæнтæй чи гуырд æмæ-иу алы кары адæймагæн дæр æнцонæмбарæн чи сси, ахæм зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæтæ («Мах дуг», 1987 аз, №3). Фæстæдæр ын газеткæсджытæ базонгæ сты йæ прозæимæ дæр.

Ныр та нæ ныхасаг сты, сывæллæттæн цы уацмыстæ фыссы, уыдон. Кæд нæ республикæйы йæ рæстæджы алы къуылымпыты аххосæй нæ сырæзт мультипликаци, уæддæр, Зоя цы зонындзинæдтæ райста, уыдон ын стыр ахъаз фесты йæ дарддæры сфæлдыстадон куысты. Сабитæм æрдзон уарзондзинадæй, сæ миддунейы æмæ ирон æвзаджы бæстон зонындзинæдтæй гуырын райдыдтой, сывæллæттæн æнцонæмбарæн чи уыд æмæ сæ гыццыл зæрдæтæм уайтагъд фæндаг чи ардта, ахæм æмдзæвгæтæ.

1990 азы мыхуыры рацыд, Дауырæ сæрмагондæй рæзгæ фæлтæрæн цы уацмыстæ ныффыста, уыдоны æмбырдгонд. Чиныг хуынд «Мæ къонатæн, мæ хуртæн». Уæдæй абонмæ рахъомыл æнæхъæн фæлтæр, Зояйы чингуыты нымæц дæр зынгæ фæфылдæр. Абоны сабитæн дæр ракодта зæрдиаг лæвæрттæ. Бирæ æхсызгон уысмтæ æрхæсдзысты рæзгæ фæлтæрæн. Фыццаг чиныджы цы уацмыстимæ базонгæ кодта сабиты автор, уыдоныл ма æфтыд æрцыдысты бирæ ног æмдзæвгæтæ, уыци-уыцитæ, тагъддзуринæгтæ, фæзынд æм прозæйæ фыст уацмыстæ дæр. Дауырæйы сфæлдыстадæн егъау у йæ хъомыладон æмæ эстетикон нысаниуæг. Цæуыл сахуыр кæндзæн нæ сывæллæтты, царды цавæр æцæгдзинæдтыл сæ бауæндын кæндзæн?

Фыццаджыдæр, автор йæ уацмысты æвдисы, цы у хорз æмæ цы у æвзæр, æууæндын кæны йæ чиныгкæсджыты, фыдракæнд æнæ 'фхæрдæй кæй никуы баззайы, ууыл. Уыимæ, чиныджы нæй иунæг комкоммæ амонæн ныхас, иунæг «афтæ хъæуы, афтæ нæ хъæуы» дæр, фæлæ уымæй уацмыстæн сæ хъомыладон ахадындзинад нæ цуды. Фыссæг йæ чысыл чиныгкæсджытимæ дзуры, куыд цæстуарзон, зæрдæхæлар хистæр æмбал.

Сабитæм цы зæрдæ дары Дауырæ, уый бæрæг у суанг йæ чингуыты сæргæндтæй дæр: «Мæ къонатæн, мæ хуртæн», «Мæ чысыл хуртæн». Сывæллоны психологи, йæ миддуне иттæг хорз кæй зоны, куыд цæры, цы йæ цымыдис кæны, уыдæттæ лæмбынæг кæй бахынцы, уый фæрцы автор ссары алы кары сывæллæттæн дæр хъæугæ, бæзгæ, хигъæдон интонацитæ. Бынтон æнахъом сабийæн зары йæ «авдæны зарæг», фондз-астаздзыдтæн дзуры, сæ зæрдæты сын цины, дисы уылæнтæ чи гуырын кæны, ахæм цаутæ се ‘мгæртты, стæй цæрæгойты цардæй («Мырхой», «Мыст-дохтыр», «Дзырдарæхст», «Гогыз хъазтимæ фæхыл» æмæ æндæртæ).

Сæ фыццаг бакастæй поэты æмдзæвгæтæ хæрз хуымæтæг сты, фæлæ уыимæ цух не сты арф хъуыды, юмор æмæ фæсауунмæ зондамындæй. Зондамынд та æнæмæнг хъуамæ æмбæхст уа, уымæн æмæ комкоммæ фæдзæхсæн ныхæстæй саби фæлмæцгæ кæны, йæ зæрдæмæ сæ арф нæ исы. Сывæллонæн зæгъæн ис ахæм хус ныхæстæ: сайын хорз нæу, сайын нæ хъæуы. Гуырысхойаг у, йæ зæрдæмæ сæ арф айсдзæн, уый. Дауырæ æндæр хуызы бакодта – радзырдта цымыдисаг цау сабиты цардæй:

Зæронд Нана мæстæй фыхт:
– Чи мын бахордта мæ цыхт?
– Æз нæ уыдтæн. Гæды уыд!
‘Фсæстæй къонайыл хуыссыд.
– Гæды ралыг кодта кардæй?..
– Кардæй, кардæй, не стыр кардæй, –
Бахъæр кодта лæппу дардæй.
– Рахæтыд кæуылдæр й' арв,
Скъахта Алардыйы царв.
– Æз нæ уыдтæн. Гæды уыд!

‘Фсæстæй къонайыл хуыссыд.
Раст æй ыстуанæй къахта,
Тынг хæрзад у, зæгъгæ, загъта.

– Фесæфтис мæ æвзист сом.
Чи йæ бамбæхста ызнон?
– Гæды... гæды цалхæй хъазыд...
Къуыбырæй йын æрхмæ атылд!

Гæды лæппумæ ныккаст,
Лæппу асырх и æваст.

(«Æз нæ уыдтæн. Гæды уыд!»)

Саби фæхуддзæн ацы юморæй æнхъæвзæг цауыл æмæ йæ зæрдыл бадардзæн, сайдæн бамбæхсæн кæй нæй, æнæмæнг кæй рабæрæг уыдзæн, нæ йæ бафæнддзæн, æмдзæвгæйы хъайтарау фæхудинаг уа, уый.

Дауырæ худы зивæггæнаг, фыдуаг, сайаг, æнæуаг сабитыл («Мæди», «Тæргайгæнаг», «Дзабыртæ», «Цъындатæ», «Фыдуаг лæппу»). Афтæ, йе ‘мдзæвгæтæй иуы амоны, æнæрхъуыды, æнæууæнк ныхасæй æмбалы карз бафхæрæн кæй ис. Лæппу бамбæхста йæ дурæхсæн, ферох дзы ис, цы ран, уый, агурын æй райдыдта. Куы нæ йæ ардта, уæд:

Бауырдыг ис йе 'мбалмæ:
«Адавтай йæ ды!»
Бацардыдта æмбалыл
Карз фыдыфыды...

Рафæлдæхта дынджыр лæг
Дынджыр дурты цæнд:
«Мæнæ ис дæ дурæхсæн!
Де 'мбалыл æууæнд!»

Лæппу æрфæсмон кодта йæ ныхæстыл, бахъардта йæм йæ дадайы уайдзæф:

Бады лæппу иунæгæй,
Цæсты сыг цæуы.
Фыдыфыд æм бадзуры:
«Афтæ дын хъæуы!»

(«Афтæ дын хъæуы!»)

Хистæр кары сывæллæттимæ Дауырæ дзуры бынтон æндæр æвзагæй. Уый у æмсæр адæймæгты ныхас:

Рæстæг у нæ царды барæн,
Аргъ кæнын ын зон.
Сæфт рæстæгæн нæй ыссарæн, –
Нал уыдзæн «ызнон».

(«Рæстæджы дугъ»)

Кæнæ:

Ма хъаз цардæй, цард цыбыр у.
Ралæудзæн кæддæр кæрон.
Æмæ а зæххыл цæрынæн
Баззайдзæн æрмæст дæ ном.

(«Ма хъаз цардæй»)

Ахæм сты йæ иннæ æмдзæвгæтæ дæр: «Нанайы арфæтæ», «Ничи дæм хæсдзæн уæд фау», «Сабийау дæм худы уарди», «Хæс æмæ бар», «Дуджы улæфт».

Сæ тематикæмæ гæсгæ алывæрсыг сты Дауырæйы уацмыстæ. Экологи æмæ сабырдзинад, мадæлон æвзагмæ æмæ райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад, æгъдау æмæ æфсарм – се 'ппæт дæр ссардтой сæ бынат фыссæджы сфæлдыстады.

Кæддæр зындгонд немыцаг поэт И. Гете фыста: «Æрмæст æрдзæн ис схонæн æппæтæй мидисджындæр чиныг». Экологийы темæ тынг риссаг у фæстаг азты. Йæ иувæрсты нæ ахызт Дауырæ дæр. Йæ уацмысты ахуыр кæны æрдз хъахъхъæныныл, цæрæгойтæ æмæ зайæгойтыл аудыныл («Дзывылдар йæ фырты фасы», «Цæмæн хъæуы æрдзы мæлдзыг?», «Мæлдзыджыты ма мар!» æмæ æндæртæ).

Дауырæйы æмдзæвгæтæ сывæллæтты зæрдæты райгуырын кæнынц цины, дисы уылæнтæ; куы сæ зæрдæскъæфт фæкæнынц, куы

та сæ тасы, æнкъарддзинады цадмæ нывзилынц. Кæцы сабийы зæрдæ не скæндзæн тарст гуыпп-гуыпп, зæрватыччы лæппын йæ ахстонæй куы рахауы æмæ йыл гæды йæхи куы ныццæвы, уæд («Дзывылдар йæ фырты фасы»)? Кæнæ кæцы сывæллон йæ тымбыл къухæй нæ бадодой кæндзæн, мæлдзыджы фырт чысыл Мæлдзиста кæй азарæй фесæфт, уыцы фыдуаг лæппуйы коймæ, кæй зæрдæ нæ айдзаг уыдзæн тæригъæдæй мад-мæлдзыджы катаймæ?

Ратоны йа зæрдæ мæтæй:
«Чи зоны, ‘мæ йыл зæвæтæй
Дынджыр гал ныллæууыд.
Чи зоны, 'мæ цæу уыд?

Чи зоны йæ дон фæласта,
Йе йæ уаддымгæ фæхаста…
М' ахсджиаг, Мæлдзиста!..» –
Мад кæуынтæ систа...

(«Мæлдзыджыты ма мар!»)

Хъуамæ сывæллон æмбара, алы цæрæгой, суанг чысыл мæлдзыг дæр рис кæй зоны, æмæ, хъæдмæ бафтгæйæ, ма сиса Дауырæйы æппæрццæг хъайтарау йæ дзыппæй дурæхсæн, ма скъуыра къахæй мæлдзыджыты губакк. Ацы темæйыл фыст уацмыстæй уæлдай тынгдæр йæхимæ æргом здахы æмдзæвгæ «Ацы сæрд хæрисыл иу сыфтæр нæй»:

Ивгъуыд аз сабитæ ног таутæ сагътой,
Хæрисы зæнгыл нысæнттæ ныууагътой:
Иу ын йæ цъарыл ыскъахта цæсгом,
Слыг кодта уадздзæгтæй йе ‘мбалы ном.

Иннæ йæ тыхтæ æвзæрста бæстон:
Бабаста хæрисыл арф тæлмæй рон.
Бахус ис бæлас, бæгънæгæй лæууы,
Уидæгтæй зæхмæ йæ цæссыг цæуы.

Сæрды йæ ауунæй ивылди сатæг,
Цинад æмбæрста йæ быны æрбадæг.
Рог дымгæ хъазыд йæ цъæх бæндæнтæй…
Ацы сæрд хæрисыл иу сыфтæр нæй.
(«Ацы сæрд хæрисыл иу сыфтæр нæй»)

Фæстаг азты экологийы темæмæ тынг се 'ргом аздæхтой телеуынынад, радио, газеттæ, аивадон литературæ. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, ахсджиаг хъуыддаг у. Æрдз хъахъхъæныны проблемæ нæм уæлдай вазыгджындæр æмæ ахсджиагдæр фæкæсдзæн, абон ма чысыл сабитæ чи сты, фæлæ 15–20 азы фæстæ царды рохтæ йæ къухтæм чи райсдзæн, уыдоныл куы ахъуыды кæнæм, уæд. Абон сын цы хъомылад ратдзыстæм, куыд сын бауарзын кæндзыстæм сæ райгуырæн зæхх, уымæй аразгæ уыдзæн не 'ппæты сомбон дæр.

Сывæллоны психологи, миддуне иттæг хорз кæй зоны, куыд цæрынц, цы сæ цымыдис кæны, уыдæттæ лæмбынæг кæй бахынцы, уый фæрцы Дауырæ алы кары сывæллæттæн дæр ссары хъæугæ, хигъæдон интонацитæ. Семæ дзуры фæлмæн ныхасыуагæй, суанг ма сын «цума» дæр рæвдаугæйæ кæны:

Цу, мæ къона, цу, мæ бон.
Цу, дæ сæрыл хаст фæуон.
Аздах, марадз, сæгъы дзугмæ.
Хæстæг хъæдмæ ауай сугмæ.
Сыхы устытæм фæдзур, –
‘Фсонæн сæ æнхъизæн кур.
(«Коммæгæс»)

Сæ цаварæдæр æппæрццæг æууæлтæ бафиппайгæйæ сыл худы цæстуарзонæй, уыимæ ссары æвæджиауы фæрæзтæ фæсномыгæй сын сæ зивæг, се 'нæфснайд, сæ фыдуаг, сæ хиндзинад сæ цæстмæ бадарынæн. Зæгъæм, йе 'мдзæвгæтæ «Цъындатæ» æмæ «Дзабыртæ» фыст сты сабиты æнæфснайд, чъизи дзаумæтты монолоджы хуызы:

Цæмæн та нæ баппæрстай
Чъизийæ къуыммæ?
Нæ иуæй – цæст æппæрст,
Нæ иннæ – зыгъуыммæ.

(«Цъындатæ»)

Дауырæйы къухы бафты алы чысыл цауæй дæр, стыр ахадындзинад кæмæн ис, ахæм ныв саразын. Уыцы хъуыддаджы йын æххуысгæнæг сты канд сабитæ æмæ сæ дзаумæттæ нæ, фæлæ суанг зайæгойтæ æмæ цæрæгойтæ дæр:

Хъыбыл нал хъусы йæ мадмæ,
Сфыдуаг ис фыр хъалæй.
Алидзы æвастæй цадмæ,
Нал фæкомы малæй.

Хъыбылæй ферох вæйиы, мадмæ куы нæ хъуса, уæд æм æнæмæнг фыдбылыз кæй æнхъæлмæ кæсы:

Гæды рувас рагæй зылди
Хъыбылæн йæ фæдыл...

(«Фыдуаг»)

Æгоммæгæс хъыбылы рæдыдтытыл сабитæ ахуыр кæнынц, бамбарынц, фыдуаг æмæ хивæнддзинад æнæ 'фхæрдæй кæй нæ баззайынц.

Сывæллæтты литературæ хъуамæ уа æнæсайд, раст æвдиса æрдзы æмæ царды фæзындтытæ, уа æнцонæмбарæн. Мæгуыр йæ бон уыцы фыссæгæн, сывæллæттæн чи фыссы æмæ йæ кары сæрты ахизын, сывæллоны хуызы бацæуын йæ бон кæмæн нæу, зæгъгæ, дзырдта зындгонд уырыссаг фыссæг К.И. Чуковский. Дауырæйы æмдзæвгæтæ кæсгæйæ, чиныгкæсæгмæ ахæм æнкъарæн фæзыны, цыма сæ ас адæймаг нæ фыста, фæлæ 4–5-аздзыд сабийы дзыхæй схаудтой:

Дагу-дыннагу,
Нæ хъаз хæцаг у.

Дагу-дыннагу,
Мæди фæзмаг у.
Дагу-дыннагу,
Нæ куыдз хъæхъхъаг у,
Дагу-дыннагу,
Мæди кæуаг у.

(«Мæди»)

Дауырæ сывæллæттæн цы æмдзæвгæтæ фыссы, уыдоны ‘хсæн зынгæ бынат ахсынц йæ базон-базонтæ. Канд сывæллæтты не сцымыдис кæндзысты, фæлæ ма суанг хистæр кары адæймæгты дæр. Уыци-уыциты æрмæг Дауырæ исы канд абоны цардæй нæ (ток, радио), фæлæ пайда кæны, стæмхатт ма кæуыл æмбæлæм, ахæм хæдзары дзаумæттæй (худтындзæн къуыдыр, цъалды, æлхуый). Хатгай Дауырæйы уыци-уыцитæн дзуапп ницы хуызы вæййы ссарæн, адæмон сфæлдыстад, æмбисæндтæ куы нæ зонай, уæд:

Чидæр сарæзта цыдæр:
Амад – къултæ, амад – сæр,
Дымгæ йыл нæ уадзы рыг...
Хæлы хи дурæй...

(«Мæсыг»)

Режиссурæимæ бæстон зонгæ кæй у фыссæг, йе 'мдзæвгæтæй, йæ базон-базонтæй бирæтæ хъæзтыты хуызæн дæр уымæн сты («Афтæ нæу?», «Поэттæ», «Базон-базонтæ», «Аэробикæ» æмæ æндæртæ). Уыдон æвæджиауы æрмæг сты скъолатæн, стыр у сæ ахадындзинад: фæлтæры сывæллæтты логикон хъуыдыкæнынад, хъæздыгдæр кæны се 'взаг. Уый у Дауырæйы сфæлдыстады хицæнхуыз миниуæг: ирхæфсæн хъазты хуызы сабиты, сæхæдæг дæр æй куыд нæ бамбарой, афтæ, æнцонæй, æрдзон уагыл, ахуыр кæнын царды хуымæтæг, фæлæ ахсджиаг зонд-зонæнтыл.

Зын у сывæллæттæн хорз чиныг ныффыссын. Цас æрыгондæр уа чиныгкæсæг, уыйас авторыл фылдæр бæрн ис, хъуамæ чиныг разына, цы кары сабитæн фыст у, уыдоны аккаг. Спецификон литературæ, зæгъгæ, уый афтæ нæ амоны, æмæ йæ аивадон

æмвæзад ныллæгдæр уа кæнæ царды, æхсæнады фæзындтæй иппæрдгонд уа, йе йæ тематикæ къуындæгдæр уа. Спецификон хъуамæ уа йæ хуымæтæгдзинадæй, йæ бæлвырд, ирд фæлгонцтæй. Сывæллæттæн фыст чиныг хъуамæ уа æнцонкæсæн, хъæлдзæг, уыимæ дзы æвæрд уа егъау æмæ арф хъуыды, уа царды уагон. Сывæллæтты литературæйæн бирæ у йæ аивадон æрмæг, хъæздыг сты йæ сфæлдыстадон куырдадзы мадзæлттæ. Уыдон кæд алкæмæн зындгонд сты, уæддæр алы дзырддæсныйы армы дæр райсынц хигъæдон хуыз, сног, сцымыдисаг сæ кæны.

Цавæр аивадон мадзæлттæй пайда кæны уæд Дауырæ та? Йе сфæлдыстады хуыздæр æууæлтæй иу у æвзаджы хъæздыгдзинад. Арæх æм æмбæлæм, абон рохуаты чи аззад, фæлæ кæддæр не 'взаг рæсугъд æмæ хъæздыг цы дзырдтæ кодтой, ахæмтыл. Райсæм æмдзæвгæ «Судзины хæлæрттæ». Уырыссаг æвзаджы сынчы алы хуызæн дæр ис йæхи ном, фæлæ сын иронау дæр хицæн нæмттæ кæй ис, уый не 'ппæт нал зонæм. Дауырæ нын сæ нæ зæрдыл æрлæууын кодта:

Сынк – фæсасынк,
Сынк – гæпсынк,
Здыхтсынк, дзуарсынк,
Сынк, сынк, сынк.
Сынк – уæлæфтау,
Сынк – кæрцсынк,
Ставд рæхсад сынк,
Сынк, сынк, сынк.
Сынк – нывæфтыд,
Сынк – цæстсынк...

Цас хъæздыгдæр кæны не ‘взаг, йе 'ппæт дзырдуатон æрмæгæй дæр ын пайдагонд куы цæуа, уæд! Уымæй уæлдай ма поэт арæхстджынæй сархайдта аивадон мадзæлттæй дæр. Зæлфысты, бæлвырддæр та аллитерацийы руаджы, хуыйыны процесс цыма канд уынгæ нæ, фæлæ ма хъусгæ дæр фæкæнæм...

Бирæ ног дзырдтæ базондзысты сабитæ Дауырæйы иннæ æмдзæвгæ «Уарзын кас» кæсгæйæ дæр: еуу, сысджы, хъæбæрхор, сауфагæ.

Чи зоны, исчи ахæм фау æрхæсса Дауырæйы æмдзæвгæтæм, зæгъгæ дзы сывæллæттæн зынæмбарæн кæнæ æнæзонгæ дзырдтæ бирæ ис. Фæлæ, арф ахъуыдыгæнгæйæ, адæймаг æрцæуы ахæм хатдзæгмæ: хæдзары сæ нæ хъусæм уыцы дзырдтæ, чингуыты дæр ма сæ куы нæ пайда кæнæм, уæд куыдæй хъуамæ хьæздыгдæр кæна сывæллоны æвзаг, кæм ма сæ базондзæн? Кæй нæ зона, уымæй йæ хистæрты бафæрсдзæн.

Сабитæн сæ кæцыдæр миниуджытыл дзургæйæ, æрдзы нывтæ æвдисгæйæ, Дауырæ ахæм æнæнхъæлæджы метафорæтæ ссары, хуымæтæг предметты ахæм миниуджытæй схайджын кæны, æмæ сыл сывæллон æууæндын райдайы, æнæуд предметтæ кæй сты, уый дзы ферох вæййы.

Хуызджын, ирд метафорæтæ, абарстытæ ссардта хуымæтæджы ныв равдисынæн поэт йæ иннæ æмдзæвгæйы:

Цъæх мигъ урс мигъы ныббырста,
Арвыл дамгъæтæ ныффыста.
Рауад пакъуытæй нывтæ,
Ис сын хъустæ 'мæ дзыхтæ.
Базæнгæс мигъ фестад хъаз,
Адаргъ къубал, гуыр фæфаз,
Къах – фæстæмæ, размæ – базыр,
Калм фæхилы ныр йæ фазыл!..
Рауад дугъон бæхтæ фысæй, –
Дымгæ ныв ныссæрфта дысæй.

(«Дымгæ ныв ныссæрфта дысæй»)

Арæх вæййæм æвдисæн мигъты рафæлив-бафæливтæн, фæлæ сын æнæнхъæлæджы цы кæрон скодта Дауырæ!

Хорз фидауынц сæ мидисимæ йе 'мдзæвгæтæн сæ архайд æмæ сæ ритм дæр:

Хъуылæгæн дæр
Йæхи 'взагыл
Йæхи зард ис,
Йæхи цагъд:

Тъыллупп-мыллупп,
Цыллахъ-мыллахъхъ,
Сындæг-мындæг,
Бынтон тагъд.

(«Хъуылæджы зард»)

Сæрмагонд ныхасы аккаг сты Дауыræйы прозаикон уацмыстæ дæр («Пыхцыл Биби», «Нырыккон аргъау», «Æгæнон», «Сырдон бæх æмæ хæрæг куыд рамбылдта», «Индийаг аргъау» æмæ бирæ æндæртæ).

Фыссæгыл стыр хæс æвæрд ис фидæны фæлтæр хъомыл кæныны хъуыддаджы. Абоны хистæртæй аразгæ у, сомбоны царды рохтæ йæ къухтæм чи райсдзæн, уыцы кæстæртæ цы зонындзинæдтæ æмæ æгъдау, цы хъомылад æмæ æвзагыл хæст уыдзысты, уый. Хорздзинæдтæм сæ æмхиц кæныны хæс уæлдайджынтæй, дысвæлдæхтæй æххæст кæны Дауыræ (Дауыраты–Сланты Зоя).

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

МАЛИТЫ ХАСАН

Малиты Георгийы фырт Хасан райгуырд Æрæфы районы хæххон хъæу Москæйы 1953 азы 3декабры.

Парахат зæрдæйæ йын Сфæлдисæг балæвар кодта журналист æмæ фыссæджы ахъаззаг курдиат.

Астæуккаг скъолайы фæстæ 1979 азы каст фæцис Мæскуыйы Ломоносовы номыл Паддзахадон Университеты журналистикæйы факультет. Йæ царды фылдæр азтæ баст уыдысты газет «Рæстдзинад»-имæ: уыдис уацхæссæг, бæрнон нымæрдар, сæйраг редакторы хæдивæг.

Йæ фыстыты æрмдзæф кæддæриддæр бæрæг дардта сæ арæхстæй, хъуыды æмæ дунеæмбарынадæй. Фæлæ афтæ дæр зæгъдзыстæм, æмæ газеты куыст фыссæджы удхор кæй у, йæ хъарутæ йын æнæвгъауæй исæг. Æрмæст та уæддæр лæджы цæрын хъæуы, йæ бинонты хæссын æмæ дарын, фыссæджы фыдæбойнаг фæллойы та бæркад нæ уыд æмæ нæй...

Уæддæр Хасанæн бантыст стыр аивады хуызы ахадгæ литературон уацмыстæ сфæлдисын алы жанрты – чысыл нывтæй романы онг. Фæлæ та ам дæр зæрдæйы хъыгæн æмæ аив дзырды къахырæн зæгъæм уый, æмæ йын æрмæстдæр иу чиныг йеддæмæ кæй нæ бантыст джиппы рауадзын 2013 азы – йæ уацмысты æмбырдгонд «Царды цалх». Уый аккаг ын у, цæмæй æндæр чингуыты чъылдыммæ рохуаты ма баззайа.

Йæ хъазуатон фæллойы сæрмæ Хасан хорзæхджынгонд у «Ирыстоны кадæн» майданæй, райста ма ноджыдæр грамотæтæ æмæ кадджын нæмттæ.

Нæй, нæ бантыст ацы æвзыгъд лæппуйæн дæр йæ бæрзонд нысæнттæ царды рауадзын: ныры дуджы цæстæй кæсгæйæ æмæ нымайгæйæ, æгæр раджы фæхъуыд Ирыстоны размæцыддæрты ´хсæнæй. Малиты хорз Хасан йе ´нусон фæндагыл æнæнхъæлæджы фæраст 2015 азы 17 январы.

Дзæнæты рухсæй цардаудæн кæнæд, кæй уарзта, уыдоныл.

ЦАРДЫ ЦАЛХ

I

Абон хур цыдæр æнад каст кæны Æхсæрджынмæ. Цымæ цы уа?

Райсомæй раджы хур Хуысджыны тигъæй йæ был куыддæр сдардта, афтæ йæ арцтынты ныдзæвдæй хæрæгсындзы бæзджын сыфтæ сæхи бауыгътой: ахæм ма дзы тæвд уа! Цецелейы лæгуын рагъ æнахуыр æрттывд фæкодта, раст ыл цыма хур сыгъзæрин змисæй хуртуан айзæрста, уыйау, æмæ уымæй суанг йæ хæрæгдымджын тæссæрттæ дæр цæхæр акалдтой. Афтæ никуы вæййы – цъиуæхсæны дур дæр нал змæлыд Астъоны хæрзуырдыг фахсыл, бамыр сты иууылдæр: хъæдæй, дурæй, донæй, цæрæгойæ. Æрмæст иуафон Нафиаты урс аргъонахъ срæйдта бæзджын хъæлæсæй, стæй фæхъус. Ныффынæй та, æвæццæгæн. Æви йæ зæрдæ исты зоны?..

Æвзæр хъуыддагæн æфсон бæргæ нæй. Уый нæ – фарны хъуыддаг ис абон Æхсæрджыны.

Саматы Сæрмæт йæ фыртыфырт Ханæн куывд кæны.

Рæстæг йæ дугъон бæх Хъарм суадоны цур æргъæу бæхбæттæныл абаста æмæ æнхъæлмæ каст, æрвон арандзал йæ дойны кæд суадздзæн, уымæ. Сæрмæты зæрдæ бахъæлдзæг: цыппар боны æнæрынцойæ фæуарыны фæстæ хæрзæхсад Цæгат цыма ныр цъæхдæрæй разындис – куывдæн хурбон куы нæ уа, уæд фыдæбæттæ дæр – дзæгъæлы, фæрзиу дæр – æнæпайда. Йæ фыртыхстæй йæ арвмæ скæсынмæ дæр нæ равдæлд, – æгайтма фæбон кодта. Хур та сындæггай лæсыд цæмæйдæр тарст арвы фæлурс цæсгомыл.

Хуынд адæм Фæйзæты дæлбазыр зæронд мусуæтты рæсугъд фынгтыл рабадынæввонг куы уыдысты, уæдмæ фæсивæд та хъазт æрцарæзтой.

Фæндыр йæ гæлæбуйы базыртæ йæ уæлæ æрбаппæрста. Зæрдæтæ риуы агъудты нал лæууыдысты. Рог уддзæф Цецелейæ мыдгæрдæджы хæйрæджджын тæф хаста, æмæ уымæй куывддон адæмы зæрдæтæ æхсызгон хъыдзы кодта.

Раст ын цыма исчи йæ тæрныхы астæу сырхзынг туас атъыссынмæ

хъавы, ахæм судзгæ æнгас банкъардта Темыр æмæ йæ сæр фæхъил кодта. Сивыр æд дзидзатæ йæ къухтæй æрхауд. Стыр кæрты адæмы гуыв–гуыв æрбайсæфт йæ хъустæй – комы хуссарварс, бæзджын къохы хæдсæрмæ, Уыганы лæу-лæу цъымарамæ фæкомкоммæ. Цыдæр дыз-дыз йæ буарыл уылæнтæй аивылд. Цъымарайæ йæ цæстæнгас нæ исгæйæ, уыцыиу тахт акодта Фæлгæсæн рындзмæ æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта:

– Нокар!

Уыганы ауыгъд цъымара цыма уыцы хъæрæй фехъал. Йæ сæрмæ хæлуарæджы тынау бадæг урс мигъ фæпырх, æмæ йæ бынатæй фезмæлыд. Æнахуыр гуыпп фæцыд, æмæ йæ хæдфæстæ хъусты сыфаутæ тæвдхъæстæ цыргъ дымгæ бакъуырдта.

– Нокар! Лидзгæ уæлæмæ! – ныййазæлыд та Темыры удаист хъæр, стæй бæстæ æмыр гыбар-гыбуры бын фæцис.

Адæм цавддуртау лæууыдысты æмæ сасиры йас цæстытæй кастысты, Уыганы цъымара нарæг ком араугæ æмæ уыраугæ йæ хъæлæсы куыд рахаста, уымæ. Хуры цæст фæтар, сау ададжы залиаг калмау æхситгæнгæ æмæ ссæндгæ цы лæсæн раивылд, уый йæ быны афсæрста хъæдтæ, æрдузтæ. Белы къада æд куырæйттæ калмы хъуыры аирвæзт. Хъуылайы скъæттæ цыдæр æрбаисты.

– Нокар! Лидзгæ!

Оххай, цæмæ цыдтæ, Нокар, комы бынмæ, цы фыдбылыз дæ ацардыдта, бæхтæм ныккæсон, зæгъгæ. Адæмы цæстæнгас залиаг калмæй фескъуыд æмæ аныхæст фахсыл хæрдмæ лидзæг læппуйыл.

– Нокар!

Залиаг калм æрæййæфта лидзæг læппуйы, æмæ йын læсæны сау фæдджи йæ къæхтæ бакъуырдта. Нокар фæкалд, фæлæ ма æхсæлыйы къутæрмæ фæлæбурдта. Уыцы уысм лами æмæ дурты иннæ уылæн акалд йæ сæрты, æмæ залиаг калм, комы нузал фахсы царм астигъгæйæ, Хорайы рагъы ауон фæцис.

– Нокар!!!

Темыр Фæлгæсæн рындзæй уыциу тæррæтт æркодта, цалдæр гæппæн февзæрд ададжы был, стæй йæ къухтæ фæхъил сты, æмæ læг уæлгоммæ ахауд.

II

Изæрæй мигъ стыггай скалди, бæстæ йæ зыруггон æмæ сатæг дæрзæг пæлæзæй æрæмбæрзта, фæлæ фæдисон адæмæй сæ хæдзæрттæм ацæуыны зæрдæ никæмæ уыд. Белы хафт комы дыууæрдыгæй æд къахæнтæ, зазн-мæцъистæ, белтæ адæм рацу-бацу кодтой куы уæле дæлæмæ, куы – дæле уæлæмæ. Темыр уæззау дуртæ къахта æмæ сæ иуварс æппæрста. «Гъы, гъы, гъы». Къахæны алы цæфæн дæр – «гъы». Æндæр йæ дзыхæй ницы хауд. «Гъы, гъы, гъы» – цыма сау дурты хуылфæй Нокары срæдувынмæ хъавыд. Ныскъуыдтæ сты йæ пысултæ – «гъы, гъы, гъы», – уæззау цыргъ къахæн ныссæдзы писийы хуызæн цъыфы, фæлæ, марадз-зæгъай, кæд ратонын комы. Тъæпæн къæйдур фæцис йæ размæ – фæлæбурдта йæм, раст цыма йæ цыфыддæр знагыл фæхæст, раст ын цыма уый фæкодта йæ быны йæ хъæбул Нокары, фæлæ... Нæ фезмзæлыд хъаймæты тъæпæн дур йæ бынатæй. «Нокар» – суынæргъыдта Темыр æмæ æнæбонæй дуры фарсмæ йæ уæрджытыл æрхауд. Иу уысм тъæпæн дурмæ дзагъырæй кæсгæ аззад, йе знагмæ кæцырдыгæй ныббырса, ууыл цыма хъуыды кодта, уыйау, стæй рæвдз фестад, æмæ йæ хъæр азæлыд мигъæмбæрзт комы:

– Ардæм!

Донгоймаг дурæй конд зæрдæ дыууæ дихы фæуыдаид уыцы хъæрæй. Гуыбырæй кусæг адæм сæ сæртыл схæцыдысты æмæ æмхуызонæй акастысты, хъæр кæцæй цыд, уырдæм. Фæлæ лæг мигъы фæлмæй нæ зынд.

– Ардæм! Ам ис!

Темыр ныффæлдæхт тъæпæн дурыл æмæ йыл куы иуырдæм ахæцы, куы – иннæрдæм.

Цалдæр лæгæй æрызгъордтой Темыры цурмæ. Лæджы уæззау дурыл рахæц-бахæц кæнгæ куы ауыдтой, уæд сæ зазн-мæцъистæ къæйдуры бын атъыстой.

– Гъы, гъы, гъы, – йæ утæхсæн та райхъуыст Темыræн.

Иумæйаг тыхы ныхмæ дур нæ фæлæууыд æмæ йæ бынатæй фезмæлыд.

– Оппа, ахæц ыл, – сирвæзт лæппутæй кæйдæр æнæрцæф ныхас, æмæ тъæпæн дур ламийыл дзоныгъы бырд акодта. Йæ бын уыд афтид, æрмæст дзы кæрæдзийыл стыхстысты мæцкъоры лыстæг хæлттæ.

III

Садуллæ, Гамырзæ, Хæмыц æмæ Тауби сындæггай æрхызтысты Белы комы фахсы къадзелæгтыл æмæ, Темыр йæ уды хъуырдухæн кæм кодта, уырдæм хæстæг æрлæууыдысты. Темыримæ архайæг лæппутæ сæ куы ауыдтой, уæд сæ кусæнгæрзтæ æрæппæрстой æмæ се ‘мбæрц сыстадысты. Темыр æрбацæуæг лæгты æрæджиау бафиппайдта. Фæлæ сæ цыппарæй йæ ныхмæ æнæдзургæйæ сæркъулæй лæугæ куы федта, уæд фæсонтау. Уый та куыд? Цæмæн?

Лæгтæй ничи ницы дзырдта. Алчидæр сæ Темыры цурмæ хаста, сисæн кæмæн нæй, ахæм стыр уæз. Алкæмæн дæр йе ‘взаджы кæрон рауай-бауай кодтой, Темыры астæумагъз чи асæтдзæн, ахæм ныхæстæ. Æбуалгъ мæты, æвирхъау зыны рæстæг ныфсы ныхас цыма йæхи дурлæгæты нымбæхста, фараст дуарыл фараст æмыр гуыдыры бакъуырдта. Цæст æрттивы, дзых – фæхæлиуæввонг, фæлæ æвзаг ницы кæрды. Хох куы акæлы, уæд ма цавæрдæр къæйдуры кой исчи кæны? Уæддæр Гамырзæ размæ ракъахдзæф кодта.

– Темыр.

– Гъы, – Темыры цæстытæ æрцытау хистæрты зæрдæты аныхстысты.

– Дæс боны рацыд, Темыр. Ныфсæн дæр мæлæт ис, мæ хур. Рухсаг уæд Нокар...

Темыр йæ сæр бынмæ æруагъта. Гамырзæйы ныхас ын йæ зæрдæ æмæ йæ уды кæцы къуым бацагайдта, уый зын базонæн уыд. Ныфс цæргæсау атахт, æмæ зилгæдымгæйæ хаст быдыры йæ æнæтуг бумбулиты фæд баззад. Фæлæ... Цæф сырдау адзагъул кодта Темыр, йæ буар барызт, фæцыд йæ дæндæгты хъыррыст, стæй, дæлмагуырæй цыма дзырдта, уыйау æрæджиау йе ‘лхъывд былты ‘хсæнæй райхъуыст:

– Нæ, Гамырзæ. Нырма раджы у...

IV

Лæгтæ Къоппа-дуры цур лæууыдысты æмæ тæрхæттæ кодтой сæрысæфт Нокар æмæ йæ фыд Темырыл.

– *Æ,* дæ мард фесæфа – нырма мæм ныр бахъардта уыцы æлгъысты мидис, – загъта Садуллæ.

– Ныхас, мæ хур, дымгæйæ хъауджыдæр нæу. Кæм æй зæгъай, уым фесæфы, – ныуулæфыд Гамырзæ.

– Уанцон нæу, – сдзырдта Тауби. – Ныхас йæ фæд уадзгæ кæны тохынайы алайау. Стыр ныхас та – уæлдайдæр.

– Е-е, Тауби, – йæ лæгуын сæр армытъæпæнæй æрсæрфгæйæ, загъта Хæмыц. – Хъысмæт цы фæндагыл ардауы, уый лæг нæ зоны. Æндæр... Цымæ цы куыста Нокар уыцы бæллæхы заман комы астæу? И?

– Æцæгæйдæр, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Тауби. –Ды та куыд зæгъыс, Гамырзæ?

Гамырзæ лæууыд æдзæмæй. Стæй сабыргай йæ сæрыл схæцыд æмæ йæ къуындза æлхъывд цæстытæ Таубийы хъамайау ныссагъта:

– Æз никуыд зæгъын, Тауби. Мæнæн хъысмæт цы зæгъинаг уыд, уый мын æххæстæй загъта.

V

Гамырзæ йæ лæдзæг райста, йæ сæр æнахуыр тылд бакодта æмæ Белы комы дымæгмæ Темыры æхсæвбадæнмæ сындæггай араст.

Таубийы æрфгуытæ кæлмытау кæрæдзийыл атыхстысты, стæй, цыма исты стыр хъуыддаг йæ зæрдыл æрбалæууыд, уыйау йæ къухтæ кæрæдзийыл ныццавта æмæ Хæмыцмæ йæхи бакъул кодта:

– Æз дæн хæрæг дæр æмæ куыдз дæр. Куыд бауæндыдтæн Гамырзæйæн уыцы ныхас зæгъын. Ехх...

Гамырзæ къардиуы тæккæ был зæххоныг дурыл йæхи æруагъта æмæ лæмбынæг каст, Темыр Уыганы æрхы фараст тынгдары уæрхæн фæлтæр къахгæ-къахгæ йæ разæй куыд хаста, уымæ.

– Хъхы-хъхы, – хъæрæй схуыфыд Гамырзæ.

Темыр йæ сæр схъил кодта. Къахæны фындзыл сыджыты ставд къуыбæрттæ ныддæвдæг сты. Гамырзæ каст цæгатырдæм, раст цыма, Белы комы цы ‘рцыд, уый уымæ нæ хаудта, афтæ.

– Сыст уæлæмæ, Темыр, рацу ардæм.

– Гъы?

– Рацу ардæм, мæгуыр.

Темыр йæ къахæн аппæрста æмæ коммæгæсæй Гамырзæйы цурмæ ссыд.

– Сбад мæ фарсмæ.

Темыр æнæдзургæйæ сбадт.

– Хъæбулы сæфт зын у, Темыр? – Гамырзæйы русыл цæссыджы ставд æртах æрхъуызыд. Фæлæ уый Темыр нæ федта.

– Зын, Гамырзæ.

– Фыды рыст уæззау у?

– Тынг уæззау, Гамырзæ... Зæгъæн ын нæй. Мæхи фидар кæнын, фæлæ мæ бон нæу, Гамырзæ! Мæ бон нæу! –Темыр йæ цæсгом йæ тæппæлттæй дзаг армытъæпæнтæй амбæрзта. Йæ уæхсчыты змæлдæй бæрæг уыд, дурæмвидар лæг кæугæ кæй кæны, уый.

– Уæдæ æз куыд быхсын, Темыр? – сабыргай сдзырдта Гамырзæ æмæ Темыры фæллад цæстытæм ныккаст. – Æз куыд быхсын? Куыд быхсын мæ дыууæ хъæбулыл, Темыр?

Темыр фæсæццæ уыцы ныхæстæм. Йæ кæуындзæг йæ хурхуадындзты фæныхст, æмæ схæкъуырцц кодта. Йæ зæрдæйы йын цыма сырхзынг туас æнæвгъауæй исчи атъыста. Йæ зонды арвæрттывдау ныррухс сты дыууæ азы размæ цаутæ: Гамырзæйы дыууæ фаззон фырты Гасан æмæ Асан цуаны, дзæбидырты фæдыл бафтгæйæ, зæйы бын фесты. Къуыри сæ фæцагуырдтой. Ссардтой сын сæ мæрдтæ. Сæ ныгæнæн бон та Гамырзæ мæрддзыгой адæмы сабыртæ кодта: «Уæхиуыл фæхæцут, уæхиуыл фæхæцут». Рацубацу кодта хъыггæнæг дзыллæйы æхсæн. «Уæхиуыл фæхæцут...» Йæхи зæрдæйы цы тымыгъ уыд, уый та Сæнайы хох бамбæрзтаид. Уæддæр... Донгоймаг дурæй конд зæрдæ дын ис, Гамырзæ, фæлæ ма Темыры уды рыст та дæхимæ цæмæн исыс? Ехх, цæй фидар дæ, læджы зæрдæ!

VI

Ихæврагъ рацыди æмæ Хорайы къуыбырыл йæхи ныццавта. Уасиаты Бечмырзæ йæ сæрыл уæлæфтау амбæрзта æмæ Белы æрхбадæнæй лидзæг фæцис. Цадуаты дæлбазыр æрхы иу дурæй

иннæмæ багæпп кæнынмæ куыд хъавыд, афтæ йæ цæст ацахста... Уарындонæй фегомуæвæг ламийы бынæй зынд Нокары фæныкхуыз нымæтхуды кæрон. Лæппу дурæй æргæпп кодта æмæ худыл схæцыд...

Бечмырзæ комкоммæ ныхасмæ бацыд, Нокары нымæтхуд йæ тарæй систа æмæ йæ Къоппа-дурыл хъавгæ æрæвæрдта. Лæгтæ сыстадысты.

– Гъæй–да–гъа! – йæ сæр батылдта Тауби.

– Кæм æй ссардтай? – сабыргай бафарста Гамырзæ.

– Цадуаты бын, Сырхы лæгæты фарсмæ.

– Темыр æй федта?

– Нæ. Мæ бон æм æй равдисын нæ баци.

– Темыры уарын дæр нæ уромы. Уыцы сах-къæвдайы дæр къахгæ кодта, – фæлмæст хъæлæсæй загъта Хæмыц.

– Ныр дæр уым ис, – сдзырдта Бечмырзæ. – Цадуатæй дæлæмæ къахынмæ бавнæлдта.

– Ехх, мæгуыр йæ бон. Уым дзæгъæлы къахы.

– Цæмæ дзæгъæлы? – бафарста Тауби.

– Лæсæн Нокарыл уым фæхæст. Лæппу кæд искуы ис, уæд – бынтон дæлиау.

– Чи йын цы зоны...

– Темыр иунæгæй у? – бафарста Гамырзæ Бечмырзæйы.

– Хъæуы лæппутæ ма æхсæзæй.

– Къахынц, фæлæ ма исты ссарой... Йæ сыджытыл æй уæддæр куы сæмбæлын кодтаиккой.

Уæдмæ æдзæмæй лæууæг Сабан йæ дзыппæй хæрынкъа систа æмæ, кард æхсæр лæдзæджы кæроныл æруадзгæйæ, сабыргай загъта:

– Æмæ ныр сыджыты нæй? Агургæ дæр ма йæ цы кæнынц, нæ зонын... Темыр дæр æй уымæй арфдæр нæ баныгæндзæн.

Лæгтæ æмхуызонæй сæ сæртыл схæцыдысты – ахæм ма дзы æбуалгъ ныхас лæджы дзыхæй схаугæ уыдис. Цасдæр рæстæг лæгтæ хъыпп-сыпп нал сфæрæзтой, стæй æрæджиау Гамырзæ йæ сæр батылдта æмæ ныдæн хъæлæсæй загъта:

– Хуыцау дын æй ма ныббарæд, æндæр дын мæ бон ницы зæгъын у.

VII

– Халвиатæ маргас æрбахастой, æмæ йын цы кæнæм? –сабыргай бафарста Хæмыц.

– Ныххæлар сæ кæнут, æндæр цы, – загъта Тауби. Кæрты лæууыдысты Темыры каистæй цалдæр лæджы, стæй сылгоймæгтæ. Нокары мадырвадæлтæ. Хæлайраг фæрзиу – арахъхъ, фæхсын, иннæ лыстæг хъуыддæгтæ, куыд æмбæлы, афтæ. Халвиатæ æнхъæлмæ кастысты Темырмæ. Уæдмæ уый дæр ссыд. Къахæн æмæ бел йе уæхскæй æриста æмæ сæ сугдонмæ баппæрста. Йæ кæрты цы адæм лæууыд, уыдонмæ иу каст фæкодта æмæ къуыдыронył æрбадт. Хæмыц баздæхт Темырмæ æмæ йын загъта:

– Темыр, адæмы æгъдау куыд фехалæм, цы зæгъыс?

– Гамырзæ, ды зæгъ. Мæнæн мæ бон дзурын нæу.

Гамырзæ йæ худ систа, хæлайрæгтæм æввахс бацыд, бирæ сæм фæкаст, стæй адæммæ йе ‘ргом аздæхта æмæ загъта:

– Хорз, мæ хур. Гæбæр бæх йæхи гæбæр бæхыл хафы. Хæстæгдæр рацæут, мæ хуртæ, Нокарæн ныххæлар кæнæм ацы цæхх æмæ кæрдзын.

Уæды онг Темыры кæугæ ничи федта...

VIII

Фырфæллад Темыр йæ сæр базыл куыддæр æруагъта, афтæ афынæй. Хуыссæгхъуаг буар æрфæлмæн, фындæттæг зины мæсыджы рудзынг фегом, æмæ æхсæвидартæ фæйнæрдæм гæлæбутау ныппæр-пæр кодтой. Темыр йæ фыны ауыдта сæ кæрт. Даргъ фынгтæ æвæрд дзы хæрд æмæ ностæй бынмæ тасыдысты. Нокар сугдоны кæрон бадт къуыдыронył æмæ мæгуыр каст кодта уыйбæрц хойрагмæ.

Темыры къухы уыд цæвæг, цыма сæ цæхæрадоны арæн-уыгæрдæн ракæрдынмæ рараст. Нокары куы ауыдта, уæд фæлæууыд.

– Ам цы кусыс?

– Æххормаг мын у, баба, – дзургæ æви кæугæ кодта Нокар, уый Темыр нæ бамбæрста.

– Æ, мачи дзы уа, – рамæсты Темыр, фæлæ йæ зонды кæцыдæр

къуымæй фембæрста, фын кæй уыны, уый, æмæ йæ ныхас фæфæлмæндæр. – Дæлæ дæ разы фынгтæ хойрагæй – сæ тæккæ дзаг. Цæуылнæ хæрыс?

– Ды мæ нæ уадзыс, баба...

Темыры сурхид акалд, афтæмæй фехъал. Чысыл йеддæмæ нал хъуыд зæрдæйы йæ агъудæй æддæмæ рагæпп кæнынмæ. Лæг йæ сæр батылдта æмæ сынтæджы рабадт. Нокарæн рухсаггагæн кæй æрхастой, уыдонæй ныронг нæ сахуыста йæ уды рыстæй – кæй зæрдæ бакомдзæн?

Цы акæна, уый Темыр нæ зыдта. Æрæджиау йæхи куы æрæмбæрста, уæд хъавгæ сыстад, хиуæттæ цы фæрзиу æрбахастой, уыдонмæ бацыд æмæ сæм бирæ фæкаст. Стæй цæххы тæпп фынгыл æркалдта, чысыл дурынæй арахъ агуывзæйы рауагъта, ностæй хойрагмæ æртагъта æмæ ныдæн хъæлæсæй загъта:

– Рухсаг у, Нокар. Рухсаг у, мæ хъæбул...

Бæстæ уыд сабыр. Æрмæст Белы æрхуатæй сыхъуыст тоймон уыджы у-ха-ха. Нафиаты урс аргъонахъ зивæггæнгæ срæйдта, стæй ныхъхъус. Ныффынæй та, æвæццæгæн. Уæларвы стъалытæ та цыма садахъа–хисты бадтысты, уыйау сын се ‘рвон фæндагыл размæ аггуырсыны фадат нал уыд.

IX

Адæмы ныфс фæтых, æмæ Уыганы залиаг калм ссæдзæм бон йæ сау дзæмбытæй феуæгъд кодта Нокары. Хадзыбечыр æмæ Зауыр Хорайы къуылдымы хæрздæле æрхы фондз метры уæрхæн фæлтæр сæ разæй хæсгæ куыд цыдысты, афтæ, мæгуыр, царæфтыд læппу фæзынд хуыр æмæ цъыхырыйы хæдызмæсты мидæг... Мæ фыдгул ахæм нывмæ æркæсæд. Фæлæ... Цыма стыр уаргъ ахаудта Æхсæрджыны цæрджыты уæхсчытæй.

«Æ, дæ мард фесæфа», зæгъгæ, уыцы ныхас æлгъыстæн куы баззад – æгайтма Нокар йæ хъæубæсты уæлмæрдтыл сæмбæлд. Цыма фенцондæр Темырæн. Кæцæй фæзындысты, уый нæ зоны, фæлæ йæ сæры фæмидæг сты уыцы хъуыдытæ... «Тыхсгæ мауал кæн, мæ хъæбул, ныр дын дæ ныййарæг мад дæ сау тугтæ æрыхсдзæн, дæ саст уазал уæнгтæ дын бахъарм кæндзæн, барæвдаудзæн дæ. Ацу йæм, ацу. Бирæ дæм фенхъæлмæ каст, мæгуыр».

X

Рæстæг цыд. Нокары сæфты бынаты исты цыртдзæвæн æвæрын хъæуы, зæгъгæ, Темыры зæрдыл хъаймæты тъæпæн къæйдур æрлæууыд. Иубон æрхмæ ныццыд æмæ йæ ссардта. Дур æрхуаты кæрон кæркмисындзæджы къутæры ныссагъди, æрдæгæй уæлæмæ ма дæвдæг ламийæ зынд. Скъахын æй хъæуы, зæгъгæ, загъта Темыр æмæ йæ къухмæ бел райста. Сихæрттæм ыл фæцархайдта, йæ хид къоппæй акалд, фæлæ йæ уæддæр хъæбæр сыджыт æмæ сындзытæй рауæгъд кодта. Уый фæстæ зæххоныг дурыл æрбадт йæ фæллад уадзынмæ. Хæцъилы тыхтон æрбайста йæ хъæбысмæ æмæ йæ райхæлдта: æртæ айчы дзы, кæрдзыны къæбæр, цæхх, хæсты рæстæг салдæттæ кæй дардтой, ахæм къубуцкæ. Темыр йæ къухтæ йæ хæлафыл асæрфтытæ кодта æмæ иу айк систа. Йæ зæрдыл та æрбалæууыд йæ сæфт хъæбул. Цасдæр рæстæг зæхмæ æдзынæг фæкаст, арф ныуулæфыд, стæй айк стигъынмæ фæцис.

– Æз айк нæ уарзын.

Темыр йæ сæрыл схæцыд æмæ йæ алыварс ахъахъхъæдта. Гыццыл фалдæр, æрхы фаллаг фарс, дурыл бадт бæгъæмзæнг læппу, авд-астаздзыд.

– Цы?

– Æз та, зæгъын, айк нæ уарзын.

– Рауай-ма ардæм, – læппумæ æдзынæг кæсгæйæ, хъæрæй загъта Темыр. Диссаг æм фæкаст, æнæзонгæ сывæллон ам куыдæй февзæрд, уый. Læппу сындæггай сыстад æмæ Темыры размæ æрбацыд. Læг сыгъдæггонд айк бадаргъ кодта сабимæ:

– Гъа, ахæр.

– Æмæ ды та?

– Уыныс мæнæ? Мæ фаг дæр дзы ис. Гъа, дзул дæр дын. Сабыргай хæр, дæ хъуыры фæсæдздзысты.

Темыр ныджджих сабийы цæстытæм. Кæмдæр ма сæ федта, æви? Цыдæр хъарм уылæн дзы ракалд, æмæ Темыры зæрдæ æхцон хъыдзы скодта. Кæй læппу у, ам цы кусы?

– Дæ ном цы хуыйны?

– Батыр.

– Æмæ ам цы архайыс?

– Фæдзæгъæл дæн. Дыууæ боны размæ туристтимæ ардæм ссыдтæн, фæлæ мæ ныууагътой æмæ хæхтæм ацыдысты.

– Кæй лæппу дæ, кæ? Дæ мад æмæ дæ фыд та кæм сты?

Лæппу йæ сæр æруагъта. Темыр ын йæ бæгъæввад къæхтæм фæкомкоммæ, цъыхырытæ йын йæ лыстæг зæнгтæ ныххафтой, æмæ йын цъиахы къæхтау сырх-сырхид дардтой.

– Дæ мад æмæ дæ фыд кæм сты? – бафарста та ногæй Темыр æмæ лæппуйы йæ рахиз къухæй æрбахъæбыс кодта.

– Нæй мын мад дæр, фыд дæр. Дзæгъæл дæн.

– Æмæ цæргæ та уæд кæм кæныс?

– Горæты. Сывæллæтты хæдзары. Æз дзы ралыгътæн. Фæлæ ныр фæстæмæ фæндаг нал арын. Ды зоныс фæндаг горæтмæ?

Темыр йæ цæстæнгас нæ иста Батыры æнæхсад цæсгомæй. Йæ зонд фестад денджызы фæлхъæзæн. Хохы йас уылæн дзы куы иуырдæм ныццæллахъхъ кæны, куы – иннæрдæм. «Рухсаг у, Нокар» – сау-сауид хъуыдыйы уылæн йæхи ныццавта зонд æмæ æрхуымы къæдзæхыл. «Мæнæ дæн, баба» – йæ хæдфæстæ æнахуыр ныфсы уылæн йæ быны афсæрста мæты фидæрттæ.

– Зонын, мæ хъæбул, фæндаг. Цом. Ам бадынæй пайда нал ис.

Уыцы бон сихæртты фæстæ Æхсæрджыны цæрджытæй Белы комы æрхуатмæ чи каст, уыдон федтаиккой ахæм ныв: кæрæдзи къухтыл хæцгæйæ, кæрдæгæмбæрзт фахсы нарæг къадæлæгтыл хъæуырдæм сцæйцыдысты дыууæйæ – нæлгоймаг æмæ æнахъом саби.

Царды цалхæн бауромæн нæй.

2004 аз.

КУВИНÆГТÆ

Додæбейы уыгæрдæн дидинджытæй ацы аз уæлдай рæсугъддæр уыд. Мыдыбындз æрбатахт, адыв-дыв кодта, раст цыма сыгъдæгдæр ранæй дон сисынмæ хъавыд, уыйау, стæй йæ фындз морæ дидинæджы къусчы фæцавта æмæ иу уысм фæсабыр, цыма кæимæдæр сусæг ныхас кодта, уыйау. Уыцы уысм æй ауыдта Бетъыры фырт æмæ йæ ныффæртт ласта – мыдыбындз кæрдæгмæ æрхауд, йæ къæхты сæрмæ цы бур чъиригæндтæ уыд, уыдон дæр ын, мæгуыр, уыцы цæфæй æрызгъæлдысты.

– Цæмæн æй ныццавтай? – бафарстон Бетъыры фырты, – уæдтама уыцы бындз йæ хæдзармæ кувинагæн æртæ чъирийы хаста?..

УАРДЗÆН

Дадо рацыд æмæ, хур зæхмæ куыд æдзынæг каст, уымæ гæсгæ загъта:

– Уардзæн.

– Цæмæй йæ базыдтай, Дадо, хур куы кæсы? – бафарстон æй æз.

– Бонæн йæ цæстыхаутæ хуылыдз сты...

ФАРСТ

Хуры тын мын иубон ме уæхскыл баныдзæвыд æмæ мæ афтæ фæрсы:

– Ам ма дæ?

УЫРЫЙЫ ХЪУЫДЫ

Адæм се 'взæрты калдтой куыдзæппарæн былæй. Ацы хатт дæр æвзæргæнæг æмæ адæмы цардхалæг Куыдзийæн ахæм тæрхон рахастой. Адæмæн нæ, фæлæ йе 'фсымæртæн бафæдзæхстой, цæмæй йæ сæхæдæг схæссой куыдзæппарæн былмæ æмæ йæ аппарой, тудджын сын куыд ничи уа, афтæ. Лæппутæ се 'фсымæры къæхтæ æмæ къухтæ бастæй нызззыввытт кодтой дурджын комы бынмæ, раст цыма æмбыд къæсса бырæттæм æппæрстой, уый хуызæн. Куыдзи тæхгæ-тæхын халоны хъыллист ныккодта æмæ йæ тъæпп фæцыд худинаджы æнусон зыртыл – адæм сæ уырдыгæй исгæ дæр нæ кодтой ныгæнынмæ – алыхуызон сырдтæн æмæ кæлмытæн уыдысты хæринаг.

Дыууæ нард уырыйы рацыдысты сæ цæрæн бынатæй, басмыстой Куыдзийы мардмæ, стæй сæ иу афтæ зæгъы:

– Ацы лæджы ардæм чи раппæрста, уыцы адæм кæнæ фырæгъдауджын сты, кæнæ сæ сæры зонд фæцыд.

– Мæнмæ хъус, уæдæ, – загъта хистæр уыры, – ацы лæджы фыд хæрынмæ нæ бæззы, уыйбæрц маргæй нæ гуыбынтæ фæрисдзысты.

ÆГЪДАУ

– Абон хур раздæр аныгуылд.

– Зымæгмæ цæуы хъуыддаг.

– Исты æрæмбырд кодтат?

– Хуыцауы фæрцы цыдæртæ, æххормаг нæ уыдзыстæм.

– Æххормаг диссаг нæу, хор æмæ донæй дæр фæцæрæн ис, æгъдау раттыны фаг дæр нæм куыд уа...

– Æгъдау раттыны фаг дæр нæм ис. Алцы гуыбыны хардзæй баргæ нæу!

– Уæллæй, раст зæгъыс.

Уый ныхас кодтой хуымæтæджы мæкъуылы мыстытæ.

МЫДЫБЫНДЗ

Уыгæрдæны мыдыбындзыты къускмæ куыд фæцæйæвнæлдтон, мыд дзы сисон ахæрынæн, зæгъгæ, афтæ бындзытæн сæ лæгдæр рагæпп кодта фæдисы æмæ мын мæ къух ныццавта:

– Амæйфæстæмæ йæ зондзынæ, læджы фырт, адджын хæринаг æнæ мастæй ссарæн кæй нæй, уый.

ТЫХДЖЫНДÆР

Бадтысты фондз зæронд læджы æмæ кæстæрæн амыдтой, куыд цæрын хъæуы, уый. Уалынмæ хæдзармæ бахызт Хуыцау. Лæгтæ сыстадысты æмæ йын салам радтой. Хуыцау сын бузныг загъта æмæ сын ацамыдта, цæмæй сбадой. Лæгтæ сбадтысты. Læппу læугæйæ баззад. Хуыцау та йын загъта, цæмæй læппу сбада. Кæстæр та læууы. Уæд æм зæронд лæгтæ фетхæлдтой: «Хуыцау дæм йæхæдæг дзуры, цæуылнæ сбадыс?».

Уæд сын Хуыцау афтæ зæгъы: «Сымах ын цы æгъдау бацамыдтат, уый мæ ныхасæй тыхджындæр у».

Горæты исты къуым саразон, зæгъгæ, хохæй, мæ фыдыуæзæгæй, иу чысыл дур раластон æмæ йæ мæ ног хæдзары бындуры сæвæрдтон, зæгъын мæм мæ фыдæлты уæзæджы фарн хæццæ кæна. Иу æхсæв мæ фыны уыцы дур йæ цæстытæ доны разылдта æмæ мын кæуынхъæлæсæй афтæ зæгъы: «Нæхимæ мæ фæнды».

ДОНГУР

Дард кæмдæрты бирæ рæстæг фæрахау-бахау кодтон, стæй мæ фыдыуæзæгмæ æрцыдтæн, æмæ мæ фыдæлты донисæн Сурæдонæн, нымдгæнгæ, афтæ зæгъын: «Дæ донæй ма мын аваæр».

Æмæ мын дон афтæ зæгъы: «Æмæ мæ нырмæ кургæ куы никуы кодтай, дæ нывонд фæуон. Æви мæм бирæ рæстæг кæй нал фæзындтæ, уымæ гæсгæ афтæ 'нхъæлыс, æмæ дыл мæ зæрдæ сивтон?».

КÆСТÆРЫ РÆДЫД

Æвзонг læппу уыдтæн, афтæ иухатт Хъабаны уыгæрдæнмæ хосдзаутæн хæринаг ахастон. Лæгтæй мæ иу фæрсы:

– Дон нæ рахастай?

Æз ме уæхсчытæ базмæлын кодтон, ферох мæ, зæгъгæ...

– Æ, дæ рарвитæг... – схъуыр-хъуыр кодта лæг.

– Ма йæ 'фхæр, – загъта хосдзауты хистæр Басыл,– дойны цы у, уый нæма зоны...

КЪÆЙДУР

Мæскуымæ ахуырмæ куы цыдтæн, уæд мын мæ мад абазийы йас чысыл тымбыл къæйдур радта æмæ мын афтæ зæгъы:

– Мæ царды ныв, мæнæ ацы къæйдур ахæсс демæ æмæ, кæм цæрай, уым-иу æй дæ базы бын сæвæр, æмæ алы æхсæв дæр дæ фыны нæхимæ уыдзынæ.

Мæ мады фæдзæхст сæххæст кодтон, фæлæ иунæг хатт дæр мæ фынты нæхимæ никуы уыдтæн, æрмæст-иу ацы дур куы ауыдтон, уæд-иу нæ хæдзар æмæ мæ мады худгæ цæсгом мæ цæстыты раз февзæрдысты...

УАЗАЛ ГОРÆТ

Гыццыл læппутæ ма уыдыстæм, афтæ мæ мæ фыд горæтмæ дохтыртæм сласта нæ сыхæгты læппу Албегимæ – нæ хъуыртæ рыстысты. Иубон рынчындоны кæрты нæхи хурмæ тавтам, æмæ мын Албег афтæ зæгъы:

– Горæтæн йæ хур дæр цы уазал у, нæхимæ хур бирæ хъармдæр вæйиы.

СÆРЫЗÆДЫ ДЗУАР

Зæронд хъæуы фæстаг цæрæг Хъантемыр йæ дзаумæттæ æмбырд кодта æмæ сæ машинæйы амадта.

– Кæдæм цæуыс? – бафарстон æй æз.

– Ацы хъæуы ничиуал ис,– загъта лæг,– æз дæр мæхи искуыдæм айсон, адæм кæм цæрынц, иу ахæм ранмæ.

Мæ зæрдæ фæрыст уыцы ныхæстæй.

Хъантемыр куы ацыд, уæд æз сфæнд кодтон уыцы афтид хæдзары бахсæвиуат кæнын. Æмбисæхсæв уыдаид, афтæ иу рæсугъд сылгоймаг фæзынд хæдзары. Сæрызæды хæцъил къонайы сæрæй райста æмæ загъта: «Цомут, ам махæн ницыуал ис». Кæмæ дзырдта, стæй кæдæм ацыдысты, уый абон дæр нæ зонын.

ЦАРДЫ КÆРОН

Хъуылайы стонуæтты фондз æмæ дыууиссæдз лæгæй хос карстам. Дæргъæй-дæргъмæ фахсыл дыккаг уис æрдæгмæ куы 'рхæццæ кодтам, уæд хъæуæй схæццæ Гæбыла æмæ, йæ ехс галиу къухмæ райсгæйæ, загъта, хосдзауты хистæр Беппайæн йæ бинойнаг кæй фæзиан, æмæ йæ хъæуы хистæртæ хабар махæн фехъусын кæнынмæ кæй рарвыстой.

Беппа хабар куы базыдта, уæд йæ цæвæг аппæрста æмæ уæззаугай кæрдæгыл æрбадт. Тауби йæм бацыд æмæ йын афтæ зæгъы: «Рухсаг уæд де 'фсин, Беппа».

«Рухсаг уæд мæ цард...» – йæ былты змæлдæй базыдтон, Беппа цы загъта, уый.

СЫЧЪИ

Уæллаг тигъыл дуры фарсмæ бадтæн æмæ æдзынæг кастæн комы бынмæ. Ахæм ныв никуы федтон: далæ кæмдæр, бынæй, Æрæфы дон æвзист лентау хуры рухсмæ тæмæнтæ калдта, цæстытæ йе 'рттывдмæ нæ лæууыдысты. Куыд рæсугъд уыд, æвæдза...

Цыдæр пыррыкк мæ хъустыл ауад, æмæ бæрзы къутæрмæ фæкастæн. Мæнæй ссæдз метры дæлдæр къуыппыл лæууыд сычъи æмæ ныджджих комы бынмæ. Йæ рæсугъд гуыр змæлгæ дæр нал кодта.

Комы гæрах азæлыд, æмæ сычъи йæ мидбынаты æрхауд. Бетъыры фырт топпæргъæвдæй мæ цурты læф-læфгæнгæ æрсæррæтт кодта æмæ сычъийы цур алæууыд. Йæ тугæй йын йе 'нгуылдз ацахуырста æмæ йæ йæ былыл сдардта.

– Ис та дзы!

Æз сабыргай йæ цурмæ æрхызтæн, мæ хурхыуадындзтæ фыр мæстæй адымстысты, афтæмæй йæ бафарстон:

– Уый цы бакуыстай?

– Куыд цы? Æфсатийы лæвар! Фыццаг æмбæлæджы хай – дæуæн! – цингæнгæ сдзырдта Бетъыры фырт æмæ кусартгæнæн кард фелвæста.

– Уый цы бакуыстай? – адæргæй та бафарстон æз. Æргуыбыр кодтон мард сырдмæ. Сычъийы цæст уыд гом. Зындис дзы Æрæфы тæмæнкалгæ дон æвзист лентау.

УАРЗОНДЗИНАД

Сусхъæдджыны æрдузы-иу алы аз дæр тынг рæсугъд хъоппæг дидинæг æрзад, скъамо дæр ма йæ хонынц. Ацы аз дæр та йæ хъал зæнгыл фараст бурдзалыг сыгъзæрин дидинæджы хуры фараст чызджы хуызæн цæхæртæ калдтой. Æз уарзтон уыцы æрдузы хъæлæрдзыйы къутæры фарсмæ абадын, йæ сатæг хæрздæф мын мæ уды тæгтæ æхсызгон хъыдзы кодта. Æмæ мын иухатт хъæлæрдзыйы къутæр зæрдæхъæлдзæгæй афтæ зæгъы:

– Мæ læппуйы абон фæлваргæ кодтон. Зæгъын, уæртæ уыцы бурдзалыг чызджытæй иуы ракурæм, куыд рæсугъд у, уый нæ уыныс? Æмæ мын мæ læппу афтæ: «Нæ, уæртæ дыууæ къæйдуры æхсæн цы хъæлæрдзыйы къутæр æрзад, уый чызджытæ бирæ рæсугъддæр сты».

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

● 4 октябры Цхинвалы Джусойты Нафийы номыл литературон премийы лауреаттыл кадджын уаваэры сæмбæлдысты сæ хæрзиуджытæ. Æртæ премийы дæр æрхаудысты поэзийы хайадмæ. Премийы лауреаттæ систы Дыгъуызты Тенгиз (чиныг «Æвзист суадон»), Годжыцаты Нелли (чиныг «Сæрибар») æмæ Баситы Зæлинæ (чиныг «Сæнайы хох»). Премитæ лæвæрд цæуынц хæрзаудæн фонд «Амонд»-ы фарн æмæ бæркадæй.

● 13 октябры Алагиры Зæнджиаты Бæбуйы номыл бæстæзонæн музейы уыд поэт æмæ публицист Соттиты Риммæйы чиныг «Уæсиат»-ы презентаци. Чиныг фыст у рухстауæг, зындгонд æхсæнадон архайæг, тæлмацгæнæг Зæнджиаты Бæбуйы цард æмæ сфæлдыстадыл.

● 15 октябры дунейы цæрæг ирæттæ æмæ æндæр адæмыхæттыты минæвæрттæ сбæрæг кодтой Хетæгкаты Къостайы райгуырды 160 азы юбилей. Нармæ æрцыд дæс мин адæймагæй фылдæр. Уыдис дзы концерттæ, ирон чингуыты æмæ алы хиконд дзаумæтты равдыстытæ, республикæйы районтæ саив кодтой цы сæрмагонд бынæттæ лæвæрд сын уыд, уыдон. Сарæзтой дзы хъæзтытæ. Бæхты республикон театр «Нартæ» та равдыста спектакль «Бæрæгбон хæхбæсты».

● 24 октябры поэт, газет «Рæстдзинад»-ы хистæр уацхæссæг Гасанты Валерийæн саккаг кодтой Хъамбердиаты Мысосты номыл паддзахадон литературон преми йе 'мдзæвгæты æмбырдгонд «Мæ уды зарæг»-ы тыххæй. Хæрзиуæг ын кадджын уаваэры радта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав.

● 28 октябры Мæскуыйы паддзахадон академион Стыр театры ног сценæйыл сбæрæг кодтой Хетæгкаты Къостайы райгуырды 160 азы. Ам Ирон театры артисттæ равдыстой спектакль «Фатимæ»-йæ скъуыддзаг. Бакастысты поэты æмдзæвгæтæ, азарыдысты романстæ æмæ оперæ «Къоста»-йæ иу хай. Станиславскийы æмæ Немирович-Данченкойы номыл симфонион оркестртæ ацагътой дунеон классикты уацмыстæ. Концерты архайдтой Кафты паддзахадон академион ансамбль «Алан» æмæ Адæмон кæфтыты ансамбль «Чысыл джигит».

Бæрæгбоны ма архайдтой Уæрæсейы фысджыты цæгатирыстойнаг хайады уæнгтæ дæр. Уыдон Къостайы сфæлдыстадон бынты тыххæй æрныхас кодтой Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнгтимæ. Мадзалы фæлгæты цы чингуыты равдыст бацæттæ кодтой, уым сæйраг бынат бацахста Къостайы райгуырды 160 азы бонмæ «Мах дуг» цы сæрмагонд номыр бацæттæ кодта, уый дæр.

● 29 октябры РЦИ-Аланийы Литературон музейы уыд зындгонд фыссæг Харебаты Леониды номарæн изæр.

● 19 ноябры РЦИ-Аланийы национ библиотекæйы уыд фыссæг Къибирты Амырханы сфæлдыстадон изæр.

Журналы сæрмагонд хай «Мах дуг»-ы равдыст»-ы
мыхуыргонд цæуынц Фæрниаты Къонстантины æмæ
Цæгат Ирыстоны информацион сайт «ОсНова»-йы ист къамтæ.

* * *

Шеф-редактор М.Б. БУТАЕВА
Корректор А.К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка М.Т. БАГАЕВ
Специалист по информационным ресурсам А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ авторгæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО—Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор — 25-09-64;
отдел поэзии, корректор — 25-09-74; бухгалтерия, компьют. — 25-22-47.

Подписано к печати 20.11.2019 г. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. №1.
Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 8,43. Тираж 1000 экз.
Заказ №738. Цена свободная. Выход из печати 26 ноября 2019 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.